

ANKRE NAN LAFWA



YON LIV REFERANS
SOU LEVANJIL LA

ANKRE NAN LAFWA

YON LIV REFERANS
SOU LEVANJIL LA

Pibliye pa
Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo
Salt Lake City, Utah

Kouvèti: *Limyè ak verite*, pa Simon Dewey
© pa Simon Dewey

© 2004 pa Intellectual Reserve, Inc.
Tout dwa rezève
Enprime nan Etazini Damerik

Apwobasyon pou anglè: 7/04
Apwobasyon pou tradiksyon: 7/04
Tradiksyon *True to the Faith*
Haitian Creole

MESAJ PREMYE PREZIDANS LAN

Liv sa a prepare pou l vin yon konpayon pou ou nan etid ekriti yo ak nan ansèyman pwofèt dènye jou yo. Nou ankouraje ou pou w itilize l kòm referans pandan w ap etidye epi aplike prensip levanjil yo. Itilize li kòm yon resous lè w ap prepare diskou, lè w ap anseye nan klas, ak lè w ap reponn kesyon sou legliz la.

Pandan w ap aprann verite levanjil yo, w ap ogmante konpreyansyon ou sou plan etènèl Papa nou ki nan Syèl la. Avèk konpreyansyon sa a kòm yon fondasyon nan lavi ou, w ap kapab fè chwa ki bon, viv ann amoni avèk volonte Bondye, epi jwenn lajwa pandan w ap viv. Temwayaj ou va grandi vin pi solid. W ap rete ankre nan lafwa.

Nou espesyalman panse avèk jèn yo, jèn adilt sèl yo, ak nouvo konvèti yo. Nou pwomèt ou ke atravè priyè pèsonèl regilye ak etid ekriti yo ak doktrin levanjil yo regilyèman w ap vin prepare pou w reziste anba move enfliyans ki ta ka twonpe w yo oubyen pote nuizans pou ou yo.

Nou swete pou liv sa a fòtifye ou nan efò ou pou w pwoche pi pre Sovè a epi suiv egzanp li a.

Premye Prezidans lan

SIJÈ LEVANJIL

YO PREZANTE NAN LÒD ALFABETIK

Abi (oswa Move tretman)

Abi se move tretman anvè lòt moun oubyen anvè tèt ou ki lakòz blese oubyen ofans. Li blese lespri epi li souvan blese kò a tou. Li ka lakòz konfizyon, dout, pèt konfyans, ak laperèz. Li se yon vyolasyon lwa sosyete yo epi li ann opozisyon total avèk ansèyman Sovè a yo. Senyè a kondane konpòtman abizif sou nenpòt ki fòm—fizik, seksyèl, vèbal, oubyen emosyonèl. Fè abi ka mennen yon moun nan konsèy disiplinè legliz la.

Konsèy pou moun ki fè abi

Si ou te fè kèlkeswa moun nan abi, ou dwe repanti pou peche sa a. Sipliye Senyè a pou l padone ou. Mande l padon pou moun ou te blese yo. Pale avèk evèk ou oswa Prezidan branch ou pou l ka ede ou atravè pwosesis repantans lan epi, si sa nesè, ede ou resevwa konsèy adisyonèl oubyen lòt asistans.

Si kòlè te alorijin abi ou fè a, aprann metrizè tanperaman ou. Priye Senyè a epi mande li pou l ede ou. Avèk yon pèspektiv etènèl, w ap ka wè ke kòlè w la prèske toujou vini an repons ak bagay ki pa reyèlman twò enpòtan.

Si ou koupab abi seksyèl, chèche disipline lespri ou. Sonje ke panse ou gen yon enpak puisan sou lavi ou—"paske yon moun sanble avèk panse ki andedan li" (Pwovèb 23:7). Rete lwen pònografi ak tout lòt bagay ki ka sòlve dezi seksyèl imoral. Priye pou w jwenn kapasite pou "kite vèti gani panse ou san rete" (D&A 121:45).

Èd pou moun ki viktim anba abi

Si ou se yon viktim abi, chèche èd imedyatman. Pale avèk dirijan Prètriz ou, nòmalmann evèk ou oswa Prezidan Branch ou men pafwa yon manm Prezidans Pye a oubyen Prezidans Distri a. Li ka ede ou konnen sa pou w fè.

Adiltè (Gade Chastete)

Konnen ke yo pa pral blame ou pou konpòtman blesan lòt moun. Ou pa dwe santi ou koupab. Si ou viktim vyòl oswa lòt abi seksyèl, keseswa ou te sibi abi nan men yon moun ou konnen, yon etranje, oubyen menm yon manm fanmi ou, ou pa koupab peche seksyèl. Konnen ke ou inosan epi ke Papa nou ki nan Syèl la renmen ou.

Priye pou w jwenn lapè sa a ki soti nan Jezikri ak Ekspyasyon l lan sèlman an (gade Jan 14:27; 16:33). Sovè a te fè eksperyans tout doulè w ak afliksyon w yo, menm sa ki koze pa lòt moun, epi li konnen kijan pou l ede ou (gade Alma 7:11–12). Olye ou chèche revanj, konsantre w sou bagay ou ka kontwole yo, tankou pwòp vizyon pa ou nan lavi a. Priye pou w jwenn fòs pou w padone moun ki blese w yo.

Kontinye chèche èd nan men dirijan Prètriz ou pou li ka gide ou atravè pwosesis gerizon emosyonèl sa a. Gras avèk benediksyon levanjil yo, ou ka kanpe seri abi yo epi libere ou anba soufrans ou te andire yo.

Referans adisyonèl: Matye 18:1–6; D&A 121:34–46

Gade Padon; Repantans tou

Adiltè (Gade Chastete)

Administrasyon legliz la

Jezikri kanpe nan tèt legliz la. Misyon Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo se ede tout moun vin jwenn Li (gade Mowoni 10:32). Pou ranpli misyon sa a, Legliz la òganize selon modèl ki revele pa Senyè a “pou pèfeksyonman Sen yo, . . . jiskaskè nou tout rive nan inite lafwa, ak konesans Pitit Gason Bondye a” (Efezyen 4:12–13; gade vèsè 11 tou). Sa nou pral bay la yo rezime òganizasyon legliz la.

Fwaye ak Fanmi

Fanmi an se inite fondamantal nan Legliz la, epi fwaye a se kote ki pi enpòtan pou aprann levanjil la. Pa gen okenn lòt

òganizasyon ki ka pran plas fanmi an. Menm pandan Legliz la kontinye ap grandi, objektif li se ap toujou soutni epi fòtifye fanmi ak chak endividi nan efò yo pou viv levanjil la.

Administrasyon jeneral

Senyè a gide pèp alyans li a jodi a atravè Prezidan Legliz la, ke nou soutni kòm pwofèt, vwayan, epi revelatè. Prezidan Legliz la prezide sou tout legliz la. Li menm ak konseye l yo, ki se pwofèt, vwayan, epi revelatè tou, fòme Kolèj Premye Prezidans lan.

Manm Kolèj Douz Apot yo se pwofèt, vwayan, epi revelatè tou. Yo menm, ansanm avèk Premye Prezidans lan, yo se "temwen espesyal non Kris la nan tout mond lan" (D&A 107:23). Yo aji sou direksyon Premye Prezidans lan "pou edifye legliz la, epi pou regle tout zafè nan tout nasyon" (D&A 107:33). Yo "louvri pòt pwoklamasyon levanjil Jezikri a bay [tout nasyon]" (D&A 107:35).

Manm Kolèj Swasanndis yo aple pou yo pwoklame levanjil la epi edifye legliz la. Yo travay sou direksyon Douz Apot yo. Manm Premye ak Dezyèm Kolèj Swasanndis yo rele Otorite Jeneral, epi yo gen dwa aple yo pou sèvi nenpòt kote nan mond lan.

Episkopa Prezidan an se prezidans Prèttriz Aawon an nan tout legliz la. Evèk Prezidan an ansanm avèk konseye l yo sèvi sou direksyon Premye Prezidans lan pou jere zafè tanporèl legliz la.

Òganizasyon Jènan, Sosyete Sekou, Jènfi, Primè, ak Lekòldidimanch yo tout gen prezidans nan nivo jeneral pou yo founi enstriksyon ak direksyon.

Administrasyon Zòn (entèrejyonal)

Yon zòn se pi gran divizyon jeyografik legliz la. Sou direksyon Premye Prezidans lan ak Kolèj Douz Apot yo, yon Prezidans Zòn prezide sou chak zòn. Prezidan Zòn yo ak

konseye yo resevwa tach nan men Kolèj Douz Apot yo ak Kolèj Swasanndis yo.

Gen kèk frè ki òdone nan ofis Swasanndis men ki pa sèvi kòm Otorite Jeneral. Yo rele Swasanndis Otorite Zòn, epi yo fè pati lòt Kolèj ki pa Premye ni Dezyèm Kolèj Swasanndis yo, selon kote yo lokalize jeyografikman. Jiridiksyon yo limite nan zòn jeneral kote y ap viv la. Gen kèk Swasanndis Otorite Zòn ki sèvi nan Prezidans Zòn yo

Administrasyon lokal

Pawas ak Branch. Manm legliz yo òganize an kongregasyon ki rankontre ansanm souvan pou edifikasyon espiyityèl ak sosyal. Gwo kongregasyon yo rele Pawas. Chak pawas prezide pa yon Evèk, ki asiste pa de konseye.

Kongregasyon pi piti yo rele branch. Chak branch prezide pa yon Prezidan Branch, ki asiste pa de konseye. Yon branch ka òganize lè omwen de fanmi ki manm ap viv nan yon zòn epi yonn nan manm yo se yon detantè Prètriz Mèlkisedèk ki diy oubyen yon Prèt ki diy nan Prètriz Aawon an. Yon Prezidans Pye, Misyon, oubyen Distri òganize epi sipèviz branch lan. Yon branch ka devlope vin tounen yon pawas si li sitiye andedan yon pye.

Chak pawas oswa branch kouvri yon zòn jeyografik patikilye. Gen diferant òganizasyon nan pawas oswa branch la ki kontribye nan travay Senyè a: gwoup Gran Prèt yo; Kowòm Ansyen yo; Sosyete Sekou, pou fi apati 18 tan; Kolèj Prètriz Aawon yo, pou Jènan nan laj 12 zan rive 17 tan; pwogram Jènfi a, pou Jènfi nan laj 12 rive 17 tan; Primè, pou timoun apati 18 mwa rive 11 zan; epi Lekòldidimanch, pou tout manm legliz apati 12 zan. Chak òganizasyon sa yo ranpli wòl enpòtan nan anseye levanjil la, yo rann sèvis, epi yo bay paran yo sipò nan wòl sakre yo pou ede pitit yo vin konvèti nan levanjil Jezikri a. Òganizasyon sa yo travay ansanm tou pou ede manm yo pataje levanjil la avèk lòt moun.

Pye, Misyon, ak Distri. Pifò zòn jeyografik kote legliz la òganize divize an pye. Tèm *Pye* a soti nan pwofèt Ezayi, ki te pwofetize ke Legliz dènye jou a apral tankou yon tant, ki byen an sekirite pa pye (pikèt) yo (gade Ezayi 33:20; 54:2). Abityèlman gen 5 rive 12 pawas ak branch nan yon pye. Chak pye prezide pa yon Prezidan Pye, ki asiste pa de konseye. Prezidan Pye yo bay rapò epi yo resevwa direksyon nan men Prezidans Zòn yo a.

Yon misyon se yon inite legliz la ki nòmalmman kouvri yon zòn ki pi laj pase sa ki kouvri pa yon pye. Chak misyon prezide pa yon Prezidan Misyon, ki asiste pa de konseye. Prezidan Misyon yo rann kont dirèkteman bay Otorite Jeneral yo.

Menmjan yon branch se yon ti vèsyon piti yon pawas, yon distri se yon ti vèsyon piti yon pye. Yon distri òganize lè gen ase kantite branch ki loje nan yon zòn, sa ki pèmèt komunikasyon fasil ak vwayaje alèz ale nan reyinyon distri yo. Yo apale Prezidan Distri pou prezide sou yon distri, avèk èd de konseye. Prezidan Distri a bay Prezidans Misyon an rapò. Yon distri ka devlope vin tounen yon pye.

Pwogram pou manm selibatè yo. Anpil manm legliz la pa janm marye oubyen genyen ki divòse oubyen gen mari yo mouri. Manm sa yo divize an de gwoup: Jèn adilt sèl (laj 18 rive 30 tan) ak Adilt sèl (apati 31 nan).

Pa gen yon pwogram jeneral nan legliz la pou jèn adilt sèl yo ak adilt sèl yo. Men, lè gen ase manm selibatè k ap viv nan yon zòn, yo ankouraje dirijan lokal Prètriz yo pou yo apale reprezantan manm selibatè, ki travay sou direksyon yo. Reprezantan manm selibatè yo planifye aktivite tankou dans, pwojè sèvis, ak kwendfe. Aktivite sa yo bay manm selibatè yo opòtinite pou yo rankontre epi pou yonn fòtifye lòt. Yo ankouraje manm selibatè yo pou yo rankontre regilyèman avèk dirijan Prètriz yo tou pou yo pale sou bezwen yo ak okazyon yo jwenn pou pwogrese esprityèlman epi pou rann sèvis.

Referans adisyonèl: D&A 107

Gade Prètriz; Sosyete Sekou tou

Adopsyon

Se dwa timoun yo pou yo elve pa paran ki onore ve maryaj yo epi ki ap bayo lanmou ak soutyen. Adopsyon ka vin yon gwo benediksyon pou anpil timoun ki fèt san opòtinite sa a.

Lè yon timoun fèt andeyò lyen maryaj, pi bon solisyon an se pou manman ak papa timoun nan marye epi travay pou yo bati yon relasyon famiyal etènèl. Si l pa pwobab pou yo reyisi maryaj la, yo dwe plase timoun nan pou adopsyon, de preferans atravè Sèvis Sosyal Legliz la. Plase timoun nan pou adopsyon atravè sèvis sosyal legliz yo ede paran ki pa marye yo fè sa ki pi bon pou timoun nan. Sa pèmèt timoun nan sele avèk yon manman ak yon papa nan tanp, epi sa ap bay tout moun ki konsène yo pi bon chans pou jwenn benediksyon levanjil yo nan lavi yo. Adopsyon se yon desizyon eman, plen jenewozite ki beni paran ki fè pitit la, ak fanmi ki adopte l la.

Si ou marye epi ou menm avèk konjwen ou nou vle adopte yon timoun, asire ou ke ou konnen tout kondisyon legal peyi ak administrasyon gouvènman ki konsène yo. Pran konsèy nan men dirijan Prètriz yo, epi, si posib, nan men anplwaye nan Sèvis Sosyal Legliz yo. Si pa gen sèvis sosyal legliz yo nan zòn kote ou abite a, travay avèk dirijan Prètriz yo pou w jwenn biwo ki otorize, ki gen pèmi, ki ka pwoteje ni timoun yo ni paran adoptif yo.

Adorasyon

Adore Bondye se bali amou, reverans, sèvis ak devosyon ou. Senyè a te kòmande Moyiz: “Adore Bondye, paske se li sèl pou ou sèvi” (Moyiz 1:15). Nan dispansasyon sa a, li kòmande: “Se pou ou renmen Senyè a Bondye ou avèk tout kè ou, avèk tout nanm ou, avèk tout lespri ou, avèk tout fòs ou; epi w ap sèvi li nan non Jezikri” (D&A 59:5). Si ou mete nenpòt moun oubyen nenpòt bagay anlè amou ou pou Bondye, w ap pratike fo adorasyon, oubyen idolatri (gade Egzòd 20:3–6).

Lapriyè se yonn nan fason ou ka adore Papa a. Alma te anseye pitit gason li Elaman: “Kriye nan pye Bondye pou tout sa

ou bezwen; wi, fè tout sa w ap fè nan Lesenyè, epi nenpòt sa ou ap fè, fè l nan Lesenyè; wi, dirije panse ou nan Lesenyè, mete afeksyon kè ou nan Lesenyè pou tout tan” (Alma 37:36).

Ou dwe ale nan reyinyon legliz yo avèk yon espri adorasyon. Senyè a kòmande nou: “Pou nou ka prezève nou pi konplètman anba salte mond lan, nou prale nan kay priyè m nan epi na ofri sakreman nou nan jou sen m nan; paske an verite, jou sa a se jou ki rezève pou nou repoze nou nan tout travay nou, epi pou nou prezante devosyon nou bay Moun ki pi Wo a” (D&A 59:9–10).

Patisipasyon nan òdonans Prètriz yo se yon pati adorasyon nou tou. Lè nou pran Sentsèn nan avèk reverans epi lè nou ale nan tanp, nou sonje Papa nou ki nan Syèl la epi nou adore li epi nou ekspri gratitud nou pou Pitit Gason li a, Jezikri.

Anplis montre ekspresyon eksteryè adorasyon, nou dwe gen yon espri adorasyon tou kèlkeswa kote nou ale epi nan kèlkeswa sa n ap fè. Alma te anseye prensip sa a bay gwoup moun yo te chase nan lye adorasyon yo a. Li te ede yo wè ke vrè adorasyon an pa limite a yon jou nan semèn nan (gade Alma 32:11). Pandan l t ap pale avèk menm gwoup moun sa a, konpayon Alma, Amilèk, te ankouraje yo pou yo te “adore Bondye nan nenpòt kote ou ye, nan lespri epi an verite” (Alma 34:38).

Referans adisyonèl: Som 95:6–7; Mozya 18:25; Alma 33:2–11; D&A 20:17–19, 29; Atik Lafwa 1:11

Gade tou Jèn ak Ofrann Jèn; Bondye Papa a; Amou; Lapriyè; Saba

Advèsite

Kòm pati plan redanmsyon Papa nou ki nan Syèl la, nou rankontre advèsite pandan mòtalite a. Eprèv, desepsyon, tristès, maladi, ak chagren se yon pati difisil lavi a, men yo ka mennen nan kwasans espartyèl, pèfeksyonman, ak pwogrè espartyèl si nou tounen nou vè Senyè a.

Advèsite soti nan plizyè sous diferan. Ou gen dwa pafwa ap travèse eprèv ki se konsekans ògèy ou ak dezobeyisans ou. Eprèv sa yo ka evite si ou mennen yon lavi dwat. Gen lòt

eprèv ki se senpleman yon pati natirèl lavi a epi yo vini pafwa menmlè w ap viv nan ladwati. Pa egzanzp, ou gen dwa gen eprèv moman maladi oubyen ensètitud oubyen lanmò moun ou renmen. Advèsite ka pafwa vini akòz move chwa ak pawòl blesan ak aksyon blesan lòt moun.

Afwonte advèsite avèk lafwa

Siksè ou ak bonè ou, ni kounyeya ni nan letènite, depann grandman sou atitud ou devan difikilte lavi yo.

Gen yon resi nan Liv Mòmou an ki ilistre plizè kalite fason pou afwonte advèsite. Pwofèt Leyi ak fanmi li t ap vwayaje nan dezè a pandan plizyè jou, yo t ap itilize flèch yo ak fistibal yo pou yo te chase pou yo te ka manje. Fanmi an te rankontre difikilte lè pitit gason Leyi yo te pèdi flèch yo. Elastik flèch Laman ak Lemyèl yo te lache, epi flèch pa Nefi a te kase. Laman ak Lemyèl ki te grangou epi fatige te kòmanse ap plenyen kont Senyè a. Menm Leyi te kòmanse plenyen. Nefi, li menm te refize dekouraje. Li te al travay. Li rakonte: “Epi se te konsa, mwen menm, Nefi, m te fè yon flèch avèk bwa epi m te fè yon pik pwenti avèk yon bwa dwat; konsa, m te ame m avèk yon flèch, avèk yon fistibal avèk wòch. Epi m te di papa m: Ki kote m dwe ale pou m jwenn manje?” Leyi, ki te vin wont pa pawòl Nefi yo, te mande Senyè a ki kote yo dwe ale pou yo jwenn manje. Senyè a te reponn priyè li epi li te mennen Nefi yon kote pou l te ka jwenn manje. (Gade 1 Nefi 16:15–31).

Gen kèk moun, lè yo ap travèse advèsite, ki tankou Laman ak Lemyèl. Yo plenyen epi yo vin egri. Yo poze kesyon tankou “Poukisa se mwen menm sa rive? Poukisa mwen oblije soufri sa kounyeya? Kisa m te fè pou m merite sa?” Men kesyon sa yo gen pouvwa pou domine panse yo. Kalite kesyon sa yo ka limite vizyon yo, bwè tout enèji yo, epi anpeche yo fè eksperyans Senyè a vle yo fè yo. Olye pou w reyaji nan fason sa a, se pou ou suiv egzanzp Nefi a. Poze tèt ou kesyon tankou, “Kisa pou m fè? Kisa pou m aprann apati eksperyans sa a?

Kisa pou m chanje? Kimoun m ta ka ede? Kijan m kapab sonje pil benediksyon m yo nan moman eprèw yo?"

Diferant kalite advèsite yo mande diferant kalite reyaksyon. Pa egzanp, si w ap lite anba maladi, ou dwe senpleman bezwen pasyan epi fidèl. Si w ap soufri akòz pawòl oubyen zak lòt moun, ou dwe travay pou w padone moun ki ofanse w yo. Si ou viktim abi, ou dwe chèche èd imedyatman. Si eprèw vini akòz dezobeyisans ou, ou dwe korije konpòtman ou epi enbleman chèche jwenn padon.

Menmsi kèk nan reyaksyon devan advèsite ka varye, gen yon reyaksyon ki dwe toujou konstan—konfyans ou nan Papa nou ki nan Syèl la ak nan Jezikri. Pwofèt Alma te anseye, "Nenpòt moun ki mete konfyans nan Bondye, y ap jwenn sipò nan traka yo, ak pwoblèm yo, ak afliksyon yo, epi yo pral monte anlè nan dènne jou a. (Alma 36:3).

Gen konfyans nan Papa nou ki nan Syèl la ak nan Jezikri

Lè ou gen konfyans nan Papa a ak Pitit Gason an, w ap gen konfyans ke yo renmen ou pafètman—ke yo vle ou gen kè kontan epi y ap ede ou pwogrese esprityèlman. W ap respekte kòmandman yo. W ap chèche konnen volonte yo, epi w ap fè sa yo mande ou menmlè ou anvi yon lòt bagay. Priyè ou pou soulajman yo akonpaye pa konpreyansyon ke Papa nou ki nan Syèl la pap rezoud tout bagay yo imedyatman—ke li ka fè w tann pou ou ka kontinye aprann epi pwogrese. Atravè sa ou jwenn rekonfò nan asirans ke Sovè a pafètman konprann eprèw ou yo. Nan Ekspyasyon enfini li an, li te pran "lapenn ak maladi pèp li a" sou tèt li. Li te pran "enfimite yo sou tèt pa li, pou zantray li kapab chaje avèk mizèrikòd daprè kò fizik la, pou l kapab konnen daprè kò fizik la kouman pou l pote pèp li a sekou daprè enfimite yo" (Alma 7:11–12). Paske li te fè eksperyans lapenn ou, li konnen kijan pou l ede ou. Si w ap chèche li nan lafwa, l ap ba w fòs pou w kanpe devan nenpòt eprèw w ap rankontre.

Pandan w ap eseye fè Senyè a konfyans nan moman eprèw yo, sonje konsèy sa a li te bay atravè Pwofèt Joseph Smith la:

“Rekonpans moun ki fidèl nan tribilasyon yo pi gran nan wayòm syèl la.

“Pou kounyeya, ou pa kapab wè desen Bondye w la konsènan bagay k ap vini apre yo, ak glwa ki pral suiv tout tribilasyon yo avèk je natirèl ou.

“Paske se apre anpil tribilasyon benediksyon yo vini” (D&A 58:2–4).

Jwenn lapè ak lajwa pandan advèsite

Ou ka jwenn lapè ak lajwa menmlè w ap lite anba pwoblèm ak tristès. Liv Mòmmon an gen yon istwa konsènan yon pèp fidèl ki te aprann verite sa a. Yo t ap soufri nan esklavaj anba yon dirijan mechan, yo te ouvè kè yo bay Bondye (gade Mozya 24:8–12). Senyè a te reponn:

“Leve tèt ou, epi gen rekonfò paske m konnen ki alyans ou te fè avèk mwen; m pral fè alyans avèk pèp mwen an, epi m pral delivre l anba esklavaj.

“Epi, m pral fè chay ki sou zepòl ou yo vin lejè pou ou pa menm kapab santi yo sou do ou, menmlè ou nan esklavaj; epi m pral fè sa, pou ou kapab sèvi m temwen apre sa, epi pou ou kapab konnen tout bon, mwen menm, Lesenyè Bondye, mwen vizite pèp mwen nan aflikasyon yo.” (Mozya 24:13–14).

Pèp la te reyaji avèk lafwa, epi “chay ki te sou [yo] yo te vin lejè; wi, Senyè a te fòtifye yo pou yo kapab pote chay yo alèz, epi yo te aksepte avèk kè kontan ak pasyans, tout sa Senyè a te vle.

Menmjan avèk pèp fidèl sa a, ou ka “soumèt ou avèk kouraj epi avèk pasyans anba tout volonte Senyè a” konesan ke L ap fòtifye ou nan eprèv ou yo. Li pwomèt, “Tout bagay ou sibi yo ap vin travay ansanm pou byen ou, epi pou glwa non mwen” (D& A 98:3).

Referans adisyonèl: Ebre 4:15–16; 2 Nefi 2:11–24; Mozya 23:21–22; D&A 105:6; 121:7–9; 122

Gade Padon; Esperans; Lapè; Plan Sali a; Repantans tou

Alkòl (Gade Pawòl Sajès la)

Alyans

Yon alyans se yon akò sakre ant Bondye avèk yon moun ou-byen yon gwoup moun. Bondye fikse kondisyon presi, epi li pwomèt l ap beni nou si nou obeyi kondisyon sa yo. Lè nou chwazi pa respekte alyans yo, nou pa ka resevwa benediksyon sa yo, epi pafwa, nou sibi yon pinisyon kòm konsekans dezobeyisans nou.

Tout òdonans sali Prètriz yo akonpaye pa alyans. Pa egzanzp, ou fè yon alyans lè ou batize, epi ou renouvle alyans sa a chak fwa ou pran Sentsèn (gade Mozya 18:8–10; D&A 20:37, 77, 79). Si ou resevwa Prètriz Mèlkisedèk la, ou antre nan sèman ak alyans Prètriz yo (gade D&A 84:33–44). Dotasyon tanp lan ak òdonans sèlman an enkli nan alyans sakre yo tou.

Toujou sonje epi onore alyans yo ou fè avèk Senyè a. Lè sa a ou pap bezwen yo kòmande ou nan tout bagay pou w fè (gade D&A 58:26–28). W ap enspire pa Sentespri a, epi konduit kretyen ou ap vin fè pati nati ou. Jan Senyè a pwomèt, w ap “resevwa revelasyon sou revelasyon, konesans sou konesans, pou ou ka konnen mistè yo ak bagay pezib yo—sa ki pote lajwa, sa ki pote lavi etènèl (gade D&A 42:61). Pi gran espwa ou se pou jwi sanktifikasyon ki vini soti nan gidans divin sa a; pi gran krent ou ta dwe pèdi benediksyon sa yo.

Referans adisyonèl: Jeremi 31:31–34; Mozya 5; Mowoni 10:33; D&A 82:10; 97:8; 98:13–15

Gade Alyans Abraramik; Batèm, Maryaj; Òdonan; Prètriz; Sentsèn; Tanp

Alyans Abraamik

Abraam te resevwa levanjil la epi li te òdone gran prèt (gade D&A 84:14; Abraam 1:2). Nan apre li te antre nan maryaj selès, ki se alyans egzaltasyon an (gade D&A 131:1–4; 132:19, 29). An koneksyon avèk alyans li te fè yo, li te resevwa gwo

Amou (lanmou)

pwomès nan men Senyè a konsènan fanmi li. Pami pwomès sa yo gen bagay sa yo:

- Desandan li ap an kantite (gade Jenèz 17:5–6; Abraam 2:9; 3:14).
- Desandans li ap resevwa levanjil la epi y ap detni Prètriz la (gade Abraam 2:9).
- Atravè ministè desandans li, “tout fanmi sou latè ap beni, avèk benediksyon levanjil yo, ki se benediksyon sali, menm lavi etènèl” (Abraam 2:11).

Ansanm, tout alyans ak pwomès Abraam te resevwa yo nan men Senyè a rele Alyans Abraamik. Se yon alyans etènèl ki etann sou tout desandan Abraam (gade Jenèz 17:7). Pou yon moun konte pami desandans Abraam, li dwe obeyi lwa yo ak òdonans yo nan levanjil la. Lè sa a moun sa a ka resevwa tout benediksyon alyans Abraamik la, menmsi li pa yon desandan dirèk Abraam (gade Galat 3:26–29; 4:1–7; D&A 84:33–40).

Antanke manm Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, ou se yon pitit alyans lan (gade 3 Nefi 20:25–26). Ou resevwa levanjil etènèl la epi ou eritye menm pwomès yo te fè Abraam, Izaak, ak Jakòb yo. Ou gen dwa avèk benediksyon Prètriz yo ak lavi etènèl, selon fidelite ou nan resevwa òdonans sali yo ak nan kenbe alyans ki asosye avèk yo yo. Nasyon latè yo ap beni gras avèk efò ou ak travay posterite ou.

Gade Alyans; Lavi Etènèl; Òdonans; Benediksyon Patriyakal; Prètriz tou

Amou (lanmou)

Amou se yon santiman devouman, preyokipasyon, ak afeksyon pwofon. Amou pou Bondye ak pou pwochen se yon karakteristik disp Jezikri (gade Matye 22:35–40; Jan 13:34–35; 2 Nefi 31:20). Nou manifeste amou nou pou Papa nou ki nan syèl la nan respekte kòmandman l yo epi sèvi pitit li yo. Ekspresyon lanmou pou lòt moun ka gen ladan

bon pou yo, koute yo, kriye avèk yo, rekonfòte yo, sèvi yo, priye pou yo, pataje levanjil la avèk yo, epi vin zanmi yo.

Lanmou nou pou moun ki bò kote nou ogmante lè nou sonje ke nou tout se pitit Bondye—ke nou se frè ak sè lespri. Lanmou ki soti nan reyalize sa gen pouvwa pou travèse tout fwontyè nasyonalite, relijyon, ak koulè.

Referans adisyonèl: Levitik 19:18, 34; Detewonòm 6:5; Lik 6:31–36; Jan 15:9–15; 1 Jan 4:7–21, ladan nòt anba 12a; Mozya 4:14–15; D&A 4:5; 12:8; 112:11; 121:41–45

Gade Charite, Mizèrikòd; Obeyisans, Sèvis tou

Anseye levanjil la

Senyè a te deklare: “M ap ba nou kòmandman pou yonn anseye lòt doktrin wayòm nan. Anseye avèk dilijans epi gras mwen ap akonpaye nou, pou nou ka enstwi pi pafètman nan teyori, nan prensip, nan doktrin, nan lwa levanjil la, nan tout bagay ki an rapò avèk wayòm Bondye a, ki nesèsè pou nou konprann” (D&A 88:77–78).

Avèk kòmandman sa a, Senyè a banou yon responsablite sakre. Li dirije nou tou nan opòtinite nou pa ka konte pou nou rann sèvis. Pa gen anpil eksperyans ki ka konpare avèk lajwa ki genyen nan ede lòt moun aprann epi viv levanjil la.

Kòmandman sa a pou anseye a aplike pou ou, menmsi ou pa gen apèl ofisyèl kòm enstriktè kounyeya. Ou gen opòtinite pou w anseye antanke yon manm fanmi ou, antanke enstriktè oubyen enstriktis nan fwaye, epi menm avèk kamarad ou, vwazen ou, oubyen yon zanmi. Pafwa ou anseye atravè pawòl ou te prepare pou w di. Pafwa ou gen dwa pwofite kèk brèf okazyon ki pa planifye pou ou ka pataje verite levanjil yo. Pi souvan ou anseye pa legzanp.

Anseye jan Sovè a te anseye

Nan efò ou pou anseye levanjil la, konsidere Jezikri kòm yon egzanp. Etidye resi ministè mòtèl li yo, epi chèche ladan

Anseye levanjil la

yo fason pou w anseye jan l te anseye. Li te montre amou ak sousi sensè pou moun li t ap sèvi yo. Li te fòtifye chak moun endividyèlman, li te anseye prensip levanjil yo nan yon fason ki te ede yo nan bezwen patikilye yo. Li te reveye yon dezi pou konprann epi viv levanjil la lakay kèk nan yo. Pafwa li te poze kesyon ki t ap ede yo aplike sa yo te aprann nan. Li te anseye verite pou Sali nan levanjil la, pandan l te ede moun ki t ap koute l yo konprann sa yo te bezwen konnen, fè, epi mete annòd pou yo te ka resevwa don lavi etènèl la.

Si nou suiv egzanp Sovè a, ansèyman nou ap nourri epi elve lòt moun, bati lafwa yo, api bayo konfyans pou yo fè fas avèk pwoblèm lavi yo. Sa ap ankouraje yo abandone peche epi obeyi kòmandman yo. Sa ap ede yo vin jwenn Kris epi demere nan amou li.

Anseye pa Lespri

Senyè a te di: “W ap resevwa Lespri a pa lapriyè lafwa; epi si ou pa resevwa li ou pa dwe anseye” (D&A 42:14). Lespri a, oubyen Sentespri a, se yon manm Divinite a. Yonn nan bi Lespri a se “manifeste verite . . . tout bagay” (Mowoni 10:4–5). Se sèlman pa enfliyans Lespri a ke ansèyman levanjil la ka edifyan epi enspiran.

Privilèj ou antanke yon enstriktè levanjil se pou ou yon enstriman pou pèmèt Sentespri a ka anseye, temwaye, rekonfòte, epi enpire. Jan Nefi te anseye: “Lè yon moun pale avèk pouvwa Sentespri a, pouvwa Sentespri a pote pawòl la nan kè pitit lèzòm” (2 Nefi 33:1).

Si ou prepare ou espiyèlman, Sentespri a ap ede ou konnen sa pou w fè ak sa pou w di nan ansèyman ou. Ou ka prepare tèt ou nan priye souvan, etidye ekriti yo, viv levanjil la, epi rete enb.

Metòd ansèyman

Ansèyman ou ap pi efikas si ou itilize yon varyete metòd ki apwopriye. Pa egzanp, ou gen dwa pataje istwa ak egzanp

pou kenbe atansyon moun yo epi pou montre yo kijan prensip levanjil yo aplike nan lavi chak jou. Ou gen dwa itilize imaj ak objè pou ogmante konpreyansyon moun w ap anseye yo sou resi ekriti yo ak prensip levanjil yo. Atravè mizik, ou menm ak moun w ap anseye yo ka envite enfliyans Sentespri a epi eksprime santiman ki ka difisil pou eksprime lòt fason. Ou ka poze kesyon ki ankouraje aprantisaj ak diskisyon pwofon epi ki mennen nan pataje eksperyans pèsonèl ki apwopriye. Avèk aktivite senp, ou ka ede moun w ap anseye yo konsantre atansyon yo.

Lè w ap anvizaje itilize yon metòd ansèyman espesifik, poze tèt ou kesyon sa yo: Èske metòd sa a envite enfliyans Lespri a? Èske l mache avèk karaktè sakre prensip m ap anseye yo? Èske l ap edifye epi fòtifye moun m ap anseye yo?

Sonje ke antanke yon enstriktè levanjil, ou reprezante Senyè a. Asire ou ke tout sa w ap fè ak di gen reverans epi konfòm ak volonte li.

Pou sigjesyon adisyonèl sou anseye levanjil la, ou ka jwenn referans nan *Ansèyman, Pa gen pi gwo apèl pase sa* (36123); *Teaching Guidebook* (34595); ak “Gospel Teaching and Leadership,” seksyon 16 nan *Church Handbook of Instructions, Book 2: Priesthood and Auxiliary Leaders* (35903).

Referans adisyonèl: Moza 18:19; Alma 1:26; 17:2–3; 31:5; D&A 11:21

Ansèyman nan fwaye (*Gade Prètriz*)

Ansyen (*Gade Prètriz Mèlkisedèk; Prètriz*)

Antrèd

Chak manm legliz la gen de responsablite prensipal konsènan antrèd: vin otonòm epi pran swen pòv yo ak moun ki nan nesite yo.

Paran yo gen yon responsablite sakre pou yo veye sou byennèt espirityèl ak fizik timoun yo. Amezi timoun yo ap grandi, y ap vin plis an plis responsab pwòp byennèt pa yo.

Antrèd

Paran yo dwe anseye yo prensip antrèd debaz yo, ede yo prepare yo pou yo vin otonòm epi pran swen fanmi pa yo nan demen. Paran ka bay timoun yo opòtinite tou pou yo ede pran swen pòv yo ak moun ki nan bezwen yo.

Si ou se yon manm adilt legliz la, tout konsèy ki pral bay yo adrese dirèkteman a ou menm. Si ou se yon Jènan oswa yon Jènfi, anpil nan konsèy sa yo aplike pou ou tou, menmsi ou depann toujou sou paran ou.

Vin otonòm

Responsablite pou byennèt sosyal, emosyonèl, espirityèl, fizik, ak ekonomik yon moun repoze premyeman sou moun sa a, dezyèmman sou fanmi li, epi twazyèmman sou legliz la. Sou enspirasyon Senyè a epi atravè pwòp travay ou, ou dwe reponn ak bezwen tanporèl ak espirityèl tèt pa ou ansanm avèk pa fanmi ou.

Ou pi byen kapab pran swen tèt ou ak swen fanmi ou lè ou otonòm. Ou prepare pou travèse moman advèsite yo san ou pa depann sou lòt moun.

Ou ka vin otonòm lè ou (1) pwofite okazyon pou w enstwi tèt ou; (2) mete prensip nitrisyon ak ijyèn ekilibre an pratik; (3) prepare pou w jwenn yon travay konvab epi jwenn ni; (4) fè rezèv manje ak rad nan mezi la lwa pèmèt ou; (5) jere sa w genyen avèk sajès, ladan dim ak ofrann jèn epi evite dèt; epi (6) devlope fòs espirityèl, emosyonèl, ak sosyal ou.

Pou ou ka vin otonòm, ou dwe dispoze pou w travay. Senyè a kòmande ou pou w travay (gade Jenèz 3:19; D&A 42:42). Travay onorab se yon sous prensipal bonè, diyite, ak pwosperite.

Si ou konn pafwa enkapab pou reponn ak bezwen esansyèl yo pa pwòp efò pa ou oubyen pa soutyen manm fanmi ou, legliz la gen dwa kapab ede ou. Nan sitiasyon sa yo, legliz la souvan bay bagay ki endispansab pou ede ou menm ak fanmi ou vin otonòm ankò yo.

Pran swen pòv yo ak moun ki nan bezwen yo

Senyè a toujou mande pèp li pou l pran swen pòv yo ak moun ki nan bezwen yo. Li di: “Ou dwe vizite pòv yo ak moun ki nan bezwen yo epi pote soulajman bayo” (D&A 44:6). Li di tou: “Nan tout bagay, sonje pòv yo ak moun ki nan bezwen yo, malad yo, aflije yo, paske moun ki pa fè bagay sa yo, yo pa disip mwen” (D&A 52:40).

Ou ka pran swen pòv yo ak moun ki nan bezwen yo nan plizyè fason. Yonn nan fason ki pi enpòtan se atravè jèn ak bay ofrann jèn, ke evèk la oswa prezidan branch lan itilize pou ede manm yo nan pawas la oubyen branch lan ki nan pòvrete, ki malad, oubyen ki gen lòt difikilte yo. Ou gen dwa bay tan ou epi pataje talan ou tou. Ou ka rann moun ki san kay yo, andikape yo, vèv yo, ak lòt moun bò kote ou ak nan kominote w yo sèvis tou.

Anplis pran swen moun ki nan bezwen yo lokalman epi endividiyèlman, legliz la pote èd nan tout mond lan bay moun k ap souffri anba konsekans katastwòf natirèl, pòvrete, maladi, ak lòt kriz, san konsidere lafwa yo. Legliz la bay sou-tyen esansyèl pou ede fanmi ak endividi pran yon nouvo depa epi travay pou vin otonòm. Don yo bay Fon Edikasyon Pèpetyèl legliz la yo founi mwayen pou Sen Dènye Jou ki defavorize yo kontinye etid yo. Misyonè sèvis legliz yo bay tan yo ak mwayen yo volontèman pou pwojè alfabetizasyon, pou sante, ak fòmasyon.

Referans adisyonèl: Jak 1:27; Jakòb 2:17–19; D&A 42:31; 104:15–18

Gade tou Jèn ak Ofrann Jèn; Sèvis

Apot (*Gade* Administrasyon legliz; Pwofèt)

Apostazi

Lè moun oubyen gwoup moun vire do bay prensip levanjil yo, yo nan yon eta apostazi.

Epòk apostazi jeneral te rive pandan tout istwa mond lan. Apre epòk fidelite, moun yo te souvan vire ale nan mechanste. Yon egzanp se Gran Apostazi a, ki te rive apre Sovè a te fin tabli legliz li a. Apre lanmò Sovè a ak Apot li yo, lèzòm te kowonp prensip levanjil yo epi yo te fè chanjman ki pa t otorize nan òganizasyon legliz la ak nan òdonans Prètriz yo. Akòz mechanste ki t ap etann sa a, Senyè a te retire otorite Prètriz la sou tè a.

Pandan Gran Apostazi a, moun te san direksyon divin nan men pwofèt vivan. Anpil legliz te fòme, men yo pa t gen pouvwa Prètriz la pou dirije moun yo nan vrè konesans Bondye Papa a ak Jezikri. Anpil pati nan ekriti sent yo te kowonp oswa pèdi, epi okenn moun pa t gen otorite pou konfere don Sentespri a ni pou akonpli lòt òdonans Prètriz yo. Apostazi sa a te dire jiskaske Papa nou ki nan Syèl la ak Pitit Gason Byenneme I la te parèt devan Joseph Smith nan ane 1820 epi yo te kòmanse retablisman plenitud levanjil la.

N ap viv kounyeya nan yon epòk kote levanjil Jezikri a retabli. Men okontrè legliz nan tan lontan an, Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo pap sikonbe anpa apostazi jeneral. Ekriti yo anseye ke legliz la pap janm detwi ankò (gade D&A 138:44; gade Danyèl 2:44 tou).

Menmsi pap gen lòt apostazi jeneral pou ale lwen laverite, nou chak dwe evite tonbe nan apostazi pèsònèl. Ou ka pwoteje tèt ou kont apostazi pèsònèl lè ou kenbe alyans ou yo, obeyi kòmandman yo, suiv dirijan legliz yo, pran Sentsèn, epi toujou fòtifye temwayaj ou atravè etid ekriti chak jou, lapriyè, ak sèvis.

Referans adisyonèl: Ezayi 24:5; Amòs 8:11–12; Matye 24:4–14; Travay 20:28–30; 2 Timote 3:1–5, 14–15; 4:3–4; 1 Nefi 13:24–29; Mòmmon 1:13–14; D&A 1:15–17; Joseph Smith—Histoire 1:17–19

Gade Administrasyon legliz la; Prètriz; Retablisman levanjil la tou

Atik Lafwa

Atik lafwa yo souliyen trèz pwen kwayans debaz manm Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo. Pwofèt Joseph Smith te ekri yo pou premye fwa nan yon lèt li te voye bay John Wentworth, yon redaktè yon jounal, ki te bezwen konnen nan kisa manm legliz yo kwè. Apresa yo te pibliye nan jounal legliz yo. Kounyeya yo konsidere kòm ekriti epi yo ekri yo nan Pèl Gran Pri a.

Avòtman

Nan sosyete jodi a, avòtman vin yon pratik ki nòmal, ke yo defann pa agiman ki twonpè. Si ou gen kesyon sou sijè sa a, ou ka san enkyetid si ou suiv volonte revele Senyè a. Pwofèt Dènnye Jou yo denonse avòtman, kote yo fè referans avèk deklarasyon Senyè a, “Pa . . . touye moun, ni fè okenn bagay tankou sa” (D&A 59:6). Konsèy yo klè sou sijè a: Manm Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo pa dwe soumèt anba avòtman, ni fè, ni ankouraje, ni aranje, ni peye pou avòtman. Si ou ankouraje yon avòtman nan kèlkeswa fason an, ou ka tonbe anba aksyon disiplinè legliz la.

Dirijan legliz yo di ke gen kèk sikonstans eksepsyonèl ki ka jistifye yon avòtman, tankou lè ansent lan se rezilta ensès oubyen vyòl, lè lavi oubyen lè sante manman an evalye pa otorite medikal ki konpetan ki jije li nan danje serye, oubyen lè otorite medikal konpetan jije ke tibebe a prezante gwo malfòmasyon ki pap pèmèt li viv apre nesans li. Men, menmlè sa a, sikonstans sa yo pa otomatikman jistifye yon avòtman. Moun ki ap fè fas avèk sikonstans sa yo dwe konsidere avòtman sèlman apre yo fin konsilte dirijan lokal legliz yo epi yo resevwa yon konfimasyon atravè lapriyè fèvan.

Lè yon timoun fèt andeyò lyen maryaj, pi bon solisyon an se ta pou manman ak papa timoun nan marye epi travay pou yo etabli yon relasyon familyal etènèl. Si l pwobab pou reyisi maryaj la, yo dwe plase timoun nan pou adopsyon, de

preferans atravè LDS Family Services (Sèvis Sosyal Legliz la) (gade “Adopsyon”, paj 7–8).

Batèm

Liv Mòmmon an pale sou yon gwoup moun ki te aprann levanjil la epi ki te batize nan yon kote yo te rele Mòmmon. Apati moman batèm yo a, yo te konsidere Mòmmon kòm yon bèl kote paske pandan yo te la, yo te “vini nan konesans Redanmtè yo a” (Mozya 18:30) Fòtifye pa temwayaj yo ak alyans batèm yo, yo te rete fidèl anvè Senyè a, menm nan moman gwo eprè (gade Mozya 23–24).

Menmjan avèk moun nan resi Liv Mòmmon an, ou ka rejwi lè w ap sonje alyans batèm ou ak pwomès Senyè a fè w yo. Ou ka jwenn fòs nan òdonans batèm nan, keseswa ou fèk batize obyen ou te batize sa gen anpil tan.

Antre nan chemen lavi etènèl la

Batèm se premye òdonans sali levanjil la (gade Atik Lafwa 1:4). Atravè batèm ak konfimasyon akonpli pa otorite Prètriz la, ou te vin yon manm Legliz Jezikri pou Sen Dènèy Jou yo.

Lè w te batize, ou te montre volonte ou pou w suiv egzanp Sovè a. Li menm tou li te batize, malgre li te san peche. Jan li te eksplike Jan Batis, li te bezwen batize pou l te ka “akonpli tout jistis” (gade Matye 3:13–17).

Tout moun k ap chèche lavi etènèl dwe swiv egzanp Sovè a pou vin batize epi resevwa don Sentespri a. Pwofèt Nefi te di ke Sovè a te montre nou “pòt pou [nou] antre a. Paske pòt pou [nou] antre a se repantans ak batèm nan dlo; epi lè sa a [nou] pral gen remisyon pou peche [nou] yo nan dife ak nan Sentespri a. Epi lè sa a, [nou] nan chemen etwat epi kwense a ki Mennen nan lavi etènèl la” (2 Nefi 31:17–18) N ap resevwa lavi etènèl si nou pèsevere jiskalafen, respekte alyans nou yo epi resevwa lòt òdonans pou sali yo.

Batèm nan fason Senyè a

Sovè a te revele vrè modèl batèm nan bay Pwofèt Joseph Smith, kote li te rann klè ke òdonans lan dwe akonpli pa yon moun ki gen otorite Prèttriz la epi li dwe fèt pa imèsyon:

“Moun ki ap le pa Bondye a epi ki detni otorite Jezikri a pou batize, ap desann nan dlo a avèk moun ki prezante devan li pou batèm nan, epi l ap di, pandan l ap rele li pa non li: Avèk otorite m resevwa nan men Jezikri, mwen batize ou, nan non Papa a, nan non Pitit la, ak Sentespri a, Amèn.

“Epi apre sa l ap plonje li nan dlo a, epi l ap soti nan dlo a” (D&A 20:73–74).

Imèsyon (plonje nan dlo a) se senbòl lanmò lavi peche moun nan ak renesans li nan yon lavi esprityèl, ki konsakre nan sèvis Bondye ak pitit li yo. Se senbòl lanmò ak rezirèksyon tou (gade Women 6:3–6.)

Timoun piti yo avèk batèm

Apati revelasyon dènye jou yo, nou aprann ke timoun piti yo rachte atravè mizèrikòd Jezikri. Senyè a di, “Yo pa ka peche, paske Satan pa gen pouvwa pou l tante timoun piti yo, jiskaske yo atenn laj responsablite devan mwen” (gade D&A 29:46–47). Yo pa dwe batize anvan yo atenn laj responsablite, ke Senyè a te revele ki se laj yuit ane (gade D&A 68:27; Joseph Smith Traduction, Genèse 17:11). Yon moun ki deklare ke timoun piti yo bezwen batize, li “nye mizèrikòd Kris la, epi moun sa a pa bay Ekspyasyon li a ni pouvwa redanmsyon l la okenn valè” (Mowoni 8:20; gade vèsè 8–19, 21–24 tou).

Alyans batèm ou

Lè ou te batize, ou te antre nan yon alyans avèk Bondye. Ou te pwomèt pou w pran non Jezikri sou tèt ou, respekte kòmandman l yo, epi sèvi li jiskalafen (gade Mozya 18:8–10; D&A 20:37). Ou renouvle alyans sa a chak fwa ou pran Sentsèn nan (gade D&A 20:77, 79).

Pran non Jezikri sou tèt ou. Lè ou pran non Jezikri sou tèt ou, ou konsidere ou apatni a li menm. Ou mete li menm ak travay li an premye nan lavi ou. Ou chèche sa li vle olye sa ou vle oubyen sa mond lan anseye w pou w vle.

Nan Liv Mòmmon an, Wa Benjamen eksplike poukisa li enpòtan pou pran non Jezikri sou tèt nou:

“Pa gen okenn lòt non k ap pote Sali; se poutèt sa, m ta vle pou ou ta pran non Kris la sou tèt ou, tout ou menm nan ki te fè alyans avèk Bondye pou ou kapab obeyisan jis nan finisman lavi ou.

“Epi, se pral konsa, nenpòt moun ki fè sa pral gen plas bò kote dwat Bondye, paske li pral konnen non moun k ap rele li a; paske yo pral rele l nan non Kris la.

“Epi, kounyeya, se pral konsa, nenpòt moun ki pa pran non Kris la sou tèt li, yo dwe rele l nan yon lòt non; se poutèt sa, li pral gen plas li bò kote goch Bondye (Mozya 5:8–10).

Respekte kòmandman yo. Alyans batèm ou se yon angajman pou w antre nan wayòm Bondye a, pou w separe w ou soti nan mond lan epi kanpe kòm temwen Bondye “tout tan, nan tout bagay, epi tout kote” (Mozya 18:9). Efò ou pou w kanpe kòm yon temwen Bondye gen ladan tout bagay w ap fè epi di. Toujou eseye sonje epi respekte kòmandman Senyè yo. Kenbe panse ou, langaj ou, ak aksyon ou pi. Lè w ap chèche divètisman tankou sinema, televizyon, Entènèt, mizik, liv, rev, ak journal, se pou ou veye pou w gade, koute, epi li sèlman bagay ki edifyan. Abiye avèk pidè. Chwazi zanmi k ap ankouraje ou atenn objektif etènèl ou. Rete lwen imoralite, pònografi, jwèt aza, sigarèt, alkòl, ak dwòg. Kenbe tèt ou diy pou antre nan tanp.

Sèvi Senyè a. Kòmandman pou w separe tèt ou avèk bagay mond lan yo pa vle di pou ou izole tèt ou soti kot lòt moun. Yon pati alyans batèm nan se sèvi Senyè a, epi ou sèvi li pi byen lè w ap sèvi frè w yo. Lè pwofèt Alma te anseye sou alyans batèm nan, li te di ke nou dwe “yonn pote chay lòt, pou yo kapab vin lejè” epi “vle kriye avèk moun k ap kriye yo

. . . epi konfòte moun ki bezwen rekonfò” (Mozya 18:8–9). Se pou ou bon epi gen respè pou tout moun, suiv egzanp Jezikri nan fason w ap trete lòt moun.

Benediksyon yo pwomèt nan batèm yo

Pandan w ap respekte alyans ou te fè nan batèm nan, Senyè a ap beni ou pou fidelite ou. Nan pami benediksyon ou resevwa yo gen konpayi konstan Sentespri a, remisyon pou peche ou, ak privilèj pou w fèt ankò espirituelman.

Konpayi konstan Sentespri a. Apre ou fin batize, yonn ou-byen plizyè detantè Prètriz Mèlkisedèk otorize poze men sou tèt ou epi yo ba ou don Sentespri a. Don sa a ba ou dwa pou w gen konpayi Sentespri a tout tan osi lontan ou diy. Konpayi konstan Lespri a se yonn nan pi gwo benediksyon ou ka resevwa nan mòtalite a. Lespri ap gide ou nan chemen fidelite ak lapè, ap mennen ou nan lavi etènèl.

Remisyon pou peche. Paske ou batize, ou ka resevwa yon remisyon pou peche w yo. Sa vle di, ou ka jwenn padon gras avèk mizèrikòd Sovè a. Avèk benediksyon sa a, ou kapab finalman viv nan prezans Papa nou ki nan Syèl la.

Pou resevwa yon remisyon pou peche w yo, ou dwe egzèsè lafwa nan Jezikri, ou dwe repanti sensèman, epi efòse ou pou w toujou respekte kòmandman yo. Pwofèt Mòmou te anseye, “Epi, premye fwi repantans la se batèm; epi batèm nan vini atravè lafwa pou akonplisman kòmandman yo; epi akonplisman kòmandman yo pote remisyon pou peche yo” (Mowoni 8:25). Ou “konsève remisyon pou peche ou “lè w kontinye imilye tèt ou devan Bondye, rele non li chak jou nan lapriyè, kanpe fèm nan lafwa, epi sèvi moun ki nan bezwen (gade Mozya 4:11–12, 26).

Fèt ankò. Atravè òdonans batèm ak konfimasyon yo, ou fèt ankò nan yon nouvo lavi. Sovè a te di Nikodèm, “Si yon moun pa fèt nan dlo ak nan Lespri, li pa ka antre nan wayòm Bondye a” (Jan 3:5). Menmjan yon timoun antre nan yon

nouvo egzistans nan nesans li, ou te kòmanse yon nouvo lavi lè ou te antre nan alyans batèm nan. Ou ka grandi nan espirityalite epi vin pi plis sanble avèk Sovè a nan kenbe alyans batèm ou, pran Sentsèn pou renouvle alyans ou, epi repanti pou peche w yo. Apot Pòl te anseye ke lè nou batize, nou “dwe mache nan yon nouvote lavi” (Women 6:4).

Pèsevere jiskalafen

Kounyeya ke ou batize epi ou resevwa don Sentespri a, ou dwe kontinye nan fidelite, paske òdonans sa yo se sèlman kòmansman vwayaj pou ou retounen al viv avèk Papa nou ki nan Syèl la. Pwofèt Nefi te anseye:

“Lè ou fin antre nan chemen etwat epi kwense sa a, m vle mande èske tout bagay fini? Reyèlman, m di ou, non; paske ou pa t ap ka rive jis la si se pat pou pawòl Kris la, avèk fwa fèm ou gen nan li, si ou pa depann antyèman sou merit li menm ki gen pouvwa pou l sove a.

Se poutèt sa, ou dwe mache ann avan avèk fèmte nan Kris la, avèk yon esperans pafètman klè, epi avèk yon amou pou Bondye ak pou tout moun. Se poutèt sa, si ou kenbe fèm, ou fete nan pawòl Kris la, epi ou pèsevere jiska lafen, reyèlman Papa a di: Ou ap gen lavi etènèl.” (2 Nefi 31:19–20).

Referans adisyonèl: Travay 2:37–38; 2 Nefi 31:4–13; Alma 7:14–16; 3 Nefi 11:18–41; 27:13–22; D&A 39:5–6, 10; 76:50–53

Gade Lafwa; Sentespri a; Obeyisans; Prèttriz; Repantans; Sentsèn tou.

Benediksiyon Patriyakal

Manm ki diy yo nan legliz la resevwa benediksyon patriyakal nan men patriyach ki òdone. Benediksiyon patriyakal ou deklare linye ou nan kay Izrayèl la epi li gen konsèy pèsònèl Senyè a ba ou.

Si ou li benediksyon patriyakal ou byen li epi ou swiv konsèy ki ladan l yo, l ap ba ou gidans, rekonfò, ak pwoteksyon.

Pou konnen kijan pou w resevwa yon benediksyon patriyakal, pale avèk evèk ou oswa prezidan branch ou.

Deklarasyon linje

Benediksiyon patriyakal ou gen ladan yon deklarasyon linje ou, ki deklare ke ou soti nan kay Izrayèl la—desandan Abraam, apatni ak yon tribi presi nan Jakòb. Anpil Sen Dènye Jou soti nan tribi Efrayim, tribi ke yo te bay responsablite prensipal pou dirije travay Senyè a nan dènye jou yo.

Paske nou chak gen plizyè liy jeneyalojik melanje nan nou, sa ka rive ke de moun nan menm fanmi apatni a de tribi Izrayèl diferan.

Sa pa fè anyen si linje ou nan kay Izrayèl la se dirèk oubyen pa adopsyon. Antanke manm legliz la, ou konte kòm desandan Abraam epi ou eritye tout pwomès ak benediksyon ki nan alyans Abraamik la (gade “Alyans Abraamik”, paj 00)

Aprann nan benediksyon patriyakal ou

Yon fwa ou fin resevwa benediksyon patriyakal ou, ou dwe li l enbleman, avèk èd lapriyè epi souvan. Se yon revelasyon pèsonel ou resevwa nan men Papa nou ki nan Syèl la, ki konnen pwen fò ou, feblès ou, ak potansyèl etènèl ou. Atravè benediksyon patriyakal ou, l ap ede ou konnen sa li atann nan men ou. Benediksiyon w la ka gen pwomès, egzòtasyon, ak avètisman. Amezi tan ap pase, w ap vin rekonèt puisans revelasyon li genyen.

Si ou suiv konsèy ki nan benediksyon w lan, w ap mwens gen tandans tonbe oubyen pèdi. Si ou pa suiv konsèy li, ou pap kapab resevwa benediksyon yo pwomèt yo.

Pandan ke benediksyon patriyakal ou gen konsèy ak pwomès enspire, ou pa dwe atann ke l ap reponn tout kesyon ou ni ba ou detay sou tout sa ki pral rive nan lavi ou. Si l pa mansyone yon evènman enpòtan tankou yon misyon apentan oswa maryaj, ou pa dwe al panse ke ou pap jwenn opòtinite sa a.

Menmjan tou, ou pa dwe asime ke tout sa ki mansyone nan benediksyon patriyakal ou pral akonpli nan lavi sa a. Yon benediksyon patriyakal se yon bagay ki etènèl, epi pwomès li yo ka etann rive jis nan etènite yo. Se pou ou sèten ke si ou diy, tout pwomès yo ap akonpli nan moman Senyè a vle a. Sa ki pa akonpli nan lavi sa a pral akonpli nan lavi apre a.

Benediksyon patriyakal ou sakre epi pèsònèl. Ou gen dwa pataje li avèk manm pwòch nan fanmi ou, men ou pa dwe li li fò an piblik ni kite lòt moun li li oswa entèprete li. Pa menm patriyach ou oubyen evèk ou pa dwe entèprete li.

Cheri pawòl presye ki nan benediksyon patriyakal ou yo nan kè ou. Medite sou yo, epi viv yon fason pou w diy pou resevwa benediksyon yo pwomèt ou yo nan lavi sa a ak nan lavi apre a.

Bib (Gade Ekriti)

Bondye Papa a

Bondye Papa a se Èt Siprèm nan ki nou kwè epi ke nou adore. Li se Kreyatè, Gouvènè, epi Konsèvatè tout bagay. Li pafè, li gen tout pouvwa, epi li konnen tout bagay. Li “gen yon kò lachè ak zo osi reyèl ke pa lòm” (D&A 130:22).

Papa nou ki nan Syèl la se yon Bondye jijman ak fòs ak konesans ak pouvwa, men li se yon Bondye ki gen mizèrikòd, ak charite, ak bonte pafè tou. Menmsi nou “pa konnen siyifikasyon tout bagay”, nou ka jwenn lapè nan konesans asire ke Li renmen nou (Gade 1 Nefi 11:17).

Papa Lespri nou

Yonn nan pi gwo kesyon lavi a se, “Kiyès mwen ye?” Gen yon chan Primè nou renmen anpil ki ede timoun piti yo reponn kesyon sa a. Nou chante, “M se pitit Bondye, li voye m sou tè a”. Konesans ke nou se pitit Bondye a banou fòs, rekonfò, ak espwa.

Nou se literalman yon pitit Bondye, ki esprityèlman anjan-dre nan lavi premòtèl la. Antanke pitit li, nou ka sèten ke nou gen potansyèl diven, etènèl epi ke l ap ede nou nan efò sensè nou pou nou atenn potansyèl nou.

Kreyatè siprèm nan

Papa nou ki nan Syèl la se Kreyatè Siprèm nan. Atravè Jezikri, li te kreye syèl la ak tè a ak tout bagay ki ladan yo (gade Moyiz 2:1) Alma te di, "Tout bagay demontre egzistans yon Bondye; wi, menm latè a ak tout sa ki sou sifas li; wi, ak mouvman li, wi, epi tou ak tout planèt k ap fè mouvman regilye nan jan pa yo, yo temwaye gen yon Kreyatè Siprèm" (Alma 30:44).

Tanzantan, medite sou bote kreyasyon yo: pyebwa yo, flè yo, bèt yo, mòn yo, vag lanmè yo, yon ti bebe ki fèk fèt. Pran tan pou kontanple syèl la, kote mouvman zetwal yo ak planèt yo se prèv sou "Bondye k ap bouje nan majeste li ak puisans li" (gade D&A 88:41–47).

Kreyatè Plan Sali a

Papa nou ki nan Syèl la vle nou abite avèk li etènèlman. Zèv li ak glwa li se "reyalize imòtalite ak lavi etènèl lèzòm" (Moyiz 1:39). Pou l te rann sa posib, li te prepare plan Sali a. Li te voye Pitit Gason Byenneme l la, Jezikri, pou kase kòd lanmò epi ekspye pou peche mond lan: "Paske Bondye sitèlman renmen mond lan li te bay sèl pitit gason Byenneme l la, pou tout moun ki kwè nan li pa peri, men pou yo gen lavi etènèl" (Jan 3:16). Sakrifis sa a se pi gran ekspresyon lanmou Papa a pou nou.

Vin konnen Bondye Papa a

Antanke pitit Bondye, nou gen yon relasyon espesyal avèk li, ki distenge avèk tout lòt kreyasyon l yo. Chèche konnen Papa nou ki nan Syèl la. Li renmen nou, epi li banou opòtinite presye pou nou vin pi pre li lè nou priye. Priyè nou yo, lè yo ofri nan imilite ak senserite, li koute yo epi li reponn yo.

Bonè

Nou ka vin konnen Papa nou tou lè nou aprann konnen Pitit Gason Byenneme l la epi aplike levanjil la nan lavi nou. Sovè a te anseye disip li yo: “Si ou konnen mwen, w ap konnen Papa m tou. . . . Moun ki wè mwen yo wè Papa a” (Jan 14:7, 9).

Ou rapwoche pi pre Bondye Papa a lè ou etidye ekriti yo ak pawòl pwofèt dènye jou yo epi lè ou rann sèvis. Lè ou suiv volonte Bondye epi ou viv jan li ta renmen ou viv, w ap vin pi plis menmjan avèk li ansanm avèk Pitit Gason l lan. W ap prepare tèt ou pou w retounen viv nan prezans li.

Referans adisyonèl: Jan 14:6, 21–24; 17:3; Mozya 4:9; D&A 132:22–24; Atik Lafwa 1:1

Gade Kreyasyon; Divinite; Plan Sali tou

Bonè

Pwofèt Leyi, pandan l t ap temwaye sou “bi etènèl” Bondye yo, te anseye, “lèzòm fèt pou yo kapab gen jwa” (2 Nefi 2:15, 25).

Papa nou ki nan Syèl la vle nou jwenn vrè bonè ki dirab. Bonè nou se bi tout benediksyon li banou—ansèyman levanjil, kòmandman, òdonans Prètriz, relasyon familyal, pwofèt, tanp, bote kreyasyon yo, ak menm opòtinite pou fè eksperyans avèk advèsite. Plan li pou Sali nou souvan rele “gran plan bonè a” (Alma 42:8). Li te voye Pitit Gason Byenneme l la pou akonpli Ekspyasyon an pou nou ka gen kè kontan nan lavi sa a epi resevwa yon plenitud lajwa nan etènite yo.

Anpil moun eseye jwenn bonè ak akonplisman nan aktivite ki kontrè avèk kòmandman Bondye yo. Paske yo inyore plan Bondye pou yo, yo rejte sèl sous bonè reyèl la. Yo sede bay dyab la, ki ap “chèche pou l fè tout moun mizerab tankou tèt pa li.” (2 Nefi 2:27). Finalman yo aprann verite sou avètisman Alma te bay pitit gason li Koryanton an: “Mechanste pa t janm te bonè” (Alma 41:10).

Gen lòt moun ki chèche gen amizman sèlman nan lavi. Avèk sa kòm bi prensipal yo, yo kite plezi tanporèl yo distrè

yo ale lwen bonè dirab. Yo anpeche tèt yo santi jwa kwasans espiritiyèl, sèvis, ak travay.

Pandan w ap chèche gen bonè, sonje ke sèl chemen ki mennen nan bonè reyèl se viv levanjil la. W ap jwenn bonè pe-zib, etènèl pandan w ap eseye respekte kòmandman yo, priye pou jwenn fòs, repanti soti nan peche w yo, patisipe nan akti-vite ki sen, epi rann sèvis siyifikan. W ap aprann amize ou nan limit ki fikse pa Papa eman nou ki nan Syèl la.

Bonè ou ka kontajye. Pandan lòt moun ap obsève ou, y ap vin konnen sous lajwa ou. Lè sa a yo menm tou yo ka fè eksperyans bonè ki vini nan viv levanjil Jezikri a.

Referans adisyonèl: Som 35:9; 2 Nefi 5:27; Mozya 2:41; 3 Nefi 17:18–20; 4 Nefi 1:15–16; D&A 18:10–16

Gade Travay Misyonè; Plan Sali; Sèvis

Bwason cho (*Gade Pawòl Sajès*)

Charite

Charite se “amou pi Kris la,” oswa “amou etènèl” (Mowoni 7:47; 8:17). Pwofèt Mòmou te anseye: “Charite gen pasyans, li janti, li pa gen anvè, li pa chaje avèk ògèy, li pa chèche enterè pa l, li pa fache fasil, li pa panse mal, li pa pran plezi nan inikite, men okontrè, li pran plezi nan verite, li sipòte tout bagay, li kwè tout bagay, li espere tout bagay, li pèsèvere nan tout bagay. (Mowoni 7:45; gade 1 Korentyen 13:4–7 tou).

Jezikri se egzanp pafè charite. Nan ministè mòtèl li, li te toujou “ale tou patou ap fè byen”, ap anseye levanjil la epi montre konpasyon pou pòv yo, moun ki te aflije yo, ak moun ki te an detrès yo (gade Matye 4:23; Mak 6:6; Travay 10:38). Pi gran ekspresyon charite li sete Ekspyasyon enfini li a. Li te di “Pa gen pi gran amou pase amou yon moun ki bay lavi li pou zanmi li” (Jan 15:13). Sete pi gran zak pasyans, bonte, ak jenewozite nou janm konnen. Lè nou konprann amou konstan Sovè a, nou ka egzèsè lafwa epi repanti soti nan peche nou yo,

konfyan ke l ap padone nou epi fòtifye nou nan efò nou pou n viv levanjil la.

Sovè a vle nou resevwa lanmou li, epi li vle nou pataje li avèk lòt moun tou. Li te deklare bay disip li yo: “Men yon nouvo kòmandman m ap banou, se pou nou yonn renmen lòt; menmjan mwèn te renmen nou an, se pou nou yonn renmen lòt tou. Nan fè sa tout moun va konnen nou se disip mwèn, si nou gen lanmou yonn pou lòt” (Jan 13: 34–35). Nan relasyon nou avèk manm fanmi nou ak lòt moun, veye pou Sovè a se egzanp nou. Eseye renmen jan li renmen, avèk konpasyon, pasyans, ak mizèrikòd ki pa janm febli.

Pandan n ap kontinye resevwa amou pafè Sovè a epi pandan n ap demontre lanmou kretyen pou lòt moun, n ap vin wè lanmou nou grandi. N ap fè eksperyans lajwa nan konnen ke nou nan sèvis Senyè a. Sentespri a ap konpayon konstan nou, ap gide nou nan sèvis nou ak nan relasyon nou avèk lòt moun. N ap pare pou n rankontre Senyè a ak Jijman an, lè l ap rekonpanse nou selon devouman nou nan travay li a. Mòmon te anseye:

“Si ou pa gen charite, ou pa anyen, paske charite pa janm peri. Se poutèt sa, apiye sou charite, ki se pi gran don pase tout lòt, paske tout bagay gen pou peri—

“Men, charite se amou pi Kris la, epi li pèsevere pou tout tan; epi nenpòt moun ki genyen l nan dènnye jou a, l ap bon pou moun sa a.

“Se poutèt sa, frè byenneme m yo, priye Papa a avèk tout enèji kè ou, pou ou kapab chaje avèk amou li, li te devèse sou tout moun ki se vrè disip Pitit Gason li a, Jezikri; pou ou kapab vin tounen pitit Bondye; pou lè l parèt, pou nou kapab tankou l, paske n ap wè l jan li ye a; pou nou kapab gen espèrans sa a; pou nou pirifye menm jan li pi a” (Mowoni 7:46–48).

Referans adisyonèl: Matye 25:31–46; 1 Jan 4:18; Etè 12:33–34; D&A 12:8; 34:3; 121:45

Gade Lanmou, Sèvis

Chastete

Chastete se pite seksyèl, yon kondisyon ki “fè Bondye plezi” (Jakòb 2:7). Pou ou chas, ou dwe moralman pwòp nan panse, pawòl, ak aksyon. Ou pa dwe gen okenn relasyon seksyèl anvan ou marye legalman. Lè ou marye, ou dwe totalman fidèl anvè madanm ou oswa mari ou.

Entimite fizik ant mari ak madanm se yon bagay ki bèl epi ki sakre. Li òdone pa Bondye pou pwokreye timoun epi pou ekspresyon lanmou andedan maryaj.

Nan mond lan jodi a, Satan dirije plizyè moun pou fè yo kwè ke relasyon seksyèl andeyò maryaj akseptab. Men nan je Bondye, se yon peche grav. Se yon move itilizasyon pouvwa li banou pou nou kreye lavi a. Pwofèt Alma te anseye ke peche seksyèl se peche ki pi serye pase tout lòt peche eksepté touye moun ak renye Sentespri a (gade Alma 39:3–5).

Pafwa gen moun ki eseye konvenk tèt yo ke relasyon seksyèl andeyò maryaj yo akseptab si de moun yo yonn renmen lòt. Se pa vre. Anfrenn lwa chastete epi ankouraje yon lòt moun pou l fè l tou se pa yon ekspresyon lanmou. Yon moun ki renmen yon lòt pap janm konpwomèt bonè ak sekirite lòt la pou plezi pèsònèl ki pasaje.

Lè moun sousye yonn pou lòt ase pou kenbe lwa chastete a, lanmou yo, konfyans yo, ak angajman yo ogmante, sa ki mennen pi gwo bonè ak inite. Kontrèman, relasyon ki bati sou imoralite seksyèl pa dire lontan. Moun ki angaje nan imoralite seksyèl yo souvan santi laperèz, koupab, lawont. Amètim, jalouzi, ak rayiman souvan ranplase tout santiman pozitif ki te egziste yon fwa nan relasyon yo a.

Papa nou ki nan Syèl la banou lwa chastete a pou pwoteksyon nou. Obeyisans anvè lwa sa a esansyèl pou lapè pèsònèl ak fòs karaktè ak bonè nan fwaye a. Si ou kenbe tèt ou seksyèlman pi, w ap evite dega espirityèl ak emosyonèl ki toujou vini kòm rezilta pataje rapò fizik entim avèk yon moun andeyò maryaj. W ap vin sansib ak gidans, fòs, rekonfò, ak pwoteksyon Sentespri a, epi w ap ranpli yon kondisyon enpòtan pou resevwa yon rekòmandasyon pou tanp epi patisipe nan òdonans tanp yo.

Peche seksyèl

Senyè a ak pwofèt li yo kondane imoralite seksyèl. Tout relasyon seksyèl andeyò maryaj vyole lwa chastete a epi yo fizikman ak espirityèlman danjere pou moun ki angaje nan yo yo.

Dis kòmandman yo gen ladan yo kòmandman pou nou pa komèt adiltè, ki se relasyon seksyèl ant yon mesye marye avèk yon lòt moun si se pa madanm ni oubyen yon fi marye avèk yon lòt moun si se pa mari li (gade Egzòd 20:14). Apot Pòl te di ke se “volonte Bondye” pou nou “pa fè fònikasyon”, ki se relasyon seksyèl ant yon moun ki pa marye avèk yon lòt moun (1 Tesalonik 4:3). Pwofèt dènye jou yo toujou ap pale kont peche sa yo epi kont move pratik abi seksyèl.

Menmjan avèk lòt vyolasyon lwa chastete yo, omoseksyalite se yon peche grav. Li kontrè avèk bi seksyalite imen an (gade Women 1:24–32). Li pèvèti relasyon eman epi li anpeche moun resevwa benediksyon yo ka jwenn nan lyen famiyal ak nan òdonans sali levanjil yo.

Senpleman pa antre nan relasyon seksyèl andeyò maryaj pa sifizan nan prensip pite pèsonèl Senyè a. Senyè a mande yon prensip moral ki wo nan men disip li yo, ladan, fidelite total yon moun anvè konjwen li nan panse ak nan konduit. Nan Diskou sou Mòn nan, li te di: “Nou tandè kijan nan tan lontan yo te di: Piga yon moun fè adiltè. Mwen menm, m ap di nou: Si yon nonm gade yon fi avèk lanvi, li deja fè adiltè avèk li nan kè l” (Matye 5:27–28). Nan dènye jou yo Li te di, “Ou pa dwe . . . fè adiltè, . . . ni okenn bagay ki sanble avèk sa” (D&A 59:6). Epi li te remete aksan sou prensip li te anseye nan Diskou sou Mòn nan: “Yon moun ki gade yon fi pou konvwate li, oubyen si yon moun komèt adiltè nan kè li, li pap gen Lespri a, men l ap renye lafwa epi l ap nan la krent.” (D&A 63:16). Avètisman sa yo aplike a tout moun, keseswa yo marye oubyen yo selibatè.

Si ou komèt peche seksyèl, pale avèk Evèk ou oubyen Prezidan Branch ou pou li ka ede ou atravè pwosesis repantans lan (gade “Repantans,” paj 132–35).

Si ou se yon moun k ap lite avèk tantasyon seksyèl, ni tou si ou sansi atirans pou moun menm sèks, pa sikonbe anba tantasyon sa yo. Se pou ou gen asirans ke ou ka chwazi evite kalite konpòtman konsa. Ou ka resevwa èd Senyè a si ou priye pou w jwenn fòs epi travay pou simonte pwoblèm nan. Kòm pati pwosesis sa a, ou dwe chèche konsèy nan men evèk ou oubyen Prezidan Branch ou. L ap ede ou.

Kenbe lwa chastete a

Kèlkeswa jan tantasyon yo parèt gwo, Senyè a ap ede ou reziste anba yo si ou chwazi pou w suiv li. Apot Pòl te deklare, “Pa gen okenn tantasyon yo ba ou ki pa imen; men Bondye ki fidèl, pap janm pèmèt ou tante depase sa ou ka sipòte; men lè ou tante, l ap prepare mwayen pou ou soti anba tantasyon an, pou ou ka sipòte li” (1 Korentyen 10:13). Men yon konsèy ki ka ede ou simonte tantasyon ki kouran epi repete nan mond lan jodi a:

Deside kounyeya pou ou chas. Ou bezwen pran desizyon sa a sèlman yon sèl fwa. Pran desizyon an kounyeya, anvan tantasyon an prezante, epi kite desizyon an vin si fèm epi avèk yon si pwofon angajman ke li pap janm ka ebranle. Deside kounyeya ke ou pap janm fè anyen andeyò maryaj pou eksite emosyon puisan ki dwe eksprime sèlman nan maryaj yo. Pa eksite emosyon sa yo nan kò yon lòt moun ni nan pwòp kò pa ou. Detèmine kounyeya ke w ap totalman fidèl anvè konjwen ou.

Kontwòl panse ou. Pa gen yon moun ki komèt peche seksyèl sibatman. Aksyon imoral yo toujou kòmanse avèk panse ki pa pwòp. Si ou pèmèt panse w yo fokis sou bagay endesan oubyen imoral, ou deja fè premye pa pou tonbe nan imoralite a. Kouri imedyatman pou sitiyasyon ki ka mennen nan peche yo. Toujou priye pou w jwenn fòs tout tan pou reziste anba tantasyon epi kontwòl panse ou. Priye pou sa chak jou.

Rete lwen pònografi. Pa gade, ni li, ni koute anyen ki dekri kò imen an ak konduit seksyèl nan yon fason ki ka eksite santiman seksyèl. Bagay pònografi yo mennen depandans epi yo restriktè. Yo ka retire nan ou menm respè pou tèt ou ak

santiman pou bèl bagay lavi yo. Yo ka detwi ou epi mennen ou nan move panse ak move konduit.

Si ou selibatè epi w ap soti ade, toujou trete moun w ap soti avèk li a avèk respè. Pa janm trete li kòm yon objè pou w itilize pou dezi sansyèl ou. Toujou planifye aktivite ki pozitif epi konstrikatif avèk swen pou ou menm avèk moun w ap soti a pa rete poukont nou san nou pap fè anyen. Rete nan zòn ki gen sekirite kote ou ka fasilman kontwole tèt ou. Pa patisipe nan konvèsasyon ni aktivite k ap eksite sansasyon seksyèl. Pa patisipe nan bo pasyone, pa kouche yonn bò kote lòt ni yonn sou lòt, ni pa touche pati entim epi sakre kò yon lòt moun, ni avèk rad ni san rad. Pa pèmèt okenn moun fè ou bagay sa yo tou.

Si ou marye, rete fidèl anvè konjwen ou nan panse, nan pawòl, ak nan aksyon. Senyè a di: “Se pou ou renmen madanm ou avèk tout kè ou, epi se pou atache avèk li menm epi avèk okenn lòt moun. Epi yon moun ki gade yon fi pou l konvwate li li renye lafwa epi li pap gen Lespri a; epi si li pa repanti, l ap chase” (D&A 42:22–23). Pa janm nan okenn fason. Evite rete poukont ou avèk yon moun sèks opoze otan sa posib. Mande tèt ou si konjwen ou t ap kontan si l ta konnen pawòl ou ak aksyon ou. Sonje konsèy Apot la pou “egzante tout sa ki gen aparans mal” (1 Tesalonik 5:22). Lè ou rete lwen kalite sikonstans sa yo, tantasyon pa gen okenn chans pou devlope.

Padon pou moun ki repanti

Pi bon konduit la se pwòpte moral total. Li pa bon pou w komèt peche seksyèl avèk panse ke w ap tou senpleman repanti ou apre. Atitid sa a poukont li se yon peche, ki montre mank respè pou Senyè a ak alyans ou fè avèk li yo. Malgre tou, si ou komèt peche seksyèl, Senyè a ofri pou l padone ou si ou repanti.

Repantans difisil, men li posib. Ou ka vin pwòp ankò (gade Èzayi 1:18). Dezespwa peche a ka ranplase pa lapè dous padon an. Pou aprann sa ou dwe fè pou w repanti, gade “Repantans” nan paj 00

Travay pou jou kote w ap diy pou antre nan tanp lan, gide pa pawòl Salmis la:

“Kimoun ki gen dwa monte sou mòn ki pou Senyè a? Kimoun ki gen dwa antre nan kay ki sen li a?

“Se moun ki pa fè anyen ki mal, epi ki gen kè ki pi” (Som 24:3–4).

Referans adisyonèl: Egzòd 20:14; 1 Korentyen 6:18–20; Alma 38:12; 3 Nepi 12:27–30

Gade Maryaj; Pònografi tou

Chit la

Nan Jaden Edèn nan, Bondye kòmande, “Ou mèt manje fwi nan tout pyebwa nan jaden an, men pa manje fwi pyebwa konesans byen ak mal la; men, ou ka chwazi pa ou menm, paske ou gen dwa; men, sonje ke mwenn defann ou sa, paske jou ou manje li w ap mouri” (Moyiz 3:16–17). Paske Adan ak Èv te dezobeyi kòmandman an epi yo te pran fwi pyebwa konesans byen ak mal la, yo te chase soti nan prezans Senyè a (gade D&A 29:40–41). Nan lòt mo, yo te sibi lanmò espirityèl. Yo te vin mòtèl tou—sijè ak lanmò fizik. Lanmò espirityèl epi fizik sa a rele Chit la.

Kondisyon dechi nou

Antanke desandan Adan ak Èv, nou eritye yon kondisyon dechi pandan mòtalite a (gade Alma 42:5–9, 14). Nou separe soti nan prezans Senyè a epi nou tonbe anba lanmò fizik. Nou plase nan yon eta opozisyon tou, kote yo teste nou pa difikilte lavi yo ak tantasyon advèsè a (2 Nepi 2:11–14; D&A 29:39; Moyiz 6:48–49).

Nan kondisyon dechi sa a, nou gen yon konfli andedan nou. Nou se pitit lespri Bondye, avèk potansyèl pou nou vin “patisipan nati divin ni” (2 Pyè 1:4). Sepandan, “Nou pa diy devan [Bondye]; nati nou vin move kontinyèlman” (Etè 3:2). Nou bezwen toujou eseye simonte pasyon ak dezi ki pa pi nou yo.

Chit la

Pou repete pawòl yon zanj, Wa Benjamen te di, “Lòm nati-rèl la se ennmi Bondye, li te sa depi lè Adan te tonbe a, epi l ap sa pou tout tan, si li pa soumèt li bay enfliyans Sentespri a, epi si li pa retire moun natirèl la nan kò li, pou l vin tounen yon sen atravè Ekspyasyon Kris la, Senyè a, epi pou l vin tankou yon timoun, obeyisan, dou, enb, pasyan, ranpli avèk amou, ki vle soumèt tèt li bay tout bagay Senyè a jije nesèsè pou fè l soufri, menmjan yon timoun soumèt tèt li bay papa l” (Mozya 3:19).

Benefis Chit la

Chit la se yon pati esansyèl nan Plan Sali Papa nou ki nan Syèl la (gade 2 Nefi 2:15–16; 9:6). Li gen yon direksyon de sans—desann epi monte. Anplis li entwodui lanmò fizik ak espirityèl, li banou opòtinite pou nou fèt sou tè a epi pou nou aprann epi pwogrese. Lè nou egzèsè libabit nou kòrèkteman epi lè nou fè repantans sensè lè nou peche, nou ka vin jwenn Kris epi, gras avèk Ekspyasyon li a, prepare pou nou resevwa kado lavi etènèl la. Pwofèt Leyi te anseye:

“Si Adan pa t transgese li pa t ap tonbe, men li t ap rete nan jaden Eden nan. Epi tou bagay ki te kreye t ap rete menmjan yo te ye apre yo te fin kreye a; yo t ap rete konsa pou tout tan epi yo pa t ap fini.

“Epi [Adan ak Èv] pa t ap gen pitit; konsa yo t ap rete nan yon kondisyon inosans, yo pa t ap gen jwa, paske yo pa t konnen mizè, yo pa t ap fè byen, paske yo pa t konnen peche.

“Men, reyèlman, tout bagay te fèt nan sajès moun ki konnen tout bagay la.

“Adan te tonbe pou lèzòm te kapab fèt; epi lèzòm fèt pou yo kapab gen jwa.

“Epi Mesi a vini nan totalite tan an, pou l kapab rachte pitit lèzòm anba transgresyon an” (2 Nefi 2:22–26; gade vèsè 19–21, 27 tou)

Adan ak Èv te eksprime gratitud yo pou benediksyon ki vini kòm rezilta Chit la:

“Adan beni Bondye epi li te ranpli (pa Sentespri a), epi li te kòmanse pwofetize konsènan tout fanmi sou tè a, li te di:

Beniswa non Bondye, paske akòz transgresyon m nan je m louvri, epi m ap gen lajwa nan lavi sa a, epi m ap gen pou m wè Bondye ankò nan lachè.

“Epi Èv, madanm ni, te tande tout bagay sa yo epi li te rejwi, li te di: San transgresyon nou an, nou pa t ap janm gen posterite epi nou pa t ap janm konnen byen ak mal, lajwa redanmsyon an ak lavi etènèl ke Bondye bay tout moun ki obeyisan yo” (Moyiz 5:10–11).

Redanmsyon soti nan Chit la

Akòz Chit la, nati mòtèl nou ak peche endividyèl nou, sèl espwa nou se nan Jezikri ak nan plan Redanmsyon an.

Atravè Ekspyasyon Jezikri a, chak moun ap rachte soti anba efè Chit la. N ap resisite, epi n ap retounen nan prezans Senyè a pou nou jije (gade 2 Nefi 2:5–10; Alma 11:42–45; Elaman 14:15–17).

Anplis rachte nou soti anba efè inivèsèl Chit la, Sovè a ka rachte nou soti nan pwòp peche pa nou. Nan eta dechi nou, nou peche epi nou mete distans ant nou menm ak Senyè a, sa ki mennen lanmò espiryèl sou tèt nou. Jan Apot Pòl te di, “Nou tout peche, epi nou prive de laglwa Bondye (Women 3:23). Si nou rete nan peche nou yo, nou pa ka abite nan prezans Bondye, paske “okenn moun ki pa pwòp pa ka abite. . . . nan prezans li” (Moyiz 6:57). Chans pou nou, Ekspyasyon an “reyalize kondisyon repantans la” (Elaman 14:18), ki rann posib pou nou resevwa padon pou peche nou yo epi abite nan prezans Bondye pou tout tan. Alma te anseye, “Lèzòm te resevwa tan pou yo repanti; se poutèt sa lavi sa a te vin tounen yon tan pou eprèw; yon tan pou yo prepare pou yo rankontre Bondye; yon tan pou yo prepare eta etènèl nou te pale a, k ap vini apre rezirèksyon mò yo (Alma 12:24).

Rekonesans pou Sakrifis Ekspyatwa Sovè a

Menmjan nou pa reyèlman anvi manje pazavan nou gran-gou, nou pa totalman anvi sali etènèl la pazavan nou rekonèt

Depandans (Gade Jwèt aza; Pònografi; Pawòl Sajès)

nou bezwen Sovè a. Konesans sa a vini amezi n ap grandi nan konpreyansyon nou sou Chit la. Jan pwofèt Leyi te anseye, “Se poutèt sa, tout limanite te nan yon eta pèdi ak dekadans, epi yo t ap toujou rete nan eta sa a si yo pa t depann sou Redanmtè a” (1 Nefi 10:6).

Referans adisyonèl: Jenèz 3; Mòmmon 9:12–14; Moyiz 4

Gade Libabit; Ekspyasyon Jezikri; Peche orijinèl; Plan Sali; Peche

Depandans (*Gade Jwèt aza; Pònografi; Pawòl Sajès*)

Dèt

Atravè Pwofèt Joseph Smith, Senyè a te di yon gwoup Sen yon fwa, “Se volonte pa mwen ke nou peye tout dèt nou” (D&A 104:78). Depi nan premye jou legliz la, pwofèt Senyè yo toujou ap avèti nou pou nou evite esklavaj dèt.

Yonn nan pi gwo danje dèt se enterè ki akonpaye l yo. Gen kèk fòm kredi, tankou kat kredi, ki patikilyèman gen to enterè ki wo. Yon fwa ou antre nan dèt, w ap vin wè ke enterè a pa gen okenn mizèrikòd. L ap kontinye akimile, san gade sitiya-syon ou—keseswa w ap travay ou pa, keseswa ou an sante ou pa. Li pa janm ale jiskaske dèt la peye. Pa kite òf kredi yo twonpe nou, menm si yo fè dèt la parèt atiran nan pwomèt to enterè ki ba oubyen okenn enterè pandan yon sèten tan.

Gade kondisyon finans ou. Disipline tèt ou nan achte, evite dèt nan mezi ou kapab. Nan pifò ka, ou ka evite dèt si ou jere resous ou sajman. Si ou antre nan dèt, tankou yon montan rezonab pou ou ka achte yon kay rezonab oubyen fini lekòl ou, travay pou w repeye li osi vit ou kapab epi libere tèt ou anba esklavaj. Lè ou fin peye dèt ou epi ou fè kèk ekonomi, w ap prepare pou tanpèt finansye ki ka vin sou che-men ou. W ap gen kay pou fanmi ou rete ak lapè nan kè ou.

Referans adisyonèl: Lik 16:10–11; D&A 19:35

Dezyèm Vini Jezikri a

Lè Jezikri te monte nan syèl la nan fen ministè mòtèl li a, te gen de zanj ki te deklare Apot yo, “Menm Jezi sa a, ki anlve nan mitan nou al nan syèl la, gen pou l retounen menm fason an nou wè li ale nan syèl la” (Travay 1:11). Lè Sovè a ap vini ankò, l ap vini an pouvwa ak glwa pou pwoklame tè a kòm wa-yòm ni. Dezyèm Vini an ap make kòmansman Milenyòm nan.

Dezyèm Vini an ap yon tan laperèz ak lamantasyon pou mechan yo men, l ap yon jou lapè ak triyonf pou jis yo. Senyè a te deklare:

“Moun ki saj yo epi ki resevwa verite yo, ki pran Sentespri a pou gid yo, epi ki pa janm twonpe yo—an verite, mwen di nou, yo pap kraze ni jete nan dife, men y ap sipòte jou a.

“Epi y ap bayo tè a kòm eritaj; y ap multipliyè epi y ap vin fò; epi pitit yo pral grandi san peche rive nan Sali.

“Paske Senyè a apral nan mitan yo, epi glwa li pral sou yo, epi l ap wa yo ak lejislatè yo” (D&A 45:57–59).

Senyè a pa revele egzakteman kilè l ap retounen: “Lè a ak jou a, okenn moun pa konnen li, ni zanj yo nan syèl la, epi yo pap konnen li anvan li rive” (D&A 49:7). Men li revele pwofèt li yo evènman ak siy ki ap rive anvan Dezyèm Vini an. Nan pami evènman ak siy yo pwofetize sa yo, genyen:

- Apostazi ale lwen verite levanjil la (gade Matye 24:9–12; 2 Tesalonik 2:1–3).
- Retablisman levanjil la, ladan retablisman Legliz Jezikri a (gade Travay 3:19–21; Revelasyon 14:6–7; D&A 45:28; 133:36).
- Retablisman kle Prètriz yo (gade Malachi 4:5–6; D&A 110:11–16).
- Parisyon Liv Mòmmon an (gade Ezayi 29:4–18; 3 Nefi 21:1–11).
- Preche levanjil la nan tout mond lan (gade Matye 24:14).

Dim

- Yon tan mechanste, lagè ak vakam (gade Matye 24:6–7; 2 Timote 3:1–7; D&A 29:17; 45:26–33; 88:91).
- Siy nan syèl la epi sou tè a (gade Joel 2:30–31; Matye 24:29–30; D&A 29:14–16; 45:39–42; 49:23; 88:87–90).

Pa bay tèt nou pwoblèm pou moman egzak Dezyèm Vini Sovè a. Olyesa, viv pou nou ka prepare kèlkeswa lè li rive. Lè n ap obsève kalamite dènye jou sa yo, sonje ke jis yo pa bezwen pè Dezyèm Vini an ni siy ki presede l yo. Pawòl Sovè a te di Apot li yo aplike pou nou tou: “Pa twouble, paske lè tout bagay sa yo pral rive, wa va konnen ke pwomès yo te fè w yo ap akonpli” (D&A 45:35).

Referans adisyonèl: Lik 21:34–36; 2 Pyè 3:10–14; D&A 133:42–52; Joseph Smith—Matthieu

Gade Milenyòm; Plan Sali; Siy tou

Dim

Yonn nan benediksyon ki soti nan apatnans nou nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo se privilèj pou nou peye dim. Lè nou viv lwa dim nan, nou patisipe nan bati wayòm Bondye a sou tè a.

Definisyon ak bi dim nan

Pou w peye yon dim konplè, ou dwe bay Senyè a yon dizyèm nan revni ou atravè legliz li a. Ou remèt yon manm episkopa a oubyen prezidans branch lan dim nan.

Dirijan lokal yo transfere fon dim yo dirèkteman nan katye jeneral legliz la, kote yon konsèy detèmine ki fason espesifik y ap itilize fon sakre sa yo. Konsèy sa a gen ladan Premye Prezidans lan, Kolèj Douz Apot yo, ak Episkopa Prezidan an. Pandan y ap aji selon revelasyon, yo pran desizyon jan Senyè a dikte yo. (gade D&A 120:1.)

Fon dim yo toujou itilize pou bagay Senyè a—pou bati tanp ak chapèl, pou soutni travay misyonè, epi pou fè travay legliz la avanse nan tout mond lan.

Benediksyon nan peye yon dim konplè

Lwa dim nan mande sakrifis, men obeyisans nou nan lwa a pote benediksyon ki pi gran anpil pase tout sa nou renonse yo. Pwofèt Malachi te anseye:

“Senyè Lame yo di, Pote tout dim yo nan kay trezò a, pou ka gen manje nan kay mwen, epi mete m aleprèv pa mwayen sa a, epi w ap wè si m pap louvri fenèt syèl yo pou ou, epi vide benediksyon sou ou ann abondans, kote pap gen ase plas pou resevwa yo” (Malachi 3:10).

Benediksyon sa yo vini pou tout moun ki peye yon total dis pousan nan revni yo, menmsi montan sa a piti anpil. Lè nou obeyi lwa sa a, Senyè a beni nou esprityèlman ak tanporèlman.

Pran angajman pou peye

Si ou pa ko kòmanse peye dim ou regilyèman, ou ka gen difikilte pou kwè ke ou ka renonse ak yon dizyèm nan revni ou. Men, moun ki peye dim fidèlman yo aprann ke yo pa ka pèmèt yo *pa* peye dim. Nan yon fason trè reyèl epi mèveye, fenèt syèl yo louvri epi vide benediksyon sou yo.

Sonje ke peye dim se pa yon zafè lajan men se yon zafè lafwa. Fè Senyè a konfyans. Li te bay kòmandman an pou byen nou, epi li te fè pwomès ki akonpaye l la. Chèche fòs nan lafwa Nefi, ki te di: “Annou kenbe kòmandman Senyè yo avèk fwa; paske reyèlman li pi fò pase tout latè a” (1 Nefi 4:1).

Gade tou Jèn ak Ofrann Jèn

Dimanch (*Gade Saba; Adorasyon*)

Dis Kòmandman

Dis kòmandman yo se prensip levanjil etènèl ki nesese pou egzaltasyon nou. Senyè a te revele yo bay Moyiz nan tan ansyen an (*gade Egzòd 20:1–17*), epi li te repete yo nan revelasyon dènye jou yo (*gade D&A 42:18–29; 59:5–13; 63:61–62*).

Dis Kòmandman yo se yon pati enpòtan nan levanjil la. Obeyi yo mennen nan obeyi lòt prensip levanjil yo.

Revizyon sa a sou Dis Kòmandman yo gen ladan brèf eksplikasyon sou fason yo kontinye aplike nan lavi nou jodi a:

1. “Ou pa dwe gen lòt bondye devan fas mwen” (Egzòd 20:3). Nou dwe fè “tout bagay avèk je nou fikse sèlman sou glwa Bondye” (D&A 82:19). Nou dwe renmen Senyè a epi sèvi li avèk tout kè nou, tout nanm nou, tout lespri nou, ak tout fòs nou (gade Detewonòm 6:5; D&A 59:5).
2. “Ou pa dwe fè imaj taye” (Egzòd 20:4). Nan kòmandman sa a, Senyè a kondane adorasyon idòl. Idolatri ka pran plizyè fòm. Gen moun ki pa pwostènè devan imaj taye oubyen estati men ki ranplase Bondye vivan an pa lòt idòl, tankou lajan, byen materyèl, ide, oubyen prestij. Nan lavi yo, “trezò yo se bondye yo”—yon bondye ki “ap peri avèk yo” (2 Nefi 9:30).
3. “Ou pa dwe pran non Senyè a Bondye ou anven” (Egzòd 20:7). Pou yon eksplikasyon sou kòmandman sa a, gade “Gwosyète,” paj 00–00.
4. “Sonje jou Saba a, pou sanktifye li” (Egzòd 20:8). Pou yon eksplikasyon sou kòmandman sa a, gade “Saba,” paj 00–00.
5. “Onore papa w ak manman ou” (Egzòd 20:12). Se yon kòmandman ki toujou an vigè menmlè nou grandi. Nou dwe toujou jwenn fason pou onore paran nou.
6. “Pa touye moun” (Egzòd 20:13). Pou yon eksplikasyon sou fason kòmandman sa a aplike ak moun ki al nan lagè yo, gade “Lagè” paj 00–00.
7. “Ou pa dwe fè adiltè” (Egzòd 20:14). Nan revelasyon dènye jou yo, Senyè a te kondane non sèlman adiltè, men “tout sa ki tankou li” (D&A 59:6). Fònikasyon, omoseksyalite, ak lòt peche seksyèl se vyolasyon setyèm kòmandman an. Pou eksplikasyon adisyonèl, gade “Chastete” paj 00–00.

8. “Pa vòlè” (Egzòd 20:15). Vòlè se yon fòm malonètete. Pou yon eksplikasyon sou onètete, gade paj 00.
9. “Pa rann fo temwayaj kont pwochen ou” (Egzòd 20:16). Rann fo temwayaj se yon lòt fòm malonètete. Pou yon eksplikasyon sou onètete, gade paj 00.
10. “Ou pa dwe konvwate” (Egzòd 20:17). Konvwate, oswa anvyè yon bagay ki apatni avèk yon lòt moun, nuizib pou nanm nan. Li ka wonje lespri nou epi fè nou toujou ensatisfè epi pa kontan. Li souvan mennen nan lòt peche epi nan fè dèt.

Menmsi pifò nan Dis Kòmandman yo se lis bagay nou *pa dwe fè*, yo reprezante bagay nou *dwe fè* tou. Sovè a te rezime Dis Kòmandman yo an de prensip—renmen Senyè a epi renmen sanblab nou:

“Se pou ou renmen Senyè a, Bondye ou avèk tout kè ou, avèk tout nanm ou, epi avèk tout fòs ou.

“Sa se premye epi gran kòmandman an.

“Epi dezyèm nan menmjan avèk li, Se pou ou renmen pwochen ou menmjan ou renmen tèt ou” (Matye 22:37–39).

Referans adisyonèl: Mozya 12:33–36; 13:11–24

Gade tou Libabit; Chastete; Onètete; Obeyisans; Gwosyète; Reverans; Saba; Lagè; Adorasyon

Divinite

Premye atik lafwa a deklare: “Nou kwè nan Bondye, Papa Etènèl la, ak nan Pitit Gason l lan, Jezikri, ak nan Sentespri a.” Twa èt sa yo fòme Divinite a. Yo prezide sou mond lan ak sou tout lòt kreyasyon Papa nou ki nan Syèl la yo.

Vrè doktrin Divinite a te pèdi nan apostazi ki te suiv minisistè mòtèl Sovè mond lan ak lanmò Apot li yo. Doktrin sa a te kòmanse retabli lè ti gason 14zan ki te rele Joseph Smith la te resewva Premye Vizyon an (gade Joseph Smith—Histoire 1:17). Daprè resi Pwofèt la sou Premye Vizyon an epi dapre lòt

Divòs

ansèyman l yo, nou konnen ke manm Divinite yo se twa moun separe. Papa a ak Pitit Gason an gen kò lachè ak zo reyèl, epi Sentespri a se yon pèsonaj lespri (gade D&A 130:22).

Menmsi manm Divinite yo se èt separe avèk wòl separe, yo fè yonn nan doktrin ak nan bi. Yo ini pafètman nan reyalize plan Sali Papa nou ki nan Syèl la.

Referans adisyonèl: Matye 3:13–17; Jan 14:6–10; 17:6–23; Travay 7:55–56; 2 Nefi 31:18; Mòmmon 7:5–7; D&A 76:20–24

Gade Bondye Papa a; Sentespri; Jezikri tou

Divòs

Nan “Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan”, Premye Prezidans lan ak Kolèj Douz Apot yo “pwoklame solanèlman ke maryaj ant yon gason ak yon fi se yon bagay Bondye òdone epi fanmi se pwen santral nan plan Kreyatè a pou destine etènèl pitit Li yo.” (gade paj 00 nan liv sa a). Malgre verite sa yo, divòs vin bagay ki komen nan plizyè sosyete epi li ogmante menm nan pami manm legliz yo. Afliksyon k ap ogmante sa a pa soti nan Bondye, men olye sa se travay advèsè a.

Chak koup moun marye dwe travay ansanm pou yo diy pou benediksyon maryaj etènèl yo. Si ou marye epi ou menm avèk konjwen ou ap pase moman difisil, sonje ke remèd pou pifò strès maryaj se pa nan divòs ni separasyon. Remèd la nan levanjil Jezikri a—nan repantans, padon, entegrite, ak lanmou. Li nan trete konjwen ou jan ou ta renmen yo trete ou (gade Matye 7:12). Pandan w ap travay pou ou rezoud difikilte yo, ou gen dwa vle ale ansanm chèche konsèy nan men Evèk ou oswa Prezidan Branch ou.

Gade Charite; Fanmi; Lanmou, Maryaj; Tanp

Doktrin ak Alyans (*Gade* Ekriti)

Don espiritiyèl

Don espiritiyèl yo se benediksyon oswa kapasite yo bay pa pouvwa Sentespri a. Bondye bay chak manm fidèl legliz la omwen yonn nan don sa yo. Lè nou resevwa don sa yo, y ap fòtifye nou epi beni nou pèsònèlman epi y ap ede nou sèvi lòt moun. (Gade D&A 46:8–12.) Ekriti yo pale sou plizyè don Lespri a:

- Konesans “ke Jezikri se Pitit Gason Bondye, epi ke li te krisifye pou peche mond lan” (D&A 46:13).
- Kapasite pou kwè pawòl moun ki temwaye konsènan Jezikri yo (gade D&A 46:14).
- Konesans sou “ministè divès” (D&A 46:15; gade 1 Korentyen 12:5 tou). Don sa a itilize pou administre epi dirije legliz la.
- Konesans sou “divèsite operasyon,” ki ede nou disènen si yon ansèyman ouyen yon enfliyans soti kot Bondye oubyen nan yon lòt sous (D&A 46:16; gade 1 Korentyen 12:6–7 tou).
- Don “pawòl sajès la” (1 Korentyen 12:8; D&A 46:17). Sa pa gen rapò avèk lwa nou konnen kòm Pawòl Sajès la. Men, se yon don sajès—kapasite pou itilize konesans nan fason ki jis.
- Don “pawòl konesans lan” (1 Korentyen 12:8; D&A 46:18).
- Kapasite pou anseye pa pouvwa Sentespri a (gade Mowoni 10:9–10; gade D&A 46:18 tou).
- Don lafwa (gade 1 Korentyen 12:9; Mowoni 10:11).
- Don “gen lafwa” a (D&A 46:19).
- Don “gen lafwa pou geri” a (D&A 46:20; gade 1 Korentyen 12:9; Mowoni 10:11).

Don Sentespri a (Gade Sentespri)

- Don pou “fè mirak” la (1 Korentyen 12:10; D&A 46:21; gade tou Mowoni 10:12).
- Don pwofesi a (gade 1 Korentyen 12:10; Mowoni 10:13; D&A 46:22). Jan Byenneme a te anseye ke “temwayaj Jezi se lespri pwofesi” (Revelasyon 19:10).
- Don “vizyon zanj ak ministè lespri” (Mowoni 10:14).
- “Disène espri” yo (1 Korentyen 12:10; D&A 46:23).
- Don pou pale nan diferant langaj, oswa lang (see 1 Korentyen 12:10; Mowoni 10:15; D&A 46:24).
- Don “entèpretasyon lang” (1 Korentyen 12:10; D&A 46:25; gade tou Mowoni 10:16).

Don espiritiyèl sa yo ak lòt yo mansyone nan ekriti yo se sèlman kèk egzanp nan pil don Lespri yo. Senyè a ka beni ou yon lòt fason depandan de fidelite ou ak bezwen ou ak bezwen lòt moun w ap sèvi yo. Li kòmande nou pou nou travay avèk dilijans pou nou ka resevwa don espiritiyèl yo:

“Veye pou yo pa twonpe nou; epi pou nou pa twonpe, chèche pi bon don yo onètman, toujou sonje poukisa yo bay yo;

“Pasje, an verite, mwen di ou, yo bay yo pou pwofi moun ki renmen mwen epi k ap kenbe tout kòmandman m yo, ak moun k ap chèche fè sa; pou tout moun k ap chèche mwen epi ki mande mwen ka pwofite de yo” (D&A 46:8–9; gade tou vèsè 26).

Referans adisyonèl: 1 Korentyen 13; 14:1–33; Mowoni 10:17–25; D&A 46:27–33; Atik Lafwa 1:7

Gade tou Sentespri; Revelasyon

Don Sentespri a (*Gade Sentespri*)

Don Sentespri a (*Gade Don espiritiyèl*)

Dotasyon (*Gade Tanp*)

Dwòg (*Gade Pawòl Sajès*)

Dyab (*Gade Satan*)

Dyak (*Gade Prètriz Aawon; Prètriz*)

Edikasyon

Senyè a kòmande, “chèche konesans, pa letid epi pa lafwa” (D&A 88:118). Li konseye nou pou nou aprann levanjil la epi pou nou akeri yon konpreyansyon “sou bagay ki nan syèl yo, sou tè a epi anba tè a; bagay ki te la, ki la, bagay ki gen pou rive pa twò lontan; bagay ki ap pase nan peyi a, bagay k ap pase aletranje; sou lagè ak ensètitud nasyon yo, ak jijman ki sou peyi a; epi tou sou yon konesans sou peyi yo ak wayòm yo” (D&A 88:78–80).

Etid ak fòmasyon pwofesyonèl

Ou dwe toujou travay pou edike lespri ou ak men ou pou ou ka gen siksè nan sa ou chwazi a. Itilize edikasyon ou pou ou yon enfliyans pou bon bagay. Lè ou fè sa, w ap vin koni kòm yon moun ki gen entegrite. W ap vin prepare pou opòtinite yo amezi y ap vini, epi w ap vin yon gwo atou pou fanmi ou, legliz la, ak kominote ou.

Chèche pi bon etid ki disponib. Kèk posiblite se kolèj yo ak inivèsite yo, lekòl teknik yo, kou pou etidye lakay yo, edikasyon kominotè, ak fòmasyon prive.

Seminè ak Enstiti

Toupatou nan mond lan, Sen Dènnye Jou laj 14 rive 18tan patisipe nan seminè, ki bay enstriksyon chak semèn apati ekriti yo. Enstiti relijyon yo bay kou chak semèn nan yon varyete sijè sou levanjil la pou Sen Dènnye Jou laj 18tan rive nan 30tan.

Egzaltasyon (Gade Lavi etènèl)

Pwogram sa yo bay yon klima espiritiyèl epi sosyal kote etidyan yo ka asosye yo yonn avèk lòt pandan y ap aprann plis osijè levanjil la.

Pou enfòmasyon osijè seminè ak enstiti, kontakte yon dirijan Prèttriz lokal.

Konesans tout yon lavi

Kontinye chèche opòtinite pou ledikasyon pandan tout lavi ou. Sa ap ede ou rete ajou nan pwofesyon ou chwazi a epi nan lòt talan ak enterè. Nan mond ki chanjan rapidman sa a, ou dwe pran tan pou ou edike tèt ou pou jodi a epi pou demen.

Anplis akèri plis enstriksyon atravè etid lekòl nòmal, ou ka kontinye aprann nan lekti, ale nan evènman kiltirèl ki sen, vizit nan mize ak sit istorik, epi nan obsève mond lan alantou ou.

Referans adisyonèl: Pwovèb 1:5; D&A 130:18–19

Egzaltasyon (*Gade Lavi etènèl*)

Egzistans premòtèl (*Gade Plan Sali*)

Ekriti

Lè gason sen Bondye yo ekri oubyen pale pa pouvwa Sentespri a, pawòl yo “se ekriti, se volonte Senyè a, se avi Senyè a, se pawòl Senyè a, se vwa Senyè a, ak pouvwa Bondye pou sali” (D&A 68:4). Ekriti ofisyèl ki apwouve pa otorite legliz yo, ki souvan rele liv kanonik yo, se Bib la, Liv Mòmon an, Doktrin ak Alyans yo, ak Pèl Gran Pri a. Liv ekriti sa yo dekri nan paj 00–00.

Enpòtans pou li ekriti yo chak jou

Prinsipal bi ekriti yo se pou temwaye konsènan Kris, pou ede nou vin jwenn ni epi resevwa lavi etènèl (gade Jan 5:39; 20:31; 1 Nefi 6:4; Mozya 13:33–35). Pwofèt Mòmon te temwaye:

“Nenpòt moun ki vle, yo kapab pran pawòl Bondye a, pawòl sa ki rapid epi ki gen pouvwa, ki gen pou l sote tout mètdam, ak pyèj, ak vire tounen dyab la fè debout, pou l mennen moun Kris la nan yon chemen etwat epi kwense, pou l kapab janbe sou tèt gouf mizè etènèl ki pare pou anglouti mechan yo—

“Epi, pou fè nanm yo ateri, oubyen pou fè nanm imòtèl yo ateri bò kote dwat Bondye nan wayòm syèl la, pou yo chita avèk Abraram, Izaak, Jakòb ak tout zansèt sen nou yo, pou yo pa janm sòti” (Elaman 3:29–30).

Pwofèt dènye jou yo konseye nou pou nou etidye ekriti yo chak jou, pèsònèlman epi avèk fanmi nou. Yo ankouraje nou, jan Nefi te ankouraje frè l yo, pou nou aplike ekriti yo a nou menm, jwenn fason resi sakre sa yo nan ansyen tan an aplike nan lavi nou jodi a (gade 1 Nefi 19:23–24). Yo egzòte nou pou n “sonde ekriti yo” (Jan 5:39) epi “fete avèk pawòl Kris yo” (2 Nefi 32:3).

N ap jwenn gran byen nan suiv konsèy sa a. Etidye ekriti yo chak jou seryezman ap ede ou vin reseptif pou chichotman Sentespri yo. Sa ap bati lafwa ou, fòtifye ou kont tantasyon yo, epi ede ou vin pi pre Papa nou ki nan Syèl la ak Pitit Gason Byenneme l la.

Prepare yon plan pou etid pèsònèl ekriti yo. Panse rezève yon ti tan chak jou pou etidye ekriti yo. Pandan tan sa a, li avèk atansyon, pote atansyon ak chichotman Lespri yo. Mande Papa nou ki nan Syèl la pou l ede ou konnen sa li vle pou w aprann epi pou w fè.

Kontinye li ekriti yo, patikilyèman Liv Mòmmon an, tout lavi ou. W ap redekouvri trezò ki gen nan ekriti yo chak fwa, w ap jwenn nouvo siyifikasyon ak aplikasyon nan yo pandan w ap etidye yo nan diferant etap nan lavi w yo.

Si ou marye, rezève yon tan chak jou pou w li ekriti yo an fanmi. Efò sa a ka difisil, men l ap pote rezilta mèveye epi etènèl. Sou direksyon Lespri a, planifye lekti ekriti ki ap ede ou reponn avèk bezwen fanmi ou. Pa pè li ekriti yo pou timoun piti yo. Langaj anal sakre sa yo gen pouvwa pou touche menm timoun ki pi piti yo.

Bib la

Bib la divize an de pati: Ansyen Testaman ak Nouvo Testaman. Ansyen Testaman an se resi sakre relasyon Bondye avèk pèp alyans li a nan Tè Sent la. Li gen ladan ansèyman pwofèt tankou Moyiz, Jozye, Ezayi, Jeremi, ak Danyèl. Nouvo Testaman an rakonte nesans, ministè mòtèl, ak Ekspyasyon Sovè a. Li fini avèk ministè dispip Sovè yo.

Paske Bib la te tradui plizyè fwa, gen plizyè kalite vèsyon li. Nan lang Fransè, se vèsyon Louis Segond an ke legliz la aksepte kòm ekriti.

Nan Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo, nou revere Bib la ak ansèyman sakre l yo. Nou ka resevwa fòs ak rekonfò nan resi bibliik sou relasyon Bondye yo avèk pèp li a.

Liv Mòmmon an: Yon lòt temwayaj konsènan Jezikri

Liv Mòmmon an parèt nan dispansasyon sa a pa volonte Senyè a. Se yon resi relasyon Bondye avèk pèp li a ki te viv nan ansyen Amerik la. Pwofèt Senyè yo te grave anal orijinal yo sou plak lò. Senyè a deklare ke Liv Mòmmon an gen “plenitid levanjil Jezikri a” (D&A 20:9; gade D&A 42:12 tou).

Jou 22 Septanm 1827 la, yon zanj ki rele Mowoni (dènnye pwofèt Liv Mòmmon an) te remèt Pwofèt Joseph Smith anal sa yo. Pa don ak pouvwa Bondye, Pwofèt Joseph te tradui anal yo ann Anglè. Depi lè sa a, Liv Mòmmon an tradui nan plizyè lòt lang.

Bi prensipal Liv Mòmmon an se pou konvenk tout moun “ke Jezi se Kris la, Bondye Etènèl la, ki manifeste tèt li devan tout nasyon” (premye paj Liv Mòmmon an). Li anseye ke tout moun “dwe vin jwenn li, oubyen yo pa kapab sove” (1 Nefi 13:40). Joseph Smith te di ke Liv Mòmmon an se “fondman relijyon nou an, epi si yon moun swiv presèp li, l ap vin pi pre Bondye pase si l swiv presèp nenpòt lòt liv” (entwodiksyon Liv Mòmmon an).

Liv Mòmmon an se yon lòt temwen verite yo anseye nan Bib yo. Li retabli verite “klè ak enpòtan” yo ki te pèdi yo nan

Bib la pa erè nan tradiksyon yo oubyen ke yo te “retire” nan bi pou “pèvèti chemen dwat Senyè a” (gade 1 Nefi 13:24–27, 38–41). Bib la ak Liv Mòmou an “pral fè yon sèl, pou yo kapab konfonn fo doktrin, sispann kontansyon, epi etabli lapè” (2 Nefi 3:12).

Prèske nan fen Liv Mòmou an, Pwofèt Mowoni anseye nou kijan nou ka konnen si liv la vrè: “Lè ou resevwa bagay sa yo, m vle egzète ou pou ou mande Bondye, Papa Letènèl, nan non Kris la, si bagay sa yo se pa verite; epi si ou mande avèk yon kè sensè, avèk senserite, si ou gen fwa nan Kris la, l ap montre ou se verite, avèk pouvwa Sentespri a” (Mowoni 10:4; gade vèsè 3 ak 5 tou).

Doktrin ak Alyans

Doktrin ak Alyans yo gen revelasyon yo te bay Pwofèt Joseph Smith. Li gen kèk revelasyon yo te bay lòt pwofèt dènye jou yo tou. Liv ekriti sa a san parèy paske li pa yon tradiksyon ansyen dokiman. Li se yon liv revelasyon Senyè a te bay pwofèt li chwazi nan dènye jou yo.

Pwofèt Joseph Smith te di ke Doktrin ak Alyans yo se “fondasyon legliz la nan dènye jou sa yo, epi se yon byen pou mond lan, ki montre kle mistè wayòm Sovè nou an konfyè bay lòm” (antèt D&A 70).

Pèl Gran Pri a

Pèl Gran Pri a gen liv Moyiz yo, liv Abraam nan, tradiksyon enspire Pwofèt Joseph Smith la pou Matye 24 la ak kèk lòt ekri Pwofèt Joseph.

Liv Moyiz la se yon ti ekstrè tradiksyon enspire Bib la Joseph Smith te fè a. Se yon anal pi konplè ekri Moyiz yo ki nan kòmansman liv Jenèz la nan Ansyen Testaman an. Li gen plizyè doktrin ak ansèyman ki te pèdi nan Bib la epi li bay enfòmasyon adisyonèl sou plan Sali a, kreyasyon tè a, ak relasyon Senyè a avèk Adan ak Enòk.

Liv Abraam nan se yon tradiksyon ansyen anal ki te ekri sou papiris ki te vin an posesyon legliz la nan lane 1835. Pwofèt Joseph Smith te tradui anal yo pa revelasyon. Liv sa a gen verite konsènan Premye Konsèy Premòtèl la nan Syèl la, kreyasyon tè a, nati Bondye, ak Prèttriz la.

Joseph Smith—Matye ajoute sou konesans siy ak ansèyman Sovè a konsènan Dezyèm Vini an.

Ekri Joseph Smith yo nan Pèl Gran Pri a gen ladan yo:

- Joseph Smith—Istwa, ki se yon ekstrè nan istwa legliz la pa Pwofèt la. Se yon resi evenman ki te mennen nan retablisman legliz la, ladan Premye Vizyon an, vizit Mowoni te fè Pwofèt Joseph yo, remiz plak lò yo, ak retablisman Prèttriz Aawon an.
- Atik Lafwa yo, ke Pwofèt Joseph Smith te ekri kòm deklarasyon debaz kwayans ak doktrin nou.

Referans adisyonèl: Women 15:4; 2 Timote 3:15–17; 2 Nefi 25:26; Alma 17:2–3; 3 Nefi 23:1–5; D&A 18:33–36; Atik Lafwa 1:8

Gade Pwofèt; Retablisman Levanjil la; Revelasyon

Ekspyasyon Jezikri

Mo *ekspyè* a vle di rekonsilye, oubyen remete ann amoni. Gras avèk Ekspyasyon Jezikri a, nou ka rekonsilye avèk Papa nou ki nan Syèl la (gade Women 5:10–11; 2 Nefi 25:23; Jakòb 4:11). Nou ka finalman retounen al abite nan prezans li etènèlman, paske nou “rann pafè pa Jezi” (gade D&A 76:62, 69).

Jezikri “te prepare depi fondasyon mond lan pou l te rachte pèp li a” (Etè 3:14). Nan mond lespri premòtèl la, Papa nou ki nan Syèl la te prezante plan etènèl sali a, ki te mande yon Ekspyasyon enfini epi etènèl. Jezi premòtèl la, ke yo te konnen lè sa a kòm Jewova, te enbleman deklare ke li te vle fè volonte Papa a nan akonpli plan an (gade Moyiz 4:2). Konsa li te preòdone pou l te akonpli Ekspyasyon an—pou vini sou tè a, soufri pou peche nou yo, mouri sou kwa a, epi resisite. Li te vin “Ti mouton ki te imole depi fondasyon

mond lan” (Revelasyon 13:8; gade 1 Pyè 1:19–20; Moyiz 7:47 tou).

Ekspyasyon an se ekspresyon siprèm lanmou Papa nou ki nan Syèl la gen pou nou (gade Jan 14:28–31; 15:9–13; 1 Jan 3:16; D&A 34:3; 138:1–4).

Nou te bezwen Ekspyasyon an

Antanke desandan Adan ak Èv, tout moun eritye efè Chit la. Nou tout pase pa lanmò espiyèl, etan separe avèk prezans Bondye, epi nou tout sijè anba lanmò tanporèl, ki se lanmò kò fizik la (gade Alma 42:6–9; D&A 29:41–42).

Nan eta dechi nou, nou sijè avèk opozisyon ak tantasyon. Lè nou sikonbe anba tantasyon, nou mete distans ant tèt nou avèk Bondye epi sa anpeche nou gen glwa li (gade Women 3:23).

Jistis etènèl la mande pou efè Chit yo rete epi pou nou pini pou pwòp fot pa nou. San Ekspyasyon an, lanmò espiyèl ak lanmò tanporèl t ap mete yon baryè enposib ant nou menm ak Bondye. Paske nou pa ka sove tèt nou soti nan Chit la ni soti nan pwòp peche pa nou, nou t ap separe avèk Papa nou ki nan Syèl la nèt ale, paske “okenn bagay pa pwòp . . . pa ka demere nan prezans li” (Moyiz 6:57).

Sèl fason pou nou sove sete pou yon lòt moun sove nou. Nou bezwen yon moun ki satisfè demann jistis yo—kanpe nan plas nou pou pote fado Chit la epi pou peye pri pou peche nou yo. Jezikri toujou rete sèl moun ki te kapab fè kalite sakrifis sa a.

Jezikri, sèl espwa nou

Depi anvan Kreyasyon tè a, Sovè a te toujou sèl espwa nou pou “lapè nan mond sa a, ak lavi etènèl nan mond ki gen pou vini an” (D&A 59:23).

Se sèlman li menm ki te gen pouvwa pou l te bay lavi li epi rebran l ankò. Nan manman l nan mòtalite a, Mari, li te eritye kapasite pou l mouri. Nan Papa imòtèl li, li te eritye

pouvwa pou l te simonte lanmò. Li te deklare: “Menmjan Papa a gen lavi nan li menm nan, se konsa li te bay Pitit la dwa pou gen lavi nan li menm tou” (Jan 5:26).

Se li menm sèlman ki te ka rachte nou soti nan peche. Bondye Papa a te bali pouvwa sa a (gade Elaman 5:11). Sovè a te kapab resevwa pouvwa sa a epi akonpli Ekspyasyon an paske li te kenbe tèt li lwen peche: “Li te sibi tantasyon men li pa t pote atansyon ak sa” (D&A 20:22). Paske li te viv yon lavi pafè, san peche, lajistis pa t mande l anyen. Paske li te gen pouvwa redanmsyon an epi paske li pa t gen okenn dèt anvè lajistis, li te kapab peye dèt la pou moun ki repanti yo. Li ka di:

“Papa, gade soufrans ak lanmò sila a ki pa komèt okenn peche a, nan li menm ou pran plezi a; gade san Pitit Gason w lan ki te vèse a, san sila a ke ou te bay la, pou ke ou menm, ou kapab glorifye a;

“Se poutèt sa, Papa, epaye moun sa yo, frè m yo, ki kwè nan mwen yo, pou yo ka vin jwenn mwen epi pou yo ka gen lavi etènèl” (D&A 45:4–5).

Reyèlman, “Pa gen okenn lòt non ni okenn lòt mwayen ki kapab pote sali bay pitit lèzòm, si se pa sèlman nan epi atravè non Kris la, Senyè Toupuisan an. (Mozya 3:17).

Ekspyasyon an (Sakrifis Ekspyatwa a)

Sakrifis Ekspyatwa Jezi a te fèt nan Jaden Jetsemene a epi sou kwa a nan Kalvè a. Nan Jetsemene, li te soumèt li anba volonte Papa a epi li te kòmanse pran peche tout moun sou tèt li. Li revele kèk nan sa li te soufri lè l t ap peye pri peche nou yo:

“Mwen menm, Bondye, mwen te soufri bagay sa yo pou tout moun, pou yo pa soufri si yo repanti;

Men si yo pa repanti, y ap oblije soufri menmjan avèk mwen;

Epi soufrans sa yo te fè m tranble anba doulè, mwen menm, Bondye, Pi gran nan tout la, epi yo te fè m senyen nan tout twou kò mwen epi yo te fè m soufri nan kò ak nan

lespri—epi mwen te anvi pa t oblije bwè koup anmè a, men mwen pa t vle kouri pou li tou—

Konsa, glwa a se pou Papa a, mwen te bwè epi m te fini tout sa mwen te prepare pou pitit lèzòm yo” (D&A 19:16–19; gade Lik 22:44; Mozya 3:7 tou).

Sovè a te kontinye soufri pou peche nou yo lè li te kite yo krisifye li a—“yo te mete l anlè sou yon kwa epi yo te touye l pou peche mond la (1 Nefi 11:33).

Sou kwa a, li te mouri volontèman. Apre sa yo te mete kò li nan yon tonm jiskaske li te resisite epi te vin “premye nan tout sa k te mouri yo” (1 Korentyen 15:20). Atravè lanmò li ak rezirèksyon li, li te venk lanmò fizik pou nou tout. Nan apre li te di:

“M te vini nan mond lan pou m fè volonte Papa m, paske Papa m te voye m.

Epi Papa m te voye m pou yo te kapab mete m sou kwa a, pou m kapab atire tout moun kote m, pou menm jan lèzòm te mete m sou kwa a, menm jan an tou pou Papa m resisite yo pou yo kanpe devan m, pou yo pase anba jijman pou zèv yo, menm si zèv yo te bon oubyen move—

Epi se poutèt sa m te leve; kounyeya, daprè pouvwa Papa, m atire tout moun vin kote m, pou yo kapab pase anba jijman daprè zèv yo.

Epi, se pral konsa, nenpòt moun ki repanti epi ki batize nan non m, l ap ranpli; epi si l pèsevere jiskalafen, reyèlman, m ap konsidere l inosan devan Papa m nan jou m ap kanpe pou m jije mond la” (3 Nefi 27:13–16).

Redanmsyon inivèsèl soti nan Chit la

Atravè Ekspyasyon an, Jezikri rachte tout moun soti nan efè Chit la. Tout moun ki te viv sou tè a epi tout moun ki gen pou vin viv sou tè a ap resisite epi retounen nan prezans Bondye pou yo jije (gade 2 Nefi 2:5–10; Elaman 14:15–17). Gras avèk don mizèrikòd Sovè a ak gras redanmètè li, nou tout ap resevwa imòtalite epi viv pou tout tan nan kò resisite, glorifye nou.

Sali soti nan peche nou yo

Menmsi nou rachte san kondisyon soti anba efè inivèsèl Chit la, nou responsab pou pwòp peche pa nou. Men nou ka jwenn padon epi vin pwòp soti nan salte peche si nou “aplike san ekspyatwa Kris la” Mozya 4:2). Nou dwe egzèsè lafwa nan Jezikri, repanti, batize pou remisyon peche nou yo, epi resevwa don Sentespri a. Alma te konseye:

“Ou dwe repanti, epi ou dwe fèt ankò paske Lespri a di, si ou pa fèt ankò ou pa kapab eritye wayòm syèl la; se poutèt sa, vin batize pou repantans, pou ou kapab lave anba peche ou yo, pou ou kapab gen lafwa nan Ti Mouton Bondye a, li menm ki retire peche mond la, li gen pouvwa pou l lave moun anba tout enjistis.” (Alma 7:14).

Don lavi etènèl la

Sovè a te deklare ke lavi etènèl se “pi gran nan tout don Bondye yo” (D&A 14:7). Jwenn lavi etènèl se vin diy pou rete nan prezans Bondye, pou eritye yon plas nan degre ki pi wo a nan wayòm selès la. Don sa a disponib sèlman atravè Ekspyasyon Jezikri a. Mòmon te di: “Epi, kisa ou dwe espere? Reyèlman, m di ou konsa, ou dwe gen esperans nan ekspyasyon Kris la ak pouvwa rezirèksyon li a, pou ou resisite nan lavi etènèl, epi se poutèt lafwa ou nan li, dapre pwomès la” (Mowoni 7:41).

Pou resevwa don sa a, nou dwe ranpli kèk kondisyon. Nou dwe gen lafwa nan Jezikri, repanti pou peche nou yo, epi pèsèvere fidèlman jiskalafen. Nou dwe resevwa òdonans Sali yo: batèm, don Sentespri a, òdinasyon nan Prètriz Mèlkisedèk la (pou gason yo), ak dotasyon ak maryaj sèlman nan tanp. Si nou resevwa òdonans sa yo epi nou kenbe alyans ki asosye avèk yo yo, n ap vin jwenn Kris epi alafen n ap resevwa don lavi etènèl la (gade Atik Lafwa 1:3).

Nan jistis li ak mizèrikòd enfini li, Senyè a bay lavi etènèl tou pou “tout moun ki te mouri san yo pa t konnen levanjil sa a, ki t ap resevwa li si yo te pèmèt yo rete” epi pou “tout

timoun ki mouri anvan yo rive nan laj responsablite yo” (D&A 137:7, 10).

Sovè a envite nou tout vin resevwa lavi etènèl: “Li voye yon envitasyon bay tout moun, paske ponyèt mizèrikòd li lonje pou yo, epi li di: Repanti ou epi m ap resevwa ou. Wi, li di konsa: Vin jwenn mwen epi w ap manje nan fwi pyebwa lavi a; wi, w ap manje epi w ap bwè nan pen ak dlo lavi a gratis” (Alma 5:33–34).

Jwenn lapè ak gerizon atravè Ekspyasyon an

Benediksyon Ekspyasyon Sovè a etann rive nan letènite, men yo vini nan lavi sa a tou. Lè ou vin jwenn Kris, w ap konnen lajwa vin pwòp devan Senyè a. W ap vin kapab fè eko avèk pawòl Alma yo, ki, apre anpil peche ak rebelyon, te fè eksperyans pwosesis doulè repantans lan men ki te pote gerizon pou li. Apre li te fin jwenn padon, li te temwaye:

“Mwen pa t kapab sonje soufrans mwen yo ankò; wi, m pa t toumante anba rapèl peche m yo ankò.

O, gade yon jwa, ak yon limyè mèveye m te wè; wi nanm mwen te chaje avèk yon pakèt jwa, ki te konparab avèk kantite lapenn m te genyen yo.

... P at gen anyen pi pike ak pi anmè pase lapenn mwen yo. . . . Yon lòt bò, pa t gen anyen pi dous pase jwa m te genyen an” (Alma 36:19–21).

Anplis ofri redanmsyon soti nan doulè peche a, Sovè a ofri lapè nan moman eprèv tou. Kòm pati Ekspyasyon l lan, Jezi te pran sou li menm doulè, maladi, ak enfimite tout moun (gade Alma 7:11–12). Li konprann soufrans ou paske li te pase li. Avèk konpreyansyon pafè sa a, li konnen kijan pou l ede ou. Ou ka lage “tout sousi w yo ba li, paske l ap pran swen ou” (1 Pyè 5:7).

Gras avèk lafwa ou ak fidelite ou epi gras avèk Sakrifis Ekspyatwa li a, tout enjistis, blesi, ak doulè lavi sa a ka konpanse totalman epi yo repara. Benediksyon yo refize ou nan lavi sa a y ap ba ou yo nan letènite. Epi menmsi li pa soulaje tout soufrans ou kounyeya, l ap beni ou avèk rekonfò

Enpozisyon dèmen

ak konpreyansyon epi avèk fòs pou w “pote fado w yo avèk fasilite” (Mozya 24:;15).

Sovè a di: “Vini jwenn mwen, ou menm ki fatige epi k ap pote chay, epi m ap ba ou soulajman” (Matye 11:28). Nan yon lòt okazyon li te pwomèt lapè li ankò, li te di, “N ap pase tribilasyon nan mond lan; men pran kouraj; mwen te venk mond lan” (Jan 16:33). Bagay sa yo se pwomès Ekspyasyon an, nan lavi sa a epi pou tout letènite.

Referans adisyonèl: Ezayi 49:13–16; 53; Matye 26–28; Mak 14–16; Lik 22–24; Jan 10:14–15; 11:25–26; 14:6; 15:13; 19–20; 1 Korentyen 15:20–22; Ebre 4:14–16; 1 Jan 1:7; 1 Nefi 10:6; 2 Nefi 2:1–10; 9; 25:23–26; Jakòb 4:12; Mozya 3:1–19; Alma 22:14; 34:5–18; 42; Elaman 5:9–12; 14:13–19; 3 Nefi 9:14–22; 27:13–22; Mòmou 9:10–14; Etè 12:27, 41; Mowoni 8:5–26; 10:32–33; D&A 18:10–12; 19:15–24; 20:17–34; 45:3–5; 76:40–43; Moyiz 1:39

Gade tou Batèm, Lanmò fizik; lanmò espiritiyèl; Lavi etènèl; Lafwa; Chit la, Padon, Bondye Papa a; Levanjil; Jistis; Wayòm glwa yo; Mizèrikòd; Òdonans; Plan Sali; Repantans; Rezirèksyon; Sali

Enpozisyon dèmen

Enpozisyon dèmen an se pwosedi ki te revele pa Senyè a pou akonpli plizyè òdonans nan Prètriz la, tankou konfirmasyon, òdinasyon, mete manm apa pou sèvi nan apèl, administrasyon, epi bay lòt benediksyon Prètriz (gade D&A 42:44; Atik Lafwa 1:4–5). Moun ki gen bon otorite Prètriz la mete men yo sou tèt moun ki ap resevwa òdonans lan. Pandan y ap fè sa a y ap sèvi kòm enstriman pou Senyè a beni pitit li yo (gade D&A 36:2).

Pwosedi sa a toujou itilize pa detantè Prètriz yo. Adan te òdone desandan gason ki te fidèl pa enpozisyon dèmen (gade D&A 107:40–50). Lè Jakòb te pwononse benediksyon sou Efrayim ak Manase, li te mete men l sou tèt yo (gade Jenèz 48:14–19). Alma te “òdone prèt ak ansyen, pa enpozisyon dèmen selon lòd Bondye” (Alma 6:1). Apot Pyè ak Jan te konfere don Sentespri a pa enpozisyon dèmen (gade Travay 8:14–17). Nan dispansasyon sa a, Jan Batis te konfere Prètriz Aawon an

sou Joseph Smith ak Oliver Cowdery pa enpozisyon dèmen (gade Joseph Smith—Histoire 1:68–69).

Referans adisyonèl: Nonb 27:18–23; Travay 19:1–6; 1 Timote 4:14; D&A 33:15; 35:6

Gade Sentespri, Prètriz tou

Esperans (Espwa)

Mo *esperans* lan pafwa yo mal konprann ni. Nan langaj chak jou nou, mo a souvan gen yon soupson ensètitud. Pa egzanp, nou ka di ke nou espere yon chanjman nan tan an oubyen yon vizit yon zanmi. Sepandan, nan langaj levanjil la, mo *esperans* lan se yon nosyon asire, inebranlab, epi aktif. Pwofèt yo pale sou gen yon “*esperans fèm*” (Alma 34:41) ak yon “*esperans vivan*” (1 Pyè 1:3). Pwofèt Mowoni te anseye: “Nenpòt moun ki kwè nan Bondye kapab reyèlman espere pou yon pi bon mond; wi, menm yon plas bò kote dwat Bondye; *esperans* sa a sòti nan lafwa, li atache avèk nanm lèzòm, ki fè yo gen asirans epi yo rete fèm, pou yo fè bon zèv tout tan, pou yo glorifye Bondye” (Etè 12:4).

Lè nou gen *esperans*, nou kwè pwomès Bondye yo. Nou gen yon asirans pezib ke si nou fè “zèv lajistis”, n ap “resevwa rekonpans nou, menm lapè nan mond sa a, ak lavi etènèl nan mond ki gen pou vini an” (D&A 59:23). Mòmmon te anseye ke kalite *esperans* sa a vini sèlman atravè Ekspyasyon Jezikri a: “Kisa ou dwe espere? Reyèlman, m di ou konsa, ou dwe gen *esperans* nan ekspyasyon Kris la ak pouvwa rezirèksyon li a, pou ou resisite nan lavi etènèl, epi se poutèt fwa ou nan li, dapre pwomès la” (Mowoni 7:41).

Pandan w ap eseye viv levanjil la, w ap grandi nan kapasite ou pou “abonde nan *esperans*, atravè pouvwa Sentespri a” (Women 15:13). W ap ogmante nan *esperans* pandan w ap priye epi chèche padon Bondye. Nan Liv Mòmmon an, yon misyonè yo te rele Aawon te asire yon wa Lamanit, “Si ou repanti nan tout peche ou yo, epi si ou vle bese devan Bondye, epi rele non li avèk fwa, si ou kwè ou kapab resevwa, lè sa a w ap resevwa *esperans* ou vle genyen an.”

(Alma 22:16). Ou gen esperans lè ou etidye ekriti yo epi suiv ansèyman ekriti yo tou. Apot Pòl te anseye: “Tout sa ki te ekri alavans yo te ekri pou enstriksyon nou, pou ke atravè pasyans, epi atravè konsolasyon ekriti yo bay, nou ka gen esperans” (Women 15:4).

Prensip esperans lan etann rive nan letènite, men li ka soutni ou atravè pwoblèm chak jou yo nan lavi ou. Salmis la te di: “Byennere, moun ki gen Bondye Jakòb la kòm èd li, ki gen esperans li nan Senyè a Bondye li” (Som 146:5). Avèk esperans, ou ka jwenn lajwa nan lavi sa a. Ou ka gen pasyans, epi sipòte . . . “afliksyon yo, avèk yon esperans fèm pou ou konnen yon jou, w ap repoze soti nan tout aflikasyon w yo” (Alma 34:41). Ou ka “mache annavan avèk fèmte nan Kris la, avèk yon esperans pafètman klè, epi avèk yon amou pou Bondye ak tout moun. Se poutèt sa, si ou kenbe fèm, ou fete nan pawòl Kris la, epi ou persevere jiskalafen, reyèlman Papa a di: W ap gen lavi etènèl” (2 Nefi 31:20).

Referans adisyonèl: Lamantasyon 3:25–26; 1 Korentyen 15:19–22; 1 Pyè 3:15; 1 Jan 3:2–3; Jakòb 4:4–6; Alma 13:28–29; 27:28; Etè 12:32; Mowoni 8:26; 9:25; 10:22

Gade Advèsite; Ekspyasyon Jezikri; Charite; Lafwa

EsPRI

Ou se yon pitit esPRI Papa nou ki nan Syèl la, epi ou te egziste antanke yon esPRI anvan ou te vin fèt sou tè a. Pandan lavi ou sou tè a, esPRI ou abite nan kò fizik ou, ki ne soti nan paran mòtèl.

Nan ekriti yo, nou aprann sou nati esPRI yo. Nou aprann ke “tout esPRI se matyè, men li pi rafine oswa pi pi, epi li ka disè-ne sèlman pa je ki pi” (D&A 131:7). Nou li ke “esPRI yon moun [se] imaj moun sa a, menmjan avèk esPRI yon bèt, ak tout lòt kreyati Bondye te kreye” (D&A 77:2; gade Etè 3:7–16 tou).

Ekriti yo anseye ke nan moman lanmò fizik la, esPRI a pa mouri. Li separe soti nan kò a epi l al viv nan mond esPRI apre lanmò yo. Nan moman rezirèksyon an, esPRI a ap reyini

avèk kò a, “pou yo pa janm separe ankò; konsa tout kò a vin espiritiyèl epi imòtèl” (Alma 11:45).

Referans adisyonèl: Women 8:16–17; 2 Nefi 9:10–13; D&A 93:29, 33

Gade Plan Sali; Rezirèksyon; Nanm tou

Espri Senyè a (*Gade Sentespri; Limyè Kris*)

Espri verite (*Gade Sentespri*)

Evèk (*Gade Administrasyon Legliz la*)

Fanmi

23 Septanm 1995, Prezidan Gordon B. Hinckley, 15zyèm Prezidan Legliz la, te li deklarasyon sa a nan yon reyinyon jeneral Sosyete Sekou. Pwoklamasyon enspire sa a, ki rele “Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan,” vin deklarasyon definitif legliz la sou fanmi:

NOU MENM PREMYE PREZIDANS lan ak Konsèy Douz Apot yo nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, nou pwoklame solanèlman, maryaj ant yon gason ak yon fi se yon bagay Bondye òdone epi fanmi se pwen santral nan plan Kreyatè a pou destine etènèl pitit Li yo.

TOUT KRETYEN VIVAN—gason ak fi—te kreye dapre imaj Bondye. Yo chak se yon pitit lespri gason oubyen fi ki soti nan paran selès, epi konsa, yo chak gen yon nati ak yon destine diven. Maskilen ak feminen se yon karakteristik esansyèl pou moun ki premòtèl, ki mòtèl, epi se yon idantite ak yon objektif etènèl.

NAN EGZISTANS PREMÒTÈL LA, pitit gason ak pitit fi lespri yo te konnen Bondye epi yo te adore L kòm Papa Etènèl yo epi yo te aksepte plan L lan kote pitit li yo te kabab vin gen yon kò fizik pou yo fè eksperyans terès epi pou yo pwogrese nan direksyon pèfeksyon epi pou yo vin rive alafen nan destine diven yo kòm eritye lavi etènèl. Plan bonè diven an

pèmèt relasyon familyal yo kontinye jis apre lamò. Òdonans ak alyans sakre yo rann li posib pou chak moun retounen nan prezans Bondye epi pou fanmi yo ini pou letènite.

PREMYE KÒMANDMAN Bondye te bay Adan ak Èv la te mansyone potansyèl yo kòm paran antanke mari ak madanm. Nou deklare kòmandman Bondye te bay pitit Li yo pou yo multipliyè epi pou yo ranpli latè a toujou valab. Nou deklare pi lwen ke Bondye kòmande pou pouvwa sakre pwokreyasyon yo sèvi sèlman ant gason ak fi ki marye legalman.

NOU DEKLARE mwayen pou kreye lavi mòtèl sou latè a se yon bagay Bondye tabli. Nou deklare lavi a sakre epi li enpòtan nan plan etènèl Bondye a.

MARI AK MADANM gen yon responsablite solanèl pou yonn renmen ak pran swen lòt epi pou yo renmen ak pran swen pitit yo. Pitit se eritaj Senyè (Sòm 127:3). Paran yo gen yon devwa sakre pou yo elve pitit yo nan lanmou ak jistis, pou satisfè bezwen fizik ak espirityèl yo, pou anseye yo pou yo sèvi epi pou yonn renmen lòt, pou yo respekte kòmandman Bondye yo epi pou yo tounen sitwayen ki obeyi lwa kèlkeswa kote yo abite. Mari ak madanm—manman ak papa—pral gen responsablite devan Bondye pou akonplisman obligasyon sa yo.

SE BONDYE KI ÒDONE FANMI. Maryaj ant gason ak fi se yon bagay endispansab pou plan etènèl Li a. Se dwa timoun pou yo pran nesans nan relasyon maryaj, epi pou yon papa ak yon manman ki onore alyans maryaj avèk fidelite total elve yo. Bonè nan lavi familyal kapab akonpli pi souvan lè l fonde sou ansèyman Lesenyè Jezikri. Maryaj ak fanmi ki gen siksè yo tabli epi yo chita sou prensip lafwa, priyè, repantans, padon, respè, lanmou, konpasyon, travay, ak aktivite rekreyatif ki pwòp. Dapre plan diven an, papa yo dwe dirije fanmi yo avèk lanmou ak jistis epi yo responsab pou yo bay fanmi you tout sa yo bezwen lavi a ak pwoteksyon. Manman yo responsab prensipalman pou nourri pitit yo. Nan responsablite sakre sa yo, manman ak papa gen obligasyon pou yonn ede lòt kòm asosye egal. Enfimite, lanmò, oubyen lòt sikonstans kapab egziye adaptasyon endividyèl. Lòt kòd fanmi yo ta dwe bay sipò yo lè l nesesè.

NOU AVÈTI moun ki vyole alyans chaste, ki maltrete konjwen yo oubyen pitit yo, oubyen ki pa akonpli responsablite famiyal yo pral rann kont devan Bondye yon jou. Anplis, nou avèti, dezentegrasyon fanmi an ap pote kalamite pwofèt ansyen ak modèn yo te predi yo sou endividi yo, kominote yo, ak nasyon yo.

“Nou mande sitwayen ak responsab gouvènman tout kote yo ye, pou yo sipòte lwa sa so ki te tabli pou kenbe epi pou ranfòse fanmi kòm inite fondamantal sosyete a” (Ensign, Nov. 1995, 102).

Gade Sware Familyal; Maryaj; Tanp tou

Fèt ankò (*Gade Batèm; Konvèsyon; Sali*)

Fònikasyon (*Gade Chastete*)

Gaman (*Gade Tanp*)

Gouvènman (*Gade Gouvènman sivil ak lwa*)

Gouvènman sivil ak la lwa

Seksyon 134 Doktrin ak Alyans yo souliyen kwayans Sen Dènye Jou yo “konsènan gouvènman yo ak lwa terès yo an jeneral” (D&A 134, rezime seksyon an). Seksyon an gen deklarasyon sa yo ladan:

“Nou kwè ke gouvènman yo te enstitye pa Bondye pou benefis lèzòm; epi l ap rann lèzòm responsab pou aksyon yo anvè yo, nan deklarasyon lwa yo osibyen nan aplikasyon yo pou byen ak sekirite sosyete a . . .

“Nou kwè ke tout moun dwe soutni epi defann gouvènman peyi kote y ap viv yo, osi lontan yo ke yo pwoteje nan dwa esansyèl epi inalyenab yo pa lwa gouvènman sa yo; epi revolt ak rebelyon pa diy pou sitwayen ki pwoteje nan fason sa a epi yo dwe pini an konsekans; epi tout gouvènman gen dwa dekrete lwa ki, selon jijman yo, pi ka garanti enterè

piblik la; pandan ke an menm tan an, y ap konsidere ke libète konsyans sakre.

“Nou kwè ke chak moun dwe onore nan pozisyon pa li, gouvènman yo ak majistra yo antanke sa yo ye, paske yo plase pou pwoteje inosan epi pou pini koupab; epi tout moun dwe montre respè ak konsiderasyon pou lwa sa yo, paske san yo lapè ak amoni t ap ranplase pa anachi ak laterè; lwa imen yo etan fèt nan bi eksprè pou regle enterè nou, ant yon moun ak yon lòt, antanke endividi epi antanke nasyon; tandiske lwa divin yo soti nan syèl, pou preskri règ konsènan zafè espiritiyèl nou, pou lafwa ak adorasyon, de bagay lèzòm gen pou reponn devan Kreyatè yo a” (D&A 134:1, 5–6).

Yonn nan eleman kle separasyon legliz ak leta se responsablite gouvènman an genyen pou garanti libète relijye. Pwofèt dènye jou yo soutni prensip sa a, jan yo deklare nan onzyèm atik lafwa a: “Nou reklame dwa sakre pou nou adore Bondye Toupisan dapre sa konsyans nou di nou, e nou pèmèt tout moun jwi menm dwa sa a pou yo adore jan yo vle, kote yo vle, ak sa yo vle.” Konsistan avèk separasyon legliz ak leta, legliz la pa soutni okenn pati politik ni kandida politik. Li pa pèmèt yo itilize bilding ak ekipman legliz yo pou bi politik. Legliz la pa patisipe nan politik sof si gen yon kesyon moral ki an diskisyon, nan ka sa a legliz la ap souvan fè tande li.

Menmsi legliz la rete san pati pri politikman, dirijan legliz yo ankouraje chak manm endividiyèlman pou yo patisipe antanke sitwayen. Antanke Sen Dènye Jou, ou dwe konprann plas ou ak pozisyon ou nan peyi kote w ap viv la. Etidye istwa, eritaj, ak lwa peyi ou. Si ou gen posiblite pou w vote epi pou w patisipe nan zafè gouvènman an, se pou ou angaje ou aktivman pou soutni epi defann prensip la verite, lajistis, ak libète.

Referans adisyonèl: D&A 98:10; Atik Lafwa 1:12

Gras

Mo *gras* la, jan li itilize nan ekriti yo, fè referans prensipalman avèk èd ak fòs divin nou resevwa atravè Ekspyasyon Senyè

Jezikri a. Apot Pyè te anseye ke nou dwe “grandi nan la gras, epi nan konesans Senyè nou ak Sovè nou Jezikri” (2 Pyè 3:18).

Sali pa la Gras

Akòz Chit la, chak moun ap fè eksperyans lanmò tanporèl. Pa la gras, ki disponib gras avèk Sakrifis Ekspyatwa Sovè a, tout moun ap resisite epi resevwa imòtalite (gade 2 Nefi 9:6–13). Men rezirèksyon an poukont li pa kalifye nou pou lavi etènèl nan prezans Bondye. Peche nou yo rann nou pa pwòp epi pa diy pou nou demere nan prezans Bondye, epi nou bezwen gras li pou pirifye nou epi rann nou pafè “apre tout sa nou kapab fè” (2 Nefi 25:23).

Ekspresyon “apre tout sa nou kapab fè” a anseye ke sa mande efò bò kote pa nou pou nou resevwa plenitud gras Senyè a epi vin diy pou nou abite avèk li. Senyè a kòmande nou pou nou obeyi levanjil li a, ki gen ladan gen lafwa nan li, repanti soti nan peche nou, batize, resevwa don Sentespri a, epi pèsevere jiskalafen (gade Jan 3:3–5; 3 Nefi 27:16–20; Atik Lafwa 1:3–4). Pwofèt Mowoni te ekri osijè gras nou resevwa pandan nou vin jwenn Sovè a epi obeyi ansèyman l yo:

“Vin jwenn Kris la, epi pèfeksyone ou nan li, epi debarase kò ou anba tout endiyite; epi si ou debarase kò ou anba tout endiyite, epi si ou renmen Bondye avèk tout pouvwa ou, pansè ou, ak fòs ou, lè sa a gras li ap ase pou ou, pou ou kapab vin pafè nan Kris la atravè gras li; epi si ou pafè nan Kris la atravè gras Bondye, pa gen anyen ki pou fè ou nye pouvwa Bondye .

“Epi ankò, si, avèk gras Bondye ou vin pafè nan Kris la, epi ou pa nye pouvwa l, lè sa a ou sanktifye nan Kris la atravè gras Bondye, nan san Kris la ki te koule a, ki se alyans Papa a pou remisyon peche ou yo, pou ou kapab vin sen, san tach” (Mowoni 10:32–33).

Resevwa gras pandan tout lavi ou

Anplis ou bezwen gras pou sali final ou, ou bezwen pouvwa sa a chak jou nan lavi ou. Pandan w ap apwoche pi

Gratitid

pre Papa nou ki nan Syèl la nan dilijans, imilite, ak dousè Li ap elve ou epi fòtifye ou atravè gras li (Pwovèb 3:34; 1 Pyè 5:5; D&A 88:78; 106:7–8). Apiye sou gras Bondye ap pèmèt nou pwogrese epi grandi nan lajistis. Jezi li menm pa t “resevwa plenitid la toudabò, men li te kontinye gras an gras, jis-kaske li te resevwa yon plenitid” (D&A 93:13). Gras ap pèmèt ou ede bati wayòm Bondye a, yon sèvis ou pa ka bay pa fòs ou ak mwayen ou sèlman (gade Jan 15:5; Filipyen 4:13; Ebre 12:28; Jakòb 4:6–7).

Si ou konn dekouraje oubyen ou konn santi ou twò fèb pou kontinye viv levanjil la, sonje fòs ou kapab resevwa pa pouvwa lagras la. Ou ka jwenn konsolasyon ak asirans nan pawòl sa yo Senyè a te di yo: “Gras mwen ase pou tout moun ki imilye devan m; paske, si yo gen imilite devan m, epi yo gen fwa nan mwen, lè sa a m ap fè bagay fèb yo vin fò pou yo” (Etè 12:27).

Referans adisyonèl: Travay 15:11; Women 5:2; 2 Nefi 10:24; 11:5

Gade Ekspyasyon Jezikri a; Rezirèksyon; Sali

Gratitid

Senyè a pwomèt: “Moun ki resevwa tout bagay avèk gratitid ap vin rann gloriye” (D&A 78:19). Gratitid se yon atitid edifyan, egzaltan. Ou ka petèt di apati eksperyans ou ke ou pi kontan lè ou gen gratitid nan kè ou. Ou pa ka anmè, ni an kòlè, ni gen move entansyon lè ou gen gratitid.

Se pou ou rekonesan pou benediksyon mèveye ou genyen yo. Se pou ou gen gratitid pou opòtinite ekstraòdinè ou genyen yo. Se pou ou rekonesan poutèt paran ou. Fè yo konnen gratitid ou. Remèsye zanmi ou ak enstriktè ou. Ekspriye apresyasyon ou pou chak moun ki fè ou yon favè oubyen ki ede ou nan nenpòt fason.

Di Papa nou ki nan Syèl la mèsì pou bonte li anvè ou. Ou ka ekspriye gratitid ou pou Bondye lè ou rekonèt men li nan tout bagay, lè ou di l mèsì pou tout sa li ba ou, lè w respekte

kòmandman l yo, epi lè w sèvi lòt moun. Di l mèsì pou Pitit Gason Byenneme l la, Jezikri. Eksprime remèsiman ou pou gran egzanp Sovè a, pou ansèyman l yo, pou men li ki lonje ap tann pou l elve epi ede, pou Ekspyasyon enfini li.

Di Senyè a mèsì pou legliz retabli a. Di l mèsì pou tout sa li ofri ou. Di l mèsì pou zanmi ak fanmi. Kite yon lespri rekonesans gide ou epi beni jounen ou ak nuit ou. Travay pou w vin rekonesan. W ap vin dekouvri ke sa pote rezilta mèveye.

Referans adisyonèl: Som 100:3–4; Lik 17:11–19; Mozya 2:19–22; Alma 34:38; D&A 59:7

Gwosyète

Gwosyète se yon mank respè oubyen mepri pou bagay ki sakre yo. Li gen ladan itilizasyon neglijan oubyen itilizasyon san reverans non yonn nan manm Divinite a. Se tout kalite langaj oswa konpòtman pa pwòp epi vilgè tou.

Toujou itilize non Papa nou ki nan Syèl la, Jezikri, ak Sentespri a avèk reverans ak respè. Move itilizasyon non yo se peche. Langaj oubyen jès pwofan, vilgè, oubyen gwosye yo, osibyen blag imoral yo, ofanse Senyè a ak lòt moun.

Langaj gwosye nuizib pou lespri epi li degrade ou. Pa kite lòt moun ap pouse ou pou w itilize langaj ki pa bon. Men, itilize langaj ki pwòp ki elve epi edifye lòt moun. Chwazi zanmi ki itilize bon langaj. Tabli yon egzanp ki ap ankouraje moun ki bò kote ou pou yo itilize langaj ki pwòp. Si zanmi ak relasyon ou ap itilize langaj gwosye, jantiman ankouraje yo pou yo chwazi lòt mo. Si yo pèsiste, mache w ale poliman oubyen chanje sijè.

Si ou gen abitud sèmante, ou ka sispann. Kòmanse pa pran desizyon pou w chanje. Priye pou w jwenn èd. Si ou ta gen anvì itilize langaj ki gwosye, fèmèn bouch ou oubyen di sa yon lòt fason.

Referans adisyonèl: Levitik 19:12; D&A 63:60–64

Gade Modesti; Tantasyon tou

Imilite

Enb vle di rekonèt depandans ou sou Senyè avèk gratitud—konprann ke ou gen bezwen sipò konstan li. Imilite se rekonèt ke talan ou ak abiltè ou se don Bondye. Se pa yon siy feblès, timidite, oubyen krent; se yon endikasyon ke ou konnen sous vrè fòs ou. Ou gen dwa alafwa enb epi san krent. Ou ka enb epi plen kouraj.

Jezikri se pi gran egzanp imilite nou. Pandan ministè mòtèl li, li te toujou rekonèt fòs li te vini akòz depandans li sou Papa a. Li te di: “Mwen menm poukont mwen mwen pa ka fè anyen. . . . M ap chèche fè non pa volonte pa mwen, men volonte Papa aki voye m nan” (Jan 5:30).

Senyè a ap fòtifeye ou si ou imilye ou devan li. Jak te anseye: “Bondye reziste ak ògeye a, men li fè enb yo gras. . . . Imilye ou devan Bondye, epi l ap elve ou” (Jak 4:6, 10)

Referans adisyonèl: Matye 18:4; 23:12; 26:39; Lik 22:42; 1 Pyè 5:5–6; Mozya 4:11–12; 15:6–7; Alma 5:27–28; Elaman 3:33–35; Etè 12:27; D&A 12:8; 67:10; 112:10; 136:32–33

Imoralite seksyèl (*Gade Chastete*)

Inite

Jis anvan Sovè a te akonpli Eksypayson an li te priye pou disip li yo, ke l te voye nan mond lan pou preche levanjil la. Li te priye pou moun ki gen pou kwè nan li yo gras avèk pawòl disip yo tou. Li te sipliye pou inite: “Pou yo ka fè yon sèl; menmjan ou menm, Papa, ou nan mwen an, epi mwen nan ou a, pou yo ka fè yon sèl nan nou; pou mond lan ka kwè ke ou te voye mwen” (Jan 17:21).

Apati priyè sa a nou aprann kijan levanjil la ini nou avèk Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri epi yonn avèk lòt. Lè nou viv levanjil la, resevwa òdonans Sali yo epi kenbe alyans nou yo, nati nou chanje. Ekspyasyon Sovè a sanktifeye nou, epi nou ka viv nan inite, jwi lapè nan lavi sa a epi

prepare nou pou al abite avèk Papa a ak Pitit Gason an pou tout tan.

Senyè a te di: “Si nou pa fè yonn nou pa pou mwen” (D&A 38:27). Ou ka chèche epi favorize nivo inite sa a nan fanmi ou epi nan legliz la. Si ou marye, ou menm avèk konjwen ou ka ini nan bi epi nan aksyon. Nou ka fè ke kalite pèsonèl yonn konplete pa lòt la pandan n ap afwonte pwoblèm yo ansanm epi grandi nan lanmou ak konpreyansyon. Ou ka ini avèk lòt manm fanmi yo tou epi avèk manm legliz yo pandan n ap sèvi ansanm, epi yonn ankouraje lòt. Ou ka vin fè yonn avèk Prezidan Legliz la ak lòt dirijan legliz yo pandan w ap etidye pawòl yo epi swiv konsèy yo.

Pandan ke legliz la ap grandi nan tout mond lan, tout Sen Dènnye Jou yo ka ini. Se pou nou “makonnen ansanm nan inite ak amou yonn pou lòt” (Mozya 18:21). Nou apresye diferans kil-tirèl ak diferans endividyèl chak moun, men n ap chèche “inite nan lafwa” tou ki vini lè nou suiv dirijan enspire yo epi sonje ke nou tout se pitit menm Papa a (gade Efezyen 4:3–6, 11–13).

Gade tou Amou; Maryaj; Obeyisans; Sèvis; Siyon

Jèn ak Ofrann Jèn

Jene se rete san manje ni bwè volontèman, pandan yon peryòd tan. Jene asosye avèk lapriyè sensè ka ede ou prepare tèt ou ak lòt moun pou resevwa benediksyon Bondye yo.

Bi jèn

Yon fwa, Sovè a te chase yon demon soti nan kò yon timoun epi li te itilize okazyon sa a pou l te anseye disip li yo pouvw la priyè ak jèn. Disip yo te mande li, “Poukisa nou pa t ka chase li?” Jezi te reponn, “Akòz mank lafwa nou; paske anverite mwen di nou, si nou gen lafwa tankou yon ti grenn sab, nou ka di montay sa a, deplase epi ale yon lòt kote; epi l ap deplase; epi anyen pap enposib pou nou. Men, kalite demon sa a chase avèk lapriyè ak jèn sèlman” (Matye 17:14–21.)

Resi sa a anseye ke lapriyè ak jèn ka bay fòs anplis pou moun ki ap bay epi ki ap resevwa benediksyon Prètriz yo. Li ka aplike ak efò pèsonèl nou tou pou viv levanjil la. Si ou gen yon feblès oubyen yon peche w ap lite pou w simonte, fòk ou jene epi priye pou ou ka resevwa èd ak padon ou bezwen an. Menmjan avèk demon Kris la te chase a, difikilte w la se ka kalite difikilte ki ka venk sèlman pa lapriyè ak jèn.

Ou gen dwa jene pou plizyè rezon. Jene se yonn nan fason pou adore Bondye epi ekspriye gratitid ou anvè li (gade Lik 2:37; Alma 45:1). Ou gen dwa jene lè w ap mande Papa nou ki nan syèl la pou l beni malad yo ak aflije yo (gade Matye17:14–21). Jene ka ede ou menm avèk moun ki chè pou ou yo resevwa revelasyon pèsonèl epi vin konvèti nan verite a (gade Alma 5:46; 6:6). Atravè jèn nou ka jwenn fòs pou n reziste anba tantasyon (gade Ezayi 58:6). Nou gen dwa jene lè n ap efòse n imilye tèt nou devan Bondye epi egzèse lafwa nan Jezikri (gade Omni 1:26; Elaman 3:35). Ou gen dwa jene pou resevwa gidans pou pataje levanjil la epi mayifye apèl nou nan legliz la (gade Travay 13:2–3; Alma 17:3, 9; 3 Nefi 27:1–2). Jene ka akonpaye chagren selon Bondye oubyen yon dèy (gade Alma 28:4–6; 30:1–2).

Dimanch jèn

Legliz la bay yon Dimanch chak mwa, abityèlman Premye Dimanch mwa a, kòm jou jèn. Byen obsève Dimanch jèn nan gen ladan rete san manje ni bwè pandan de repa, ale nan reyinyon jèn ak temwayaj, epi bay yon ofrann jèn pou ede pran swen moun ki nan bezwen yo.

Ofrann jèn ou dwe reprezante omwen valè de repa ou pa manje yo. Lè sa posib, se pou ou gen jenewozite epi bay plis pase montan sa a.

Anplis obsève jou jèn nan ki mete apa pa dirijan legliz yo, ou gen dwa jene nenpòt lòt jou tou, selon bezwen ou ak bezwen lòt moun. Sepandan, ou pa dwe jene twò souvan ni pandan tan depase aleksè.

Vrè jèn nan

Nan Diskou Sou Mòn nan, Jezi te anseye vrè fason pou jene. Li te pale kont ipokrit yo ki, lè y ap jene, “bay yon figi tris, pou montre moun ke y ap jene”. Olye ou montre yon siy eksteryè ladwati, ou dwe jene “pou Papa nou ki nan sekrè a; epi Papa ou ki wè nan sekrè a ap rekonpanse ou ouvètman” (Matye 6:16–18).

Pwofèt Ezayi te anseye vrè espri jèn nan tou: “Men jèn mwen pran plezi ladann nan: detache chenn mechanste, leve fado ki lou yo, epi kite oprime a ale lib, epi kraze tout jouk. Pataje pen ou avèk moun ki grangou, epi fè moun ki san azil la antre lakay ou. Lè ou wè yon moun ki toutouni, mete rad sou li; epi pa vire do bay sanblab ou” (Ezayi 58:6–7).

Ezayi te temwaye sou benediksyon nou resevwa lè nou obeyi lwa jèn nan tou: “Lè sa a, limyè ou ap briye tankou maten, epi gerizon ou ap fèt vit. Lajistis ap mache devan ou; glwa Senyè a ap akonpaye ou. Epi lè sa a w ap rele, epi Senyè a ap reponn; w ap kriye, epi l ap di: men mwen. . . . Si ou rasazyè moun ki grangou a, epi si ou satisfè moun ki aflije a,; lè sa a limyè ou ap leve anlè fènwa, epi fènwa w yo ap vin tounen midi; epi Senyè a ap toujou gide ou, epi l ap rasazyè nanm ou nan moman sechrès, epi l ap rebay manm ou vigè epi w ap vin tankou yon jaden awoze, epi tankou yon sous dlo, avèk dlo ki pap janm fini” (Ezayi 58:8–11).

Referans adisyonèl: 3 Nefi 13:16–18; D&A 59:12–14; 88:76, 119

Gade Lapriyè, Priyè tou

Jeneyaloji ak Istwa Familyal

Jou 3 Avril 1836, pwofèt Eli te vini jwenn Joseph Smith ak Oliver Cowdery nan Tanp Kirtland nan. Li te konfere sou yo pouvwa sèlman Prètriz la, ki rann posib pou fanmi yo sele atravè jenerasyon yo. Lè l t ap bayo pouvwa sa a, li te akonpli pwo-fesi ke Senyè a te voye li pou “tounen kè papa yo vè pitit yo, epi pitit yo vè papa yo” (gade D&A 110:14–16; gade Malachi 4:5–6 tou).

Atravè travay istwa familyal, ou ka patisipe nan kontinye akonplisman pwofesi sa a. Ou ka chèche konnen sou zansèt ou yo epi ogmante lanmou ou pou yo. Ou ka enspire pa istwa kouraj yo ak lafwa yo. Ou ka pase eritaj sa a bay pitit pa w yo.

Bagay sa yo se benediksyon etènèl ki soti nan travay istwa familyal, men yo pa rezon prensipal pou gwo efò legliz la pou rasanble anal jeneyalojik yo. Tout efò nan istwa familyal legliz la fèt pou nesosite pou fòmè yon “lyen soude . . . ant papa yo ak pitit yo” (D&A 128:18). Lyen soude sa a fòmè pa pouvwa Prètriz la, atravè òdonans sakre tanp yo nou resevwa nan non zansèt nou yo.

Rachte mò yo

Anpil nan pitit Papa nou ki nan Syèl yo mouri san yo pa jwenn opòtinite pou yo resevwa plenitud levanjil la. Nan mi-zèrikòk li ak amou enfini li, Senyè a prepare yon fason pou yo akeri yon temwayaj sou levanjil la epi resevwa òdonans Sali Prètriz yo.

Nan mond lespri a, levanjil la “preche pou moun ki te mouri nan peche yo, san yo pa t konnen verite a, oubyen ki te mouri nan transgresyon, paske yo te rejte pwofèt yo. Yo anseye moun sa yo lafwa nan Bondye, repantans soti nan peche, batèm pa pwokirasyon pou remisyon peche, don Sentespri a pa enpozisyon dèmen, ak tout lòt prensip levanjil ki nesèsè pou yo konnen pou yo ka kalifye tèt yo pou yo ka jije selon lèzòm nan lachè, men viv selon Bondye nan lespri » (D&A 138:32–34).

Anpil moun nan mond lespri a aksepte levanjil la. Sepandan, yo pa ka resevwa òdonans Prètriz yo poukont yo paske yo pa gen kò fizik. Nan tanp sakre yo, nou gen privilèj pou n resevwa òdonans nan non yo. Òdonans sa yo gen ladan yo batèm, konfimasyon, òdinasyon nan Prètriz Mèlkisedèk la (pou gason yo), dotasyon, sèlman maryaj, ak sèlman pitit avèk paran yo. Senyè a te revele Pwofèt Joseph Smith travay sa a, ki retabli yon pratik yo te revele bay kretyen yo tout suit apre Rezirèksyon Jezikri a (gade 1 Korentyen 15:29).

Lè nou resevwa òdonans batèm yo nan non moun ki deja mouri yo, nou vin yon sovè sou Montay Siyon pou yo (gade Obèd 1:2). Efò nou rejwenn lespri Sakrifis Ekspyatwa Sovè a—nou akonpli yon travay sovè pou lòt yo ke yo pa ka fè pou tèt pa yo.

Responsablite nou nan travay Istwa Familyal

Nan travay istwa familyal la, nou gen twa responsablite:

1. Resevwa òdonans tanp yo pou tèt pa nou epi ede manm fanmi pwòch nou yo resevwa yo.
2. Gen yon rekòmandasyon tanp ki valid epi ale nan tanp osi souvan sikonstans yo pèmèt nou.
3. Rasanble enfòmasyon sou istwa familyal pou nou ka ede zansèt nou yo resevwa benediksyon tanp yo.

Ou ka patisipe nan travay tanp ak istwa familyal, omwen an pati, kèlkeswa kote w ap viv oubyen kèlkeswa sitiyoasyon ou. Pandan ke ou petèt pa kapab fè tout bagay, ou gen dwa fè yon bagay. Men kèk ide ki ka ede ou kòmanse:

- Ekri detay enpòtan sou lavi pa ou. Ekri dat nesans ou ak kote ou fèt ak dat batèm ou ak dat konfimasyon ou. Kenbe yon jounal pèsònèl pou w note evènman enpòtan nan lavi ou, ladan yo eksperyans pèsònèl ki ap fòtifye lafwa pitit ou ak jenerasyon apre yo.
- Aprann osijè zansèt ou yo. Kòmanse pa ekri enfòmasyon ou genyen nan memwa ou epi apati sous ou gen aksè lakay ou. Ekri enfòmasyon esansyèl ou byen sonje yo oubyen sa ou ka jwenn konsènan frè ak sè ou, paran, tonton ak matant, gran paran, ak gran gran paran. Kote sa posib, chèche jwenn kopi batistè oubyen lòt dokiman ki gen enfòmasyon sa yo. Pandan w ap rasanble plis enfòmasyon, ou gen dwa chèche nan lòt kote, tankou anal achiv yo. Pawas la oubyen branch la ka gen yon konsiltan istwa familyal ki ka ede ou. Ou gen dwa

ale sou sit ofisyèl legliz la pou istwa famiyal la ak jeneyaloji, www.familysearch.org.

- Pandan w ap idantifye zansèt ou yo, itilize fèy asandans ak fèy gwoupman famiyal la pou ekri enfòmasyon ou jwenn yo. Fòm sa yo disponib sou papye epi nan lojisyèl legliz la pwodui, tankou, Personal Ancestral File.

Lè ou fin rasanble enfòmasyon ki nesèsè yo osijè zansèt ou yo ki mouri san yo pa resevwa levanjil la, asire ou ke ou fè travay tanp yo pou yo. Menmsi ou pap viv nan zòn yon tanp ki tou pre pou ou menm ak manm fanmi ou ka al fè òdonans yo, ou ka voye non zansèt yo bay nan yon tanp pou lòt moun ka fè travay pou yo. Ou gen dwa ale nan yon sant istwa famiyal tou pre ou oubyen pale avèk konsiltan istwa famiyal nan pawas ou oubyen branch ou pou gade kijan ou ka fè sa.

Pwofèt Joseph Smith te deklare ke “Gen prensip ki an rapò avèk mò yo ak vivan yo ke nou pa ka pran alalejè, paske yo gen rapò avèk sali nou. Paske sali yo nesèsè epi esansyèl pou sali pa nou . . . paske san yo menm nou pa ka rive nan pèfeksyon—ni nou pa ka vin pafè san mò nou yo non plis” (D&A 128:15). Atravè patisipasyon ou nan travay istwa famiyal la, ou menm avèk zansèt ou yo ka pwogrese rive nan Sali.

Gade tanp tou

Jezikri

Jou Premye Janvyè 2000 la, Premye Prezidans lan ak Kolèj Douz Apot yo te fè sòti deklarasyon nou pral bay la a. Deklarasyon sa a, ki rele “Kris Vivan an”, rann temwayaj sou Senyè Jezikri epi li bay rezime idantite li ak misyon divin ni:

Pandan n ap fete demilyèm anivèsè nesans Jezikri a, nou ofri temwayaj nou sou reyalite lavi san parèy li ak pouvwa enfini gwo Sakrifis Ekspyatwa li a. Pa gen pèsonn ki janm gen yon enfliyan si pwofon konsa sou tout moun ki te viv epi ki ap gen pou viv sou tè a.

Se li ki te Gran Jewova Ansyen Testaman an, Mesi Nouvo Testaman an. Sou direksyon Papa li, se li ki te kreyatè tè a. “Tout bagay te fèt pa li menm; epi pa gen anyen nan sa k te fèt ki te fèt san li” (Jan 1:3). Malgre li te san peche, li te batize pou l te akonpli tout jistis. “Li te ale toupatou ap fè byen” (Travay 10:38), malgre yo te meprize li. Levanjil li a sete yon mesaj lapè ak bòn volonte. Li te egzòte tout moun pou suiv egzanp li. Li te mache sou wout Palestin yo, li te geri malad, fè avèg wè, e l te leve moun ki te mouri. Li te anseye verite letènite yo, reyalite egzistans premòtèl nou, bi lavi nou sou tè a, ak potansyèl nou antanke pitit gason ak pitit fi Bondye nan lavi k ap vini an.

Li te tabli òdonans Sentsèn nan kòm yon rapèl gwo sakrifis ekspyatwa li a. Yo te arete li epi yo te kondane li sou fo akizasyon, yo te deklare l koupab pou yo te satisfè yon popilas, epi kòm santans pou l mouri sou bwa Kalvè. Li te bay lavi li pou ekspye peche tout limanite. Lavi li te yon gwo kado ki te bay nan plas pa tout moun ki gen pou viv sou tè a.

Nou temwaye solanèlman ke lavi li, ki se sant tout istwa lèzòm, pa t ni kòmanse nan Betleyèm ni fini sou Kalvè a. Li te Premye pitit Papa a, Sèl Pitit Gason Byenneme li nan lachè, Redanmtè mond lan.

Li te leve soti nan tonm pou l vin “premye nan tout moun ki mouri yo” (1 Korentyen 15:20). Antanke Senyè resisite, li te vizite moun li te renmen lè l te vivan. Li te vin anseye “lòt brebi” l yo (Jan 10:16) nan Amerik tan lontan an. Nan mond modèn nan, Li menm ak Papa l te parèt sou yon ti gason ki te rele Joseph Smith, konsa “dispansasyon plenitid tan yo te pwomèt depi lontan an te kòmanse” (Efezyen 1:10).

Konsènan Kris Vivan an, Pwofèt Joseph te ekri: “Je li te tankou yon flanm dife, cheve li te tankou lanèj tou blan, figi li te pi briye pase ekla solèy la epi vwa li te tankou bwi gwondman gwo dlo yo, wi, vwa Jewova, ki t ap di:

“Mwen se premye a epi dènye a; mwen se sila ki vivan an, mwen se sila ki te imole a; mwen se avoka nou bò kot Papa a.” (D&A 110: 3–4).

Pwofèt la te deklare tou konsènan li menm: “Epi kounyeya, apre tout pil temwayaj yo rann konsènan li yo, men temwayaj la, dènye nan tout la, ke nou rann konsènan li: Li vivan!

“Paske nou te wè li, adwat Bondye, epi nou te tande vwa li ki t ap rann temwayaj ki t ap di ke li se Sèl Pitit Gason Papa a—“ke pa li menm, atravè li menm epi nan li menm, mond yo te kreye, epi moun ki abite nan mond yo se pitit gason ak pitit fi ki fèt pou Bondye” (D&A 76:22–24).

Nou deklare nan mo solanèl ke Prètriz li a ak legliz li a te retabli sou tè a—“edifye sou fondasyon . . . apot ak pwofèt, Jezikri li menm kòm wòch fondasyon an” (Efezyen 2:20).

Nou temwaye yon jou l ap retounen sou tè a. “Lè sa a, glwa Letènèl pral revele, epi nan menm moman an tout chè ap wè li” (Ezayi 40:5). Li pral dirije kòm Wa tout Wa yo epi reye kòm Senyè tout Senyè yo, epi tout jenou ap koube devan l, tout lang ap pale pou adore l. Nou chak ap kanpe pou li jije nou selon zèv nou ak dezi kè nou yo.

Nou rann temwayaj, antanke vrè Apot òdone l yo—ke Jezi se Kris Vivan an, Pitit Gason imòtèl Bondye a. Li se gran Wa Emanyèl la, ki kanpe jodia adwat Papa li. Li se limyè, lavi ak lespwa mond lan. Chemen l lan se wout ki mennen nan bonè nan lavi sa a ak lavi etènèl nan mond ki gen pou vini an. Nou di Bondye mèsi pou kado Pitit Gason diven li an, ki se yon kado moun pap ka konpare.

Gade Ekspyasyon Jezikri a

Jije lòt moun

Pafwa moun santi sa pa bon pou jije lòt moun nan kèlkeswa fason an. Pandan ke se vre nou pa dwe kondane lòt moun ni jije yo mal, n ap bezwen pote jijman sou ide, sitiyasyon, ak moun pandan tout lavi nou. Senyè a bay plizyè kòmandman ke nou pa ka kenbe san nou pa fè jijman. Pa egzanp, li te di: “Fè atansyon avèk fo pwofèt yo. . . n ap rekonèt yo pa fwi yo” (Matye 7:15–16) ak “sòti pami mechan yo” (D&A 38:42). Nou

oblige fè yon opinyon sou moun nan anpil nan desizyon enpòtan nou tankou, chwazi zanmi, vote pou dirijan gouvènman, ak chwazi yon konjwen etènèl.

Jijman se yon itilizasyon enpòtan libabit ou epi li mande gwo prekosyon, espesyalman lè w ap fè jijman sou lòt moun. Tout jijman w yo dwe gide pa prensip ki dwat. Sonje ke se sèlman Bondye, ki konnen kè chak moun, ki ka fè jijman final sou moun (gade Revelasyon 20:12; 3 Nefi 27:14; D&A 137:9).

Senyè a te bay yon avètisman pou gide nou nan jijman nou sou lòt moun: “Avèk menm jijman ou jije a y ap jije ou; epi se mezi ou mezire a k ap mezire ou ankò. Epi poukisa ou gade ti pay ki nan je frè w la, men, ou pa wè gwo mòso bwa ki nan je pa ou la? Oubyen kouman ou ap fè di frè ou la konsa: ban m retire pay ki nan je ou la—epi gade, yon bout bwa nan je ou? Ipokrit, retire bout bwa a nan je ou anvan; epi apre sa ou ap wè klè pou ou retire pay la nan je frè ou la” (3 Nefi 14:2–5).

Nan pasaj ekriti sa a Senyè a anseye ke yon defi nou wè souvan kay yon lòt tankou yon ti grenn pousyè tou piti nan je moun sa a, konpare avèk pwòp defo pa nou, ki tankou yon gwo bout bwa nan je nou. Pafwa nou konsantre sou defo lòt moun alòske nou ta dwe travay pou amelyore tèt nou olye sa.

Jijman jis sou lòt moun ka bayo gidans yo bezwen, epi nan kèk ka, ka pwoteje ou ansanm avèk fanmi ou. Apwoche tout jijman avèk prekosyon ak konpasyon. Otan ou kapab, jije sitiyasyon moun olye ou jije moun yo yo menm. Lè sa posib, pa fè jijman pazavan ou gen yon konesans egzakt sou bagay yo. Toujou rete sansib avèk Sentespri a, ki ka gide desizyon ou. Sonje konsèy Alma te bay pitit gason li Koryanton an: “Fè yon jan pou ou gen mizèrikòd pou frè w yo; fè zafè jis, jije avèk jistis, epi fè byen tout tan” (Alma 41:14).

Referans adisyonèl: 1 Samyèl 16:7; Mowoni 7:14–19; D&A 11:12

Gade Charite; Padon, Lanmou; Mizèrikòd tou

Jistis

Jistis se lwa enchanjab ki mennen konsekans pou aksyon. Akòz lwa jistis la, ou resevwa benediksyon lè ou obeyi kòmandman Bondye yo (gade D&A 130:21–22). Lwa jistis la mande ke ou peye yon penalite pou chak peche ou komèt tou. Li mande tou pou anyen sal pa kapab rete avèk Bondye (gade 1 Nefi 10:21).

Lè Sovè a te akonpli Ekspyasyon an, li te pran peche nou yo sou li. Li te kapab “satisfè obligasyon lwa a” (2 Nefi 2:7) paske li te soumèt li anba penalite lwa a te mande pou peche nou yo. Nan fè sa, li “te satisfè demann jistis yo” epi li te etann mizèrikòd pou tout moun ki repanti epi ki suiv li. (gade Mozya 15:9; Alma 34:14–16). Paske li te peye pri a pou peche nou yo, nou pap bezwen soufri pinisyon sa a ankò si nou repanti (gade D&A 19:15–20).

Referans adisyonèl: 2 Nefi 9:26; Alma 42

Gade Ekspyasyon Jezikri; Mizèrikòd; Repantans tou

Joseph Smith

Nan prentan 1820, Joseph Smith ki te gen katòz ane t ap chèche vrè legliz Jezikri a lè l te li yon pasaj nan Bib la: “Si yon moun pami nou manke bon konprann, se pou li mande Bondye, ki bay tout moun san mezire epi pou granmesi; epi Bondye va ba li li.” (Jak 1:5; gade Joseph Smith—Histoire 1:11–12). Avèk lafwa senp, fèm li, jèn Joseph te suiv konsèy ki nan pasaj sa a. Li te ale nan yon boskè pyebwa, kote li te priye pou l te konnen nan ki legliz pou l te antre. An repons avèk priyè l yo, Bondye Papa a ak Jezikri te parèt devan li. Nan pami tout lòt bagay, Yo te di li ke li pa dwe antre nan yonn nan legliz yo ki te egziste lè sa a. (Gade Joseph Smith—Histoire 1:13–20).

Paske Joseph Smith te pwouve diyite li, yo te bali yon misyon divin antanke yon pwofèt Bondye. Atravè li menm, Senyè a te akonpli yon gran travay mèveye ki te gen ladan parisyon Liv Mòmmon an, retablisman Prètriz la, dekouvèt verite pou

sye yo, òganizasyon Legliz Jezikri a, ak etablisman travay tanp. Jou 27 Jen 1844, yo te touye Joseph ak frè li Hyrum nan yon atak pa yon foul ame. Yo te sele temwayaj yo avèk san yo.

Pou temwayaj ou sou levanjil retabli a ka konplè, li dwe gen ladan yon temwayaj konsènan misyon divin Joseph Smith la. Verasite Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo repoze sou verasite Premye vizyon an ak lòt revelasyon Senyè a te bay Pwofèt Joseph. Prezidan John Taylor, twazyèm Prezidan Legliz la te ekri: “Joseph Smith, Pwofèt epi Vwayan Senyè a, aleksepsyon Jezikri, te fè plis pou Sali lèzòm nan mond sa a pase tout lòt moun ki te viv sou tè a” (D&A 135:3).

Referans adisyonèl: Ezayi 29:13–14; 2 Nefi 3:3–15; D&A 5:9–10; 135; Joseph Smith—Histoire

Gade Pwofèt; Retablisman Levanjil

Joseph Smith, pitit la. (*Gade Joseph Smith*)

Jwèt aza (Jwèt pou lajan)

Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo opoze avèk jwe aza (Jwèt pou lajan), espesyalman lotri nasyonal yo.

Jwèt aza (jwèt pou lajan) motive pa yon dezi pou akéri yon bagay pou anyen. Dezi sa a esprityèlman destriktè. Li mennen moun ki patisipe ladan yo lwen ansèyman lanmou ak sèvis Sovè a epi li mennen yo jwenn egoyis advèsè a. Li detwi vèti tankou travay ak ekonomi ak dezi pou fè efò pou onèt nan tout sa n ap fè.

Moun ki patisipe nan jwèt aza dekouvri byen vit desepyon nan panse ke yo ka bay yon ti kal oubyen anyen epi resevwa yon bagay plen valè an retou. Yo vin wè ke yo jete gwo kantite lajan, yo pèdi onè yo, ak respè manm fanmi yo ak zanmi yo. Souvan desi epi depandan, yo jwe aza avèk lajan yo ta dwe itilize pou lòt bagay, tankou pou reponn avèk bezwen debaz fanmi yo. Moun k ap jwe aza vin pafwa si redui nan esklavaj epi si dezespere pou peye dèt jwèt yo ke yo konn vin vòlè, yo pèdi repitasyon yo.

Kafe (Gade Pawòl Sajès)

Premye Prezidans lan rekòmande nou pou nou ini ansanm avèk lòt moun nan opozisyon avèk legalizasyon ak patwonaj jwèt aza (Jwèt pou lajan) sou kèlkeswa fòm nan nan kominote nou yo.

Gade Tantasyon tou

Kafe (*Gade Pawòl Sajès*)

Kle Prètriz yo (*Gade Prètriz*)

Kolèj (*Gade Prètriz*)

Kolèj Douz Apot yo (*Gade Administrasyon Legliz la*)

Kolèj Swasanndis yo (*Gade Administrasyon Legliz la*)

Konfimasyon (*Gade Sentespri; Enpozisyon men*)

Konsèy disiplinè nan legliz la

Evèk yo ak Prezidan Branch yo ansanm avèk Prezidan Pye, Misyon, ak Distri yo gen responsablite pou yo ede manm yo simonte transgresyon atravè repantans. Transgresyon ki pi grav yo, tankou vyolasyon grav lwa peyi yo, maltrete konjwen, maltrete timoun, adiltè, fònikasyon, vyòl, ak ensès, souvan mande aksyon disiplinè ofisyèl legliz la. Aksyon disiplinè ofisyèl legliz la ka gen ladan limitasyon privilèj yon moun antanke manm oubyen pèdi kalite li antanke manm legliz la.

Pwosis aksyon disiplinè ofisyèl la kòmanse lè yon Dirijan Prezidan nan Prètriz la konvoke yon konsèy disiplinè. Objektif konsèy disiplinè yo se pou sove nanm transgresè yo, pwoteje inosan yo, epi sovgaide pite, entegrite, ak bon renome legliz la.

Disiplin legliz la se yon pwosesis enspire ki fèt nan yon peryòd tan detèmine. Atravè pwosesis sa a ak Ekspyasyon Jezikri a, yon manm ka resevwa padon pou peche li, vin renyen lapè nan lespri, epi akeri fòs pou evite transgresyon nan apre. Aksyon disiplinè legliz la pa la pou l fen pwosesis la. Li la pou ede pitit Papa nou ki nan Syèl yo kontinye nan efò yo pou yo retounen vin manm totalman nan legliz la epi rejwenn tout benediksyon legliz yo. Rezilta yo swete a se pou moun sa a fè tout chanjman ki nesèsè pou l repanti totalman.

Gade Padon; Repantans tou

Konsèy nan Syèl la (*Gade Plan Sali a*)

Konsolatè a (*Gade Sentespri*)

Konsyans

Tout moun fèt avèk kapasite pou yo distenge ant byen ak mal. Kapasite sa a, ki rele konsyans, se yon manifestasyon Limyè Kris la (*gade Mowoni 7:15–19*).

Konsyans ou se yon defans ki la pou ede ou rete lwen sitiyasyon ki esprityèlman danjere. Lè ou obeyi kòmandman yo epi ou pran desizyon ki jis, ou gen lapè konsyans.

Lè ou peche, ou santi remò oubyen ou santi w koupab, tankou ou santi doulè lè w blese. Se reyaksyon natirèl konsyans ou pou peche, epi sa ka mennen ou repanti.

Repantans ak padon renouvle lapè konsyans. Yon lòt bò, si ou inyore konsyans ou epi ou pa repanti, konsyans ou ap fennen kòm si li te “boule avèk yon fè cho” (1 Timote 4:2).

Aprann suiv konsyans ou. Se yon pati enpòtan nan egzès libabit ou. Plis ou suiv konsyans ou, se plis l ap vin solid. Yon konsyans sansib se siy yon lespri ki an sante.

Referans adisyonèl: Mozya 4:1–3; D&A 84:45–47

Gade Libabit; Limyè Kris la; Obeyisans; Tantasyon

Kontwòl nesans

Lè de moun marye yo fizikman kapab, yo gen privilèj pou yo founi kò fizik pou pitit lespri Papa nou ki nan Syèl la yo. Yo jwe yon wòl nan Gran Plan Bonè a ki pèmèt pitit Bondye yo resevwa kò fizik epi fè eksperyans mòtalite a.

Si ou marye, ou menm avèk konjwen ou dwe pale sou responsablite sakre nou pou nou mennen timoun nan mond lan epi elve yo nan ladwati. Pandan n ap fè sa, reflechi sou sentete ak siyifikasyon lavi a. Medite sou lajwa ki vini lè gen timoun nan fwaye a. Reflechi sou benediksyon etènèl ki soti nan genyen yon bon posterite. Avèk yon temwayaj konsènan prensip sa yo, ou menm avèk konjwen ou ap prepare, nan lapriyè, pou nou deside konbyen timoun n ap genyen epi kilè n ap genyen yo. Kalite desizyon sa yo se ant nou de a avèk Senyè a.

Pandan n ap disikite sou sijè sakre sa a, sonje ke relasyon seksyèl andedan maryaj yo divinman apwouve. Pandan ke yonn nan bi relasyon sa yo se pwokire kò fizik pou pitit Bondye yo, yon lòt bi li se pou eksprime lanmou yonn pou lòt—pou lye mari ak madanm ansanm nan lwayote, fidelite, konsiderasyon, ak menm objektif.

Kontribisyon (*Gade Jèn ak Ofrann Jèn; Dim*)

Konvèsyon

Apot Pòl te deklare, “Panse chanèl, se lanmò, epi panse espiritiyèl, se lavi ak lapè” (Women 8:6; gade 2 Nefi 9:39 tou). Nan eta dechi nou, nou souvan ap lite anba tantasyon, epi nou sikonbe pafwa anba “volonte kò fizik la ak mal ki ladan l” (2 Nefi 2:29; gade tou “Chit la), paj 00 nan liv sa a). Pou nou kapab resevwa benediksyon lavi etènèl yo, nou bezwen gen “panse espiritiyèl” epi venk dezi enpi nou yo. Nou bezwen chanje. Pi egzakteman, nou bezwen *chanje*, oubyen konvèti, atravè pouvwa Ekspyasyon Sovè a epi atravè pouvwa Sentespri a. Pwosesis sa a rele konvèsyon.

Konvèsyon enkli yon chanjman nan konpòtman, men li ale odela konpòtman; se yon chanjman nan vrè nati nou menm. Se yon chanjman sitèlman siyifikan ke Senyè a ak pwofèt li yo fè referans avèk li kòm yon renesans, yon chanjman nan kè, ak yon batèm dife. Senyè a di:

“Pa etone ou paske tout moun, wi, gason ak fi, tout nasyon, fanmi, lang ak pèp dwe fèt ankò; wi, fèt nan Bondye, chanje nan eta chanèl ak eta tonbe, pou yo vin nan yon eta jistis, pou Bondye rachte yo, pou yo kapab vin tounen pitit gason ak pitit fi Bondye;

“Se konsa yo vin tounen nouvo kreyati; epi si yo pa fè sa, yo pa kapab eritye wayòm Bondye a nan okenn fason” (Mozya 27:25–26).

Pwosesis konvèsyon an

Konvèsyon se yon pwosesis, non pa yon evènman. Se rezilta efò fidèl ou pou suiv Sovè a. Efò sa yo gen ladan yo egzèsse lafwa nan Jezikri, repanti pou peche, batize, resevwa don Sentespri a, epi pèsèvere jiskalafen.

Menmsi konvèsyon mirakilè epi chanje lavi, li se yon mirak diskre. Vizit zanj ak lòt evènman espektakilè pa mennen konvèsyon. Menm Alma, ki te wè yon zanj, te vin konvèti sèlman apre li te “jene epi priye pou anpil jou” pou yon temwayaj laverite (Alma 5:46). Epi Pòl, ki te wè Sovè resisite a, te anseye ke “Pèsonn moun pa kapab di ke Jezi se Senyè a, si se pa pa Sentespri a” (1 Korentyen 12:3).

Paske konvèsyon se yon pwosesis pezib epi konstan, ou ka konvèti kounyeya san ou pa rann ou kont. Ou ka menmjan avèk Lamanit yo ki, “poutèt fwa yo nan [Kris] lè yo t ap konvèti a, yo te batize avèk dife, epi avèk Sentespri a, epi yo pa t konn sa” (3 Nefi 9:20). Efò kontini pou egzèsse lafwa epi suiv Sovè a ap mennen nan pi gran konvèsyon.

Karakteristik moun ki konvèti

Liv Mòmòn an bay deskripsyon moun ki konvèti nan Senyè a:

Yo gen dezi pou fè byen. Pèp Wa Benjamen an te deklare, “Lespri Senyè Toupuisan an . . . te opere yon gran chanjman nan nou, oubyen nan kè nou, ki fè nou pa gen okenn dispozisyon pou nou fè mal ankò, men okontrè, pou nou fè byen kontinyèlman” (Mozya 5:2). Alma te pale osijè pèp li a ki “pa t kapab gade peche san yo pa gen repiyans” (Alma 23:7).

Yo pa rebèl kont Senyè a. Mòmòn te pale osijè yon gwoup Lamanit ki te mechan epi ki te renmen vèse san men ki te vin “konvèti nan Senyè a” (Alma 23:6). Moun sa yo te chanje non yo vin rele Anti Nefi Leyi epi yo te “vin tounen yon pèp jis, yo te mete zam rebèl yo atè, pou yo pa t goumen avèk Bondye ankò ni avèk okenn nan frè yo” (Alma 23:7).

Yo pataje levanjil la. Enòs, Alma Ansyen an, Alma pi Jèn nan, pitit gason Mozya yo, Amilèk, ak Zezwòm te devwe tèt yo nan preche levanjil la apre yo te vin konvèti nan Senyè a (gade Enòs 1:26; Mozya 18:1; Mozya 27:32–37; Alma 10:1–12; 15:12).

Yo ranpli avèk lanmou. Apre Sovè resisite a te vin vizite pèp nan Amerik yo, “tout pèp la te konvèti nan Senyè a, nan tout peyi a, ni Nefit yo, ak Lamanit yo, epi pa t gen kontansyon ak diskisyon nan pami yo, epi tout moun te aji byen, yonn avèk lòt. . . .

“Epi, se te konsa, pa t gen kontansyon nan peyi a, poutèt amou Bondye ki te nan kè pèp la.

“Epi pa t gen anv, ni mètdam, ni lobo, ni idolatri seksyèl, ni manti, ni asasina, ni okenn kalite anv sal; epi toutbon pa t ap kapab gen yon pèp pi kontan nan pami tou pèp men Bondye te kreye.

“Pa t gen vòlè, ni asasen, ni tou pa t gen Lamanit, ni okenn kalite it; men, yo te yonn, pitit Kris yo, ak eritye wayòm Bondye yo” (4 Nefi 1:2, 15–17).

Eseye fè pi gwo konvèsyon

Ou gen responsablite prensipal pwòp konvèsyon pa ou. Okenn moun pa ka konvèti pou ou, ni okenn moun pa ka fòse ou konvèti. Sepandan, lòt moun ka ede ou nan pwosesis konvèsyon an. Suiv egzanp fidèl manm fanmi w yo, dirijan ak ens-triktè yo nan legliz la, ak gason ak fi nan ekriti yo.

Kapasite ou pou w santi yon chanjman puisan nan kè ou ap ogmante si ou efòse w pou w suiv egzanp pafè Sovè a. Etidye ekriti yo, priye avèk lafwa, respekte kòmandman yo, epi chèche toujou gen konpayi Sentespri a. Pandan w ap avanse nan pwosesis konvèsyon an, w ap resevwa “lajwa ekstrèmman gran” jan pèp Wa Benjamen an te ye lè Lespri a “te opere yon gran chanjman nan kè [yo]” (gade Mozya 5:2, 4). W ap kapab suiv konsèy Wa Benjamen an pou ou “fèm, enfleksib, toujou fè bon zèv an abondans, pou Kris la, Senyè Bondye Toupuisan an, kapab nonmen ou moun pa l, pou ou kapab ale nan syèl la, pou ou kapab gen sali pou tout tan ak lavi etènèl” (Mozya 5:15).

Referans adisyonèl: Matye 18:3; Lik 22:32; Alma 5:7–14

Gade Ekspyasyon Jezikri a; Batèm; Sentespri; Sali tou

Kreyasyon

Sou direksyon Papa nou ki nan Syèl la, Jezikri te kreye syèl yo ak tè a (gade Mozya 3:8; Moyiz 2:1). Nan ekriti ki revele a-travè Pwofèt Joseph Smith, nou konnen ke nan travay Kreyasyon an, Senyè a te òganize eleman ki te deja egziste (gade Abraram 3:24). Li pa t kreye mond lan “soti nan neyan” jan anpil moun panse.

Ekriti yo anseye nou tou ke Adan sete “premye moun nan tout moun” (Moyiz 1:34). Bondye te kreye Adan ak Èv dapre pwòp imaj li epi nan imaj Sèl Pitit Literal li a (gade Moyiz 2:26–27).

Kreyasyon an se pati entegral plan Sali Papa nou ki nan Syèl la. Li bay nou chak opòtinite pou nou vin sou tè a, kote nou resevwa yon kò fizik epi egzès libabit nou. Nan Konsèy premòtèl Bondye yo, yo te fè deklarasyon sa a: “N ap desann, paske gen espas la ba a, n ap pran nan materyo sa yo, epi n ap fè yon tè kote sa yo ka abite; epi konsa, n ap mete aleprèv pou nou wè si ya pral fè tout sa Senyè a, Bondye yo, ap kòmande yo pou yo fè” (Abraram 3:24–25).

Nou se yon pitit lespri Bondye epi kò nou kreye dapre imaj li. Pou montre gratitud nou pou benediksyon sa yo, nou dwe pran swen kò nou nan obeyi Pawòl Sajès la ak lòt kòmandman ki anrapò avèk sante esprityèl nou ak sante fizik nou yo (gade D&A 89; gade D&A 88:124 tou). Nou dwe respekte lòt pitit Bondye yo tou.

Antanke yon moun ki benefisye tout bote kreyasyon an, ou dwe pran swen tè a epi ede prezève li pou jenerasyon k ap vini yo.

Referans adisyonèl: Jenèz 1–2; Ebre 1:1–2; 1 Nefi 17:36; D&A 38:1–3; 59:16–20; Moyiz 1–3; Abraam 4–5

Gade Bondye Papa a; Jezikri; Plan Sali a tou

Krisifiksyon (Gade Ekspyasyon Jezikri; Kwa)

Kwa

Kwa a itilize nan plizyè legliz kretyen kòm yon senbòl lanmò Sovè a ak Rezirèksyon li epi antanke yon ekspresyon sensè lafwa. Antanke manm Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, nou menm tou nou sonje soufrans Sovè a avèk reverans. Men paske Sovè a vivan, nou pa itilize senbòl lanmò li kòm senbòl lafwa nou.

Lavi nou dwe ekspresyon lafwa nou. Sonje ke lè nou te batize epi konfime, nou te fè alyans pou nou te pran non Jezikri sou tèt nou. Lè asosye nou yo ap obsève nou, yo dwe kapab santi lanmou nou pou Sovè a epi pou travay li a.

Sèl manm Legliz la ki mete senbòl kwa a se chaplen Sen Dènye Jou yo, ki pote li sou inifòm militè yo pou montre yo se Chaplen Kreyen.

Gade Ekspyasyon Jezikri a; Jezikri; Rezirèksyon tou

Lafwa

Apot Pòl te anseye ke “lafwa se yon fèm asirans bagay nou espere, yon evidans bagay nou pa wè” (Ebre 11:1; gade nòt *b* anba a). Alma te fè yon deklarasyon menmjan an: “Si ou gen lafwa ou espere bagay ou pa wè, men ki vrè” (Alma 32:21).

Lafwa se yon prensip aksyon ak pouvwa. Chak fwa ou travay pou atenn yon bi ki gen valè, ou egzèse lafwa. Ou montre esperans pou yon bagay ou pa ko ka wè.

Lafwa nan Senyè Jezikri

Pou lafwa ou ka mennen ou nan sali, li dwe santre sou Senyè a, Jezikri (gade Travay 4:10–12; Mozya 3:17; Mowoni 7:24–26; Atik Lafwa 1:4). Ou ka egzèse lafwa nan Kris lè ou gen yon asirans ke li egziste, yon ide kòrèk sou pèsonalite li, ak yon konesans ke w ap eseye viv selon volonte li.

Gen lafwa nan Jezikri vle di konte sou li totalman—gen konfyans nan pouvwa enfini li, entelijans enfini li ak amou enfini li. Sa gen ladan kwè ansèyman l yo. Sa vle di kwè ke menmlè ou pa konprann tout bagay, li menm li konprann. Sonje ke paske li te pase tout doulè, afliksyon, ak maladi, li konnen kijan pou l ede ou simonte difikilte w ap rankontre chak jou yo (gade Alma 7:11–12; D&A 122:8). Li “venk mond lan” (Jan 16:33) epi li prepare chemen pou ou resevwa lavi etènèl la. Li toujou pare pou ede ou si ou sonje siplikasyon li: “Tounen vè mwen menm nan chak panse ou; pa doute, pa krenn” (D&A 6:36).

Viv pa lafwa

Lafwa plis pase yon kwayans san aksyon. Ou eksprime lafwa ou atravè aksyon—pa fason ou viv.

Sovè a pwomèt: “Si ou gen lafwa nan mwen, w ap gen pouvwa pou w fè nenpòt bagay mwen jije nesèsè” (Mowoni 7:33). Lafwa nan Jezikri ka motive ou pou w suiv egzanp pafè li (gade Jan 14:12). Lafwa ou ka mennen ou fè bon zèv, obeyi kòmandman yo, epi repanti pou peche w yo (gade Jak 2:18; 1 Nefi 3:7; Alma 34:17). Lafwa ou ka ede ou simonte tantasyon. Alma te konseye pitit gason l la Elaman, “Anseye yo pou yo reziste anba chak tantasyon dyab la avèk lafwa nan Le Senyè Jezikri” (Alma 37:33).

Senyè a ap kapab akonpli gwo mirak puisan nan lavi ou selon lafwa ou (gade 2 Nefi 26:13). Lafwa nan Jezikri ede ou resevwa gerizon espirityèl epi fizik atravè Ekspyasyon li a (gade 3 Nefi 9:13–14). Lè moman eprèv yo rive, lafwa ka ba ou fòs pou w avanse epi fè fas avèk eprèv yo avèk kouraj. menmlè demen parèt ensèten, lafwa ou nan Sovè a ka ba ou lapè (gade Women 5:1; Elaman 5:47).

Ogmante lafwa ou

Lafwa se yon don ki soti nan men Bondye, men ou dwe nourri lafwa ou pou ou ka kenbe li solid. Lafwa se tankou mis bra ou. Si ou fè egzèsis, li grandi vin solid. Si ou mete l nan yon bandaj epi ou kite l ladan, l ap vin fèb.

Ou ka nourri don lafwa nan priye Papa nou ki nan Syèl la nan non Jezikri. Pandan w ap egzèsè gratitud ou pou Papa ou epi pandan w ap sipliyè li pou benediksyon ou menm ak lòt moun yo bezwen, w ap rapwoche pi pre li. W ap vin pi pre Sovè a, li menm ke Ekspyasyon l lan rann posib pou ou sipliyè li pou mizèrikòd (gade Alma 33:11). W ap vin pare pou resevwa gidans pezib Sentespri a.

Ou ka fòtifye lafwa ou nan respekte kòmandman yo. Menmjan avèk tout benediksyon ki soti kote Bondye, lafwa vini epi ogmante atravè obeyisans endividyèl ak aksyon ki

jis. Si ou gen dezi anrichi lafwa ou rive nan degre ki pi wo a, ou dwe kenbe alyans ou fè yo.

Ou ka devlope lafwa ou tou nan etid ekriti yo epi nan pawòl pwofèt dènye jou yo tou. Pwofèt Alma te anseye ke pawòl Bondye a ede fòtifye lafwa. Pandan li te konpare pawòl la avèk yon semans, li te di ke “dezi pou kwè” a ka mennen ou “fè plas” pou pawòl la ka “plante nan kè nou.” Lè sa a n ap santi ke pawòl la bon, paske l ap kòmanse devlope nanm ou epi eklèsi konpreyansyon ou. Sa ap fòtifye lafwa ou. Si ou toujou nourri pawòl la nan kè ou, “avèk anpil dilijans, epi avèk pasyans, si ou mete espwa ou sou fwi a, l ap pran rasin; reyèlman l ap yon plant k ap devlope pou lavi etènèl.” (Gade Alma 32:26–43).

Referans adisyonèl: Ebre 11; Jak 1:5–6; 2:14–26; Etè 12:4–27; Mowoni 7:20–48; D&A 63:7–11; 90:24

Gade Batèm; Bondye Papa a; Jezikri; Repantans *tu*

Lagè

Senyè a te di ke nan dènye jou yo apral gen “lagè ak bri lagè, tout latè pral an efèvesans, epi lèzòm pap gen kè” (D&A 45:26).

Antanke manm Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, nou se pèp lapè. Nou suiv Sovè a, ki se Prens Lapè a. N ap tann Milenyòm nan, kote lagè pral fini epi lapè pral retabli sou tè a (gade Ezayi 2:4). Sepandan, nou konsyan ke nan mond sa a, dirijan gouvènman yo pafwa voye twoup sòlda nan lagè pou defann peyi yo ak ideyal yo.

Sen Dènye Jou ki nan lame yo pa dwe santi yo dechire ant peyi yo ak Bondye yo a. Nan legliz la, “Nou kwè nou dwe soumèt nou devan wa yo, prezidan yo, gouvènè yo, ak majistra yo; nou kwè nou dwe obeyi, onore, epi soutni lalwa” (Atik Lafwa 1:12). Sèvis militè se yon prèv devouman anvè prensip sa a.

Si yo rele Sen Dènye Jou ale nan lagè, yo ka gade egzanzp Kaptèn Mowoni an, gran dirijan militè nan Liv Mòmmon an. Malgre li te yon gèrye puisan, li “pa t pran plezi nan fè san koule” (Alma 48:11). Li te “fèm nan fwa Kris la” epi sèl rezon ki

Lanfè

fè l te nan batay sete pou “defann pèp li a, ak dwa l, ak peyi l ak relijyon l” (Alma 48:13). Si Sen Dènnye Jou oblije ale nan lagè, yo dwe ale nan yon lespri verite ak jistis, avèk yon dezi pou fè byen. Yo dwe ale avèk lanmou nan kè yo pou tout pitit Bondye, ladan yo moun ki nan pati opoze yo tou. Epi, si yo oblije vèsè san yon lòt moun, aksyon yo a pap konsidere kòm yon peche.

Gade tou Gouvènman sivil ak la lwa; Lapè

Lanfè

Revelasyon dènnye jou yo pale konsènan lanfè nan omwen de fason. Premyeman, se yon lòt non pou prizon lespri, yon kote nan mond espri posmòtèl la pou moun ki “mouri nan peche yo, san yon konesans verite a, oubyen ki mouri nan transgresyon, paske yo rejte pwofèt yo” (D&A 138:32). Se yon eta tanporè kote y ap anseye lespri yo levanjil la epi yo gen opòtinite pou yo repanti epi aksepte òdonans Sali ki ap akonpli pou yo nan tanp yo (gade D&A 138:30–35). Moun ki aksepte levanjil la ka demere nan paradi jiska Rezirèksyon an. Apre yo fin resisite epi jije, y ap resevwa degre glwa yo diy pou li a. Moun ki chwazi pou yo pa repanti yo men ki pa pitit pèdisyon yo ap rete nan prizon lespri a jiskalafen Mileniyòm nan, kote y ap libere anba lanfè ak pinisyon epi y ap resisite ale nan glwa telès (gade D&A 76:81–85).

Dezyèmman, mo lanfè a itilize pou fè referans avèk tenèb deyò yo, ki se rezidans dyab la, zanj li yo, ak pitit pèdisyon yo (gade D&A 29:36–38; 76:28–33). Pitit pèdisyon yo se moun ki pap resevwa “padon ni nan mond sa a ni nan mond ki gen pou vini an—paske yo renye Sentespri a apre yo fin resevwa li, epi yo renye Sèl Pitit Gason Literal Papa a, yo krisifye li nan bò pa yo epi yo ekspoze li anba lawont” (D&A 76:34–35; gade vèsè 31–33, 36–37 tou). Kalite moun sa yo pap eritye plas nan okenn wayòm glwa; paske pou yo kondisyon lanfè yo rete (gade D&A 76:38; 88:24, 32).

Gade Wayòm glwa; Satan tou

Lanmò espirityèl (*Gade* Lanmò espirityèl)

Lanmò, espirityèl

Lanmò espirityèl se separasyon avèk Bondye. Ekriti yo anseye osijè de sous lanmò espirityèl. Premye sous la se Chit la, epi dezyèm nan se pwòp dezobeyisans nou.

Pwofèt Samyèl nan Liv Mòmòn an te anseye, “Tout limanite, poutèt Adan te tonbe a, Senyè a te rejte yo soti nan prezans li, epi se kòm si yo te mouri nan bagay tanporèl ak nan bagay espirityèl” (Elaman 14:16). Pandan lavi nou sou tè a, nou separe soti nan prezans Bondye. Atravè Ekspyasyon an, Jezikri rachte chak moun soti nan lanmò espirityèl sa a. Samyèl te temwaye ke Rezirèksyon Sovè a “rachte tout moun anba premye lanmò a—Lanmò espirityèl la. . . . Men, rezirèksyon Kris la rachte limanite, wi, tout limanite menm, epi li mennen yo tounen nan prezans Senyè a” (Elaman 14:16–17). Pwofèt Leyi te anseye ke gras avèk Ekspyasyon an, “tout moun vin jwenn Bondye; konsa, yo kanpe nan prezans li, pou l jije yo dapre verite ak sentete ki nan li” (2 Nefi 2:10).

Gen yon lòt lanmò espirityèl ki vini kòm rezilta dezobeyisans nou. Peche nou yo rann nou pa pwòp epi pa kapab abite nan prezans Bondye (gade Women 3:23; Alma 12:12–16, 32; Elaman 14:18; Moyiz 6:57). Gras avèk Ekspyasyon an, Jezikri ofri redanmsyon soti nan lanmò espirityèl sa a, men sèlman lè nou egzèse lafwa nan li, repanti pou peche nou yo, epi obeyi prensip ak òdonans levanjil yo (gade Alma 13:27–30; Elaman 14:19; Atik Lafwa 1:3).

Referans adisyonèl: 1 Nefi 15:33–35; Alma 40:26; 42:23

Gade Ekspyasyon Jezikri; Lafwa; Chit la; Obeyisans; Repantans; Peche *tou*

Lanmò, fizik

Lanmò fizik se separasyon lespri a soti nan kò mòtèl la. Chit Adan an mennen lanmò fizik antre nan mond lan (gade Moyiz 6:48).

Lanmò se yon pati esansyèl Plan Sali Papa nou ki nan Syèl la (gade 2 Nefi 9:6). Pou nou ka vin menmjan avèk Papa Etènèl nou an, nou dwe pase pa lanmò epi nan apre sa resevwa kò resisite ki pafè.

Lè kò fizik la mouri, lespri a kontinye viv. Nan mond lespri a, lespri jis yo “antre nan yon lavi bonè ki rele Paradi, yon lavi repo, yon lavi lapè, pou yo repoze apre tout pwoblèm yo epi apre tout sousi ak lapenn yo” (Alma 40:12). Yon kote ki rele prizon lespri rezève pou “moun ki mouri nan peche yo, san konnen verite a, oubyen an transgresyon, paske yo te rejte pwofèt yo” (D&A 138:32). Lespri nan prizon yo, yo “anseye yo lafwa nan Bondye, repantans pou soti nan peche yo, batèm pa pwokirasyon pou remisyon peche yo, don Sentespri a pa enpozisyon men, ak tout lòt prensip levanjil ki nesèsè pou yo konnen” (D&A 138:33–34). Si yo aksepte prensip levanjil yo, repanti pou peche yo, epi aksepte òdonans ki akonpli pou yo nan tanp yo, y ap antre nan paradi.

Gras avèk Ekspyasyon ak Rezirèksyon Jezikri a, lanmò fizik se yon bagay ki sèlman pasaje: “Menmjan nan Adan tout moun mouri, konsa tou nan Kris tout moun ap gen lavi ankò” (1 Korentyen 15:22). Tout moun ap resisite, ki vle di lespri chak moun pral reyini avèk kò li—“restore pafètman nan kò a” epi li pap janm sibi lanmò ankò (Alma 40:23; gade Alma 11:44–45 tou).

Siman ou konn fè eksperyans lapenn ki soti nan lanmò yon manm fanmi oubyen yon zanmi. Li natirèl pou w santi chagren nan moman sa yo. Anfèt, kriye se yonn nan pwofon ekspresyon lanmou. Senyè a te di: “Na va viv ansanm nan lanmou, konsa na va kriye pou pèt sa ki mouri yo” (D&A 42:45). Sèl fason pou nou ta gen lanmò san chagren se ta paske pa gen lanmou nan lavi a. Osi lontan nou renmen lòt moun nan lavi sa a, n ap santi chagren lè moun mouri.

Menmlè n ap kriye pou lanmò yon moun nou renmen, nou ka resevwa rekonfò nan pwomès rezirèksyon an ak nan asirans ke fanmi yo ka ansanm pou tout tan an. Nou ka “wè anpil rezon pou lapenn epi tou pou rejwisans—lapenn, poutèt lanmò

ak destriksyon nan pami lèzòm, epi lajwa poutèt limyè Kris la ki bay lavi a” (Alma 28:14; gade vèsè 9–13 tou).

Anplis resevwa rekonfò lè moun nou renmen mouri, nou ka anpè avèk konesans ke n ap gen pou n mouri yon jou. Pandan n ap viv levanjil la, nou ka sonje pwomès Senyè a: “Moun ki mouri nan mwen menm yo pap goute lanmò, paske l ap dous pou yo” (D&A 42:46).

Referans adisyonèl: Ezayi 25:8; 1 Korentyen 15:51–58; 2 Nefi 9:6–15; Mozya 16:6–8

Gade Ekspyasyon Jezikri; Paradi; Plan Sali; Rezirèksyon tou

Lapè

Pou anpil moun lapè vle di absans lagè. Men nou ka santi lapè menm nan tan lagè, epi nou ka manke lapè menm lè pa gen lagè. Senp absans konfli pa ase pou pote lapè nan kè nou. Lapè vini atravè levanjil la—atravè Ekspyasyon Jezikri a, ministè Sentespri a, ak pwòp fidelite pa nou, repantans sensè nou, ak sèvis dilijan nou.

Menmsi mond lan nan toumant toutotou nou, ou ka resevwa benediksyon lapè enteryè a. Bendiksyon sa a ap kontinye avèk nou pandan n ap rete fidèl nan temwayaj nou konsènan levanjil la epi pandan n ap sonje ke Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri renmen nou epi ap veye sou nou.

Anplis santi lapè enteryè, nou ka vin yon enfliyan pou lapè nan fanmi nou, nan kominote nou, epi nan mond lan. Nou ka travay pou lapè lè nou respekte kòmandman yo, rann sèvis, pran swen manm fanmi nou ak pwochen nou, epi pataje levanjil la. Nou travay pou lapè chak fwa nou ede soulaje soufrans yon lòt moun.

Pawòl sa yo Sovè a te di yo anseye nou kijan nou ka jwenn lapè levanjil la pote a:

“Konsolatè a, ki se Sentespri a, ke Papa a apral voye nan non m nan, pral anseye nou tout bagay, epi li pral pote tout bagay vin nan memwa nou, tout sa m te di nou yo.

“Mwen kite lapè avèk nou, mwen banou lapè mwen. Mwen pa banou li jan mond lan bay li. Se pou kè nou pa twouble, ni panike (Jan 14:26–27)

“Pa pè fè byen, pitit mwen yo, paske tout sa nou simen, n ap rekòlte yo tou. Se poutèt sa, si nou simen byen, n ap rekòlte byen tou kòm rekonpans.

“Se poutèt sa, ti twoupo m yo, pa pè; fè byen; kite latè ak lanfè kole tèt yo ansanm kont ou, paske si ou bati sou wòch mwen, yo pap ka venk.

“Konsa, mwen pa kondane ou; ale epi pa peche ankò; akonpli travay mwen kòmande w pou w akonpli a avèk serye.

“Vire vè mwen menm nan chak panse; pa doute, pa pè.

“Gade plè ki te pèse bò kòt mwen yo, ak mak klou yo nan men mwen ak nan pye mwen. Rete fidèl, respekte kòmandman m yo, epi wa va eritye wayòm syèl la” (D&A 6: 33–37).

“Bagay sa yo mwen di w yo pou ou ka gen lapè nan mwen menm. Wap gen tribilasyon nan mond lan men, pran kouraj, mwen te venk mond lan” (Jan 16:33).

Si nou sonje Sovè a epi suiv li, n ap reyèlman pran kouraj. N ap toujou santi lapè reyèl epi dirab tout tan. Nou ka jwenn espwa nan premye pawòl Sovè a te di disip li yo apre Rezirèksyon an: “Lapè avèk nou” (Jan 20:19).

Referans adisyonèl: D&A 59:23

Gade Charite; Sentespri; Esperans; Jezikri; Amou; Sèvis; Lagè tou

Lavi Etènèl

Senyè a deklare, “Sa se zèv mwen ak glwa mwen—reyalize imòtalite ak lavi etènèl lòm” (Moyiz 1:39). Imòtalite se viv pou tout tan antanke yon moun resisite. Atravè Ekspyasyon Jezikri a, chak moun ap resevwa kado sa a. Lavi etènèl, oubyen egzaltasyon, se eritye yon plas nan degre glwa ki pi wo nan wayòm selès la, kote na pral viv nan prezans Bondye epi kontinye antanke fanmi (gade D&A 131:1–4). Menmjan avèk imòtalite a, don sa a rann posib gras avèk Ekspyasyon Jezikri a.

Sepandan, li mande nou “obeyisans a Iwa ak òdonans Levanjil yo” Atik Lafwa 1:3).

Rete sou chemen lavi etènèl la

Lè ou batize epi ou resevwa don Sentespri a, ou antre nan chemen ki mennen nan lavi etènèl la. Pwofèt Nefi te anseye:

“Pòt pou ou antre a se repantans ak batèm nan dlo; epi lè sa a, ou pral gen remisyon pou peche ou yo nan dife ak nan Sentespri a.

“Epi lè sa a, ou nan chemen etwat epi kwense a, ki mennen nan lavi etènèl la; wi, ou te antre nan pòt la; ou te aji dapre kòmandman Papa a ak Pitit Gason an; epi ou te resevwa Sentespri a, ki bay temwayaj Papa a ak Pitit Gason an, ki akonpli pwomès li te fè a; pwomès ou te gen pou ou resevwa si ou antre nan chemen an” (2 Nefi 31:17–18).

Nefi te mete aksan ke apre nou fin antre nan “chemen etwat epi kwense sa a”, nou dwe pèsevere jiskalafen nan lafwa:

“Kounyeya, lè ou fin antre nan chemen etwat epi kwense sa a, m vle mande èske tout bagay fini? Reyèlman, m di ou, Non; paske ou pa t ap kapab rive jis la si se pa t pou pawòl Kris la, avèk lafwa fèm ou gen nan li, si ou pa depann antyèman sou merit li menm ki gen pouvwa pou l sove a.

Se poutèt sa, ou dwe mache ann avan avèk fèmte nan Kris la, avèk yon esperans pafètman klè, epi avèk yon amou pou Bondye ak pou tout moun. Se poutèt sa, si ou kenbe fèm, ou fete nan pawòl Kris la, epi ou pèsevere jiskalafen, reyèlman, Papa a di ou: W ap gen lavi etènèl” (2 Nefi 31:19–20).

Kounyeya ke ou fin batize epi konfime, pifò nan pwogrè ou pou rive nan lavi etènèl la depann sou resevwa lòt òdonans sali yo: pou gason yo, òdinasyon nan Prètriz Mèlkisedèk la; pou gason ak fi, dotasyon ak sèlman maryaj nan tanp. Lè ou resevwa òdonans sa yo epi kenbe alyans ki akonpaye yo, ou prepare tèt ou pou w eritye degre ki pi wo nan glwa selès la.

Levanjil

Alapòte ou

Pandan w ap medite sou pwogrè ou nan “chemen etwat epi kwense” a, se pou gen asirans ke lavi etènèl alapòte ou. Senyè a vle ou retounen vè li menm, epi li pap janm mande ou okenn bagay ou pa ka akonpli. Tout kòmandman l yo prepare pou travay pou bonè ou. Lè ou egzèse lafwa epi sèvi li avèk tout ou menm, li ba ou fòs epi li ba ou yon mwayen pou w fè kèlkeswa sa li kòmande ou (gade 1 Nefi 3:7). Sonje ke si ou fè tout sa ou kapab epi repanti pou peche w yo, Ekspyasyon Jezikri a ap konpanse feblès ou yo ansanm avèk enjistis, blesi, ak lapenn w ap rankontre nan lavi sa a: “Nou konnen se avèk gras nou sove apre tout sa nou kapab fè” (2 Nefi 25:23).

Referans adisyonèl: Jan 3:16; 17:3; 2 Nefi 9:39; Mowoni 7:41; D&A 14:7; 50:5

Gade Ekspyasyon Jezikri a; Wayòm Glwa yo tou

Levanjil

Levanjil la se plan bonè Papa nou ki nan Syèl la. Doktrin santral levanjil la se Ekspyasyon Jezikri a.

Pwofèt Joseph Smith te di: “Premye prensip ak òdonans Levanjil yo se: premyèman, Lafwa nan Senyè a Jezikri; dezyèmman, Repantans; twazyèmman, Batèm pa imèsyon pou padon peche yo; katriyèmman, Enpozisyon dèmen pou bay don Sentespri a. (Atik Lafwa 1:4). Nan plenitud li, levanjil la gen tout doktrin, prensip, lwa, òdonans, ak alyans ki nesesè pou nou egzalte nan wayòm selès la. Sovè a pwomèt ke si nou pè-severe jiskalafen, fidèlman nan levanjil la, l ap konsidere nou inosan devan Papa a nan jou Dènnye Jijman an (3 Nefi 27:16).

Plenitud levanjil la te preche nan tout epòk kote pitit Bondye yo te prepare pou resevwa li. Nan dènnye jou yo, oubyen dispansasyon plenitud tan yo, levanjil la retabli atravè Pwofèt Joseph Smith.

Referans adisyonèl: Women 1:16–17; 3 Nefi 27:13–22; D&A 11:24; 39:5–6

Gade Ekspyasyon Jezikri; Batèm; Lafwa; Sentespri; Jezikri; Plan Sali; Repantans;Retablisman levanjil la

Libète (libabit)

Papa nou ki nan Syèl la ba ou libète (libabit), kapasite pou w chwazi epi pou w aji selon ou menm. Libète esansyèl nan plan sali a. San li menm, ou pa t ap kapab aprann ni pwo-grese ni suiv Sovè a. Avèk li, ou “lib pou chwazi libète ak lavi etènèl, atravè gran Medyatè a ki pou tout moun nan, oubyen chwazi kaptivite ak lanmò, daprè kaptivite ak pouvwa dyab la” (2 Nefi 2:27).

Ou te gen pouvwa pou chwazi menm anvan ou te fèt. Nan Konsèy premòtèl la nan Syèl la, Papa nou ki nan Syèl la te prezante plan li, ki te gen prensip libète a ladan. Lisifè te sòlve kont li epi li te “chèche detwi libabit lòm” (Moyiz 4:3). Kòm rezilta, Lisifè ak tout moun ki te suiv li yo pa t jwenn privilèj resevwa yon kò mòtèl. Prezans ou sou tè a konfime ke ou te egzèse libabit ou pou suiv plan Papa nou ki nan Syèl la.

Nan mòtalite a, ou kontinye gen libabit ou. Itilizasyon w ap fè avèk don sa a ap detèmine bonè ou oubyen malè ou nan lavi sa a ak nan lavi k ap vini an. Ou lib pou w chwazi epi aji, men ou pa lib pou w chwazi konsekans aksyon w yo. Konsekans yo ka pa vini tout suit, men yo toujou suiv. Chwazi byen ak ladwati mennen bonè, lapè, ak lavi etènèl, pandan ke chwazi peche ak mal toujou mennen nan chagren ak soufrans.

Ou responsab pou dezizyon ou pran yo. Ou pa dwe jete blam sou sikonstans yo, fanmi ou, oubyen zanmi ou si ou chwazi dezobeyi kòmandman Bondye yo. Ou se yon pitit Bondye avèk gwo fòs. Ou gen kapasite pou w chwazi ladwati ak bonè, kèlkeswa sikonstans yo.

Ou responsab pou devlope talan ak kapasite Papa nou ki nan Syèl la ba ou yo tou. W ap gen pou rann ni kont pou sa ou fè avèk kapasite w yo ak pou fason ou itilize tan ou. Pa gaspiye tan ou. Pare ou pou w travay di. Chwazi pou w fè anpil bon bagay pa pwòp volonte pa ou.

Limyè Kris la

Referans adisyonèl: Detewonòm 11:26–28; 30:15–20; Jozye 24:14–15; 2 Nefi 2; Elaman 14:30–31; D&A 58:26–28; 101:78

Gade Obeyisans: Plan Sali; tantasyon, tou

Limyè Kris la

Limyè Kris la “soti nan prezans Bondye pou ranpli iman-site espas la.” Li se “limyè ki nan tout bagay, ki bay tout bagay lavi, ki se lwa ki gouvène tout bagay” (D&A 88:12–13; gade vè-sè 6–11 tou.) Pouvwa sa a se yon enfliyans pou bon bagay nan lavi tout moun (gade Jan 1:9; D&A 93:2). Nan ekriti yo, Limyè Kris la pafwa rele Lespri Senyè a, Lespri Bondye, Lespri Kris la, oubyen limyè lavi.

Limyè Kris la pa dwe konfonn avèk Sentespri a. Li pa yon pèsonaj, jan Sentespri a ye. Enfliyans li dirije moun jwenn vrè levanjil la, batize, epi resevwa don Sentespri a (gade Jan 12:46; Alma 26:14–15).

Konsyans se yon manifestasyon Limyè Kris la, ki pèmèt nou jije ant byen ak mal. Pwofèt Mòmmon te anseye: “Tout moun gen Lespri Kris la pou yo kapab konnen byen ak mal; se poutèt sa, m montre ou kòman pou ou jije; paske tout bagay ki envite lèzòm pou yo fè byen, epi ki pèsyade yo pou yo kwè nan Kris la, se pouvwa ak don Kris la ki voye li; se poutèt sa ou mèt konnen avèk yon konesans pafè, se nan men Bondye li sòti. . . . Epi kounyeya, frè m yo, fè yon jan pou ou konnen avèk ki limyè pou ou jije, limyè sa se limyè Kris la, fè yon jan pou ou pa jije mal; paske menm jan ou fè jijman an se konsa tou ou ap pase anba jijman” (Mowoni 7:16, 18).

Referans adisyonèl: Jan 8:12; Alma 28:14

Gade Konsyans; Sentespri tou

Liv kanonik (*Gade Ekriti*)

Liv Mòmmon (*Gade Ekriti*)

Maryaj

Jodi a nan mond lan, anpil moun rejte maryaj ak fanmi epi menm pase yo nan rizib. Nan mitan vwa konfizyon epi dewoutan sa yo, Premye Prezidans lan ak Kolèj Douz Apot yo leve vwa konsistan laverite a. Yo “deklare solanèlman ke maryaj ant yon gason ak yon fi òdone pa Bondye epi fanmi an se santral nan plan Kreyatè a pou destine etènèl pitit li yo” (Gade Fanmi an: Yon Pwoklamasyon pou mond lan, paj 00 nan liv sa a).

Pi gwo jwa lavi yo chita nan fanmi. Relasyon famiyal ki solid mande efò, men efò sa yo pote gwo lajwa nan lavi sa a epi pandan tout letènite. Menmsi ou pa t gen yon bon lavi famiyal nan lepase, ou ka chèche pou w gen yon maryaj etènèl ki gen lajwa ak rapò plen lanmou avèk manm fanmi ou.

Nouvèl alyans etènèl maryaj la

Nan plan bonè Papa nou ki nan Syèl la, yon gason ak yon fi ka sele yonn ak lòt pou letan epi pou tout letènite. Moun ki sele nan tanp yo gen asirans ke relasyon yo ap kontinye pou tout tan si yo rete vrè nan alyans yo. Yo konnen ke anyen, pa menm lanmò, pa ka separe yo.

Alyans etènèl maryaj la nesèsè pou egzaltasyon. Senyè a te revele atravè Joseph Smith: “Nan glwa selès la gen twa syèl oubyen degre; epi pou yon moun jwenn pi wo a, li dwe antre nan lòd Prèttriz sa a [ki se nouvèl alyans etènèl maryaj la]; epi si li pa fè sa li pa ka jwenn ni. Li gen dwa antre nan lòt la men, se ap fen wayòm ni; li pap ka gen akwasman.” (D&A 131:1–4).

Aprè li fin resevwa òdonans sèlman an epi fè alyans sakre nan tanp, yon koup dwe kontinye nan fidelite pou li ka resevwa benediksyon maryaj etènèl ak egzaltasyon yo. Senyè a te di:

“Si yon gason marye avèk yon madanm pa pawòl mwen ki se lwa m nan, epi pa nouvèl alyans etènèl la, epi inyon yo sele pa Sentespri Pwomès la, pa moun ki wen, ke mwen bay

Maryaj

pouvwa ak kle Prètriz sa yo; . . . epi si [yo] rete nan alyans mwen an, . . . y ap resevwa nan tout bagay tout sa sèvitè m nan mete sou yo, nan letan, epi atravè tout letènite; epi sa ap totalman valid lè yo ale soti nan mond sa a" (D&A 132:19; pou yon eksplikasyon sou Sentespri Pwomès la, gade paj 00).

Prepare pou maryaj

Si ou selibatè, prepare ou avèk swen pou maryaj. Sonje ke pa gen okenn lòt ranplasan pou maryaj nan tanp. Prepare pou w marye avèk moun egzak la nan kote egzak la nan moman egzak la. Viv diy kounyeya pou kalite moun ou espere marye a.

Soti sèlman avèk moun ki gen prensip ki elve epi ke konpayi yo ka kenbe prensip wo w yo. Byen planifye aktivite pozitif epi restriktif pou ou menm avèk moun w ap soti a pa rete poukont nou san nou pap fè anyen. Rete nan zòn ki gen sekirite kote ou ka fasilman kontwole tèt ou. Pa patisipe nan konvèsasyon oubyen aktivite ki ap eksite sansasyon seksyèl.

Chèche yon konjwen menm relijyon avèk ou. Chèche yon moun ou ka toujou onore epi respekte, yon moun ki ap sipòte ou nan lavi ou. Anvan ou marye, asire ke ou jwenn yon moun ou ka bay tout kè ou, tout lanmou ou, tout fidelite ou, tout lwa-yote ou.

Konsèy pou moun ki pa marye yo

Gen kèk manm legliz la ki rete selibatè san se pa fèt yo, malgre yo anvi marye. Si ou twouve w nan sitiyasyon sa a, asire ou ke "tout bagay travay ansanm pou byen moun ki renmen Bondye" (Women 8:28). Si ou rete diy, yon jou, nan lavi sa a oubyen nan lòt la, w ap resevwa tout benediksyon yon fanmi etènèl. Senyè a fè pwomès sa a tout tan atravè pwofèt dènye jou l yo.

Si ou selibatè epi ou anvi marye, pa dekouraje. An menm tan tou, pa kite tèt ou vin preyokipe pa bi ou. Olye sa, angaje ou totalman nan aktivite ki diy. Chèche kijan pou w sèvi nan fanmi elaji ou ak nan kominote ou. Aksepte epi mayifye apèl nan

legliz la. Kenbe tèt ou pwòp, fizikman ak espirituelman. Kontinye aprann epi devlope epi pwogrese nan lavi pèsònèl ou.

Rive gen yon maryaj ki gen bonè

Si ou marye, sonje ke amitye ak lanmou ant ou menm avèk konjwen ou dwe relasyon terès ki pi chè pou ou. Konjwen ou se sèl lòt moun eksepte Senyè a yo rekòmande ou pou w renmen avèk tout kè ou (gade D&A 42:22)

Sonje ke maryaj, nan vrè sans li, se yon asosyasyon egal, kote okenn moun pa dwe egzèsè dominasyon sou lòt la, men kote chak konjwen ap ankouraje, rekonfòte, epi ede lòt la.

Paske maryaj se yon relasyon ki si enpòtan nan lavi a, li bezwen tan epi li merite tan. Pa bay pi gwo priyorite ou ak angajman ki mwens enpòtan. Pran tan pou pale ansanm epi pou yonn koute lòt. Se pou ou plen atansyon epi plen respè. Eksprime santiman tandrès ak afeksyon yo souvan.

Pran desizyon ke anyen pap janm vini ant ou menm avèk konjwen ou pou detwi maryaj nou. Pran rezolisyon pou fè maryaj ou gen siksè, malgre pwoblèm ki ka leve.

Rete fidèl yonn anvè lòt. Rete fidèl nan alyans maryaj ou nanpanse, pawòl, ak aksyon. Sonje ke Senyè a di: "Ou dwe renmen madanm ou avèk tout kè ou, epi atache ou avèk li menm sèl epi avèk okenn lòt moun." (D&A 42:22). Fraz "okenn lòt" moun nan anseye ke pèsonn, ni aktivite, ni byen latè pa dwe janm pran premye plas sou relasyon ou avèk konjwen ou.

Rete lwen tout bagay ki ka mennen ou nan enfidelite kèlkeswa fason an. Pònografi, imajinasyon bagay ki malsen, ak jwèt renmen (flirt) ka wonje pèsonalite ou epi minen fondasyon maryaj ou.

Travay ansanm pou jere finans nou. Kolabore pou nou etabli epi suiv yon bidjè. Disipline tèt nou nan depanse, epi evite esklavaj dèt. Byen jere kòb nou epi libere anba dèt kontribye ak lapè nan fwaye a.

Santre lavi ou nan levanjil Jezikri a. Se pou yonn ede lòt kenbe alyans nou fè yo. Ale legliz ak nan tanp ansanm. Etidye ekriti yo ansanm. Mete ajenou ansanm nan lapriyè nan

Milenyòm

kòmansman ak nan fen chak jou pou di Papa nou ki nan Syèl la mèsi yonn pou lòt epi pou ini nan mande li benediksyon pou lavi ou, fwaye ou, moun ou renmen yo, ak dezi ki jis ou yo. Bondye ap gide ou lè sa a, epi konvèsasyon chak jou ou avèk li ap pote lapè ak lajwa ki ka vini de okenn lòt sous. Relasyon nou ap amelyore atravè ane yo; lanmou ou ap fòtifye. Apresyasyon yonn pou lòt ap grandi.

Referans adisyonèl: Jenèz 1:27–28; 2:18, 21–24; 1 Korentyen 11:11; Efezyen 5:22–33; Moyiz 2:27–28; 3:18, 21–24

Gade Chastete, Divòs, Fanmi; Tanp; Inite

Milenyòm

Yon milenyòm se yon peryòd mil ane. Lè nou pale osijè “Milenyòm” nou fè referans avèk 1000 ane ki ap suiv Dezyèm Vini Sovè a (gade Revelasyon 20:4; D&A 29:11). Pandan Milenyòm nan, “Kris pral reye pèsònèlman sou tè a” (Atik Lafwa 1:10).

Milenyòm nan ap yon tan jistis ak lapè sou tè a. Senyè a revele ke “nan jou sa a ostilite lòm, ak ostilite bèt yo, wi, ostilite tout chè, ap sispann” (D&A 101:26; gade tou Ezayi 11:6–9). Satan ap “lye, pou li pa gen okenn plas nan kè pitit lèzòm” (D&A 45:55; gade tou Revelasyon 20:1–3).

Pandan Milenyòm nan, tout moun sou tè a ap bon epi jis, men anpil pap resevwa plenitud levanjil la. Pa konsekan, manm legliz yo ap patisipe nan travay misyonè.

Manm legliz yo ap patisipe nan travay tanp tou pandan Milenyòm nan. Sen yo ap kontinye bati tanp epi resevwa òdo-nans nan non zansèt yo. Gide pa revelasyon, y ap prepare anal pou zansèt yo depi Adan ak Èv.

Jistis ak lapè total ap kontinye jiskalafen mil ane yo, kote Satan “pral delye pou yon ti sezon, pou l ka rasanble lame l yo.” Lame Satan yo pral konbat kont lame syèl yo, ki ap pral dirije pa Michèl, ki vle di Adan. Satan ak disip li yo pral sibi defèt epi y ap chase pou tout tan. (Gade D&A 88:111–115.)

Referans adisyonèl: D&A 45:55–59; 101:22–34; 133:25

Gade Dezyèm Vini Jezikri a

Mizèrikòd

Papa nou ki nan Syèl la konnen feblès nou ak peche nou. Li montre mizèrikòd lè li padone nou peche nou epi ede nou retounen demere nan prezans li.

Kalite konpasyon konsa ka parèt an konfli avèk lwa jistis la, ki mande ke okenn bagay ki pa pwòp pa ka demere nan prezans Bondye (gade 1 Nefi 10:21). Men Ekspyasyon Jezikri a pèmèt pou Bondye “kapab yon Bondye pafè, epi yon Bondye mizèrikòd tou” (Alma 42:15).

Resevwa Mizèrikòd Bondye

Sovè a te satisfè demann jistis yo lè li te kanpe nan plas nou epi sibi chatiman pou peche nou yo. Akòz zak ewoyik sa a, Papa a, nan mizèrikòd li, ka leve pinisyon kont nou an epi akeyi nou nan prezans li. Pou nou resevwa padon Senyè a, nou dwe repanti sensèman pou peche nou yo. Jan pwofèt Alma te anseye, “Jistis fè tout reklamasyon pa l, epi mizèrikòd reklame tout moun ki pou li; epi konsa, pèsonn pa sove eksepte moun ki reyèlman penitan”. (Alma 42:24; gade vèsè 22–23, 25 tou).

Padon pou peche se pa sèl don mizèrikòd Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri banou. Chak benediksyon nou resevwa se yon zak mizèrikòd, plis pase nou janm merite pa nou menm. Mòmon te anseye, “Tout bagay ki bon sòti nan men Kris la; san sa lèzòm t ap tonbe, epi yo pa t ap kapab resevwa okenn bon bagay.” (Mowoni 7:24). Pa egzanp, ou benefisyè mizèrikòd divin nan lè Papa nou ki nan Syèl la tandè priyè ou epi egzose yo, lè ou resevwa gidans nan men Sentespri a, epi lè ou geri nan maladi pa pouvwa Prètriz la. Menmsi benediksyon sa yo vini kòm rezilta obeyisans ou, ou pa t ap janm ka resevwa yo pa efò pa w sèlman. Yo se don mizèrikòd yon papa eman epi konpatisan.

Montre mizèrikòd pou lòt moun

Pandan l t ap pale avèk disip li yo, Sovè a te kòmande yo: “Se pou nou . . . gen mizèrikòd, menjman Papa nou gen mizèrikòd tou” (Lik 6:36). Ou ka suiv egzanp mizèrikòd Papa nou ki nan Syèl la nan relasyon ou avèk lòt moun. Eseye debarase lavi ou avèk awogans, lògèy, ak vanite. Chèche fason pou w konpatisan, plen respè, padonan, bon, epi pasyan, menm si ou konsyan defo lòt moun. Lè ou fè sa, egzanp pou ap mennen lòt moun vin pi gen mizèrikòd, epi w ap vin pi plis merite mizèrikòd Bondye.

Referans adisyonèl: Matye 5:7; Lik 10:25–37; Alma 34:14–16

Gade Charite; Padon, Gras; Jistis

Nanm

Mo *nanm* nan itilize nan de fason nan ekriti yo. Premyeman, yon lespri ki ini avèk yon kò fizik, keseswa nan mòtalite oubyen apre rezirèksyon, li rele yon nanm (gade D&A 88:15–16). Dezyèmman, lespri nou pafwa rele nanm (gade Alma 40:15–18; Abraam 3:23).

Gade Plan Sali; Rezirèksyon; Lespri tou

Obeyisans

Nan egzistans premòtèl la, Papa nou ki nan Syèl la te prezide yon Gran Konsèy nan Syèl la. Lè sa a nou te aprann osi jè plan Sali a, ki gen ladan yon moman mizaleprèv sou tè a: “N ap fè yon tè kote yo pral rete; epi n ap mete yo aleprèv, pou nou wè si yo pral fè tout sa Senyè a Bondye yo pral kòmande yo” (Abraram 3:24, 25) Yonn nan rezon ki fè ou isit sou tè a se pou ou montre volonte ou pou obeyi kòmandman Papa nou ki nan Syèl la yo.

Anpil moun panse ke kòmandman yo se fado epi yo limite libète yo ak kwasans pèsònèl yo. Men Sovè a te anseye ke vrè libète soti sèlman nan suiv li: “Si ou demere nan pawòl

mwen, lè sa a ou se disip mwen, epi w ap konnen verite a, epi verite a ap rann ou lib” (Jan 8:31–32) Bondye bay kòmandman pou byen nou. Yo se enstriksyon plen lanmou pou bonè nou ak byennèt fizik ak espirityèl nou.

Pwofèt Joseph Smith te anseye ke obeyisans kòmandman yo mennen benediksyon Bondye. Li te di: “Gen yon lwa, ki irevokabman dekrete nan syèl la depi anvan fondasyon mond sa a, se sou li tout benediksyon chita” (D&A 130: 20–21). Wa Benjamin te anseye prensip sa a tou. Li te di: “M ta vle ou konsidere benediksyon ak bonè moun sa yo ki kenbe kòmandman Bondye yo. Reyèlman, yo beni nan tout bagay, ni tanporèl ak espirityèl; epi si yo rete fidèl jis nan finisman, y ap jwenn akèy nan syèl la, pou yo kapab rete avèk Bondye nan yon bonè ki pap fini. O sonje, sonje bagay sa yo se verite; paske Lesnyè Bondye te di sa.” (Mozya 2:41).

Obeyisans ou anvè kòmandman yo se yon ekspresyon lanmou ou pou Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri. Sovè a te di: “Si ou renmen mwen, respekte kòmandman m yo” (Jan 14:15). Nan apre, li te deklare: “Si ou kenbe kòmandman m yo, w ap demere nan amou mwen, menmjan mwen te kenbe kòmandman Papa m yo, epi mwen demere nan amou li” (Jan 15:10).

Referans adisyonèl: Jozye 24:14–15; Eklezyas 12:13; Matye 7:21; Jan 7:17; 1 Nefi 3:7; D&A 58:21–22; 82:8–10

Gade Libète; Plan Sali

Òdonans

Nan legliz la, yon òdonans se yon ak sakre, ofisyèl ki akonpli pa otorite Prèttriz la. Gen kèk òdonans ki endispansab pou egzaltasyon nou. Òdonans sa yo rele òdonans Sali. Yo gen ladan yo batèm, konfimasyon, òdinasyonan Prèttriz Mèlkisedèk la (pou gason yo), dotasyon tanp, ak sèlman maryaj. Avèk chak òdonans sa yo, nou antre nan alyans solanèl avèk Senyè a.

Lòt òdonans, tankou nonmen epi beni timoun, konsakre luil, ak administre malad ak aflije, akonpli pa otorite Prèttriz

Omoseksyalite (Gade Chastete)

la tou. Menmsi yo pa indispensable pou sali nou, yo enpòtan pou rekonfò, gidans, ak ankourajman.

Òdonans yo ak alyans yo ede nou sonje kiyès nou ye. Yo raple nou devwa nou anvè Bondye. Senyè a banou èd pou ede nou vin jwenn ni epi resevwa lavi etènèl. Lè nou onore yo, li fòtifye nou.

W ap resevwa plizyè opòtinite pou patisipe nan òdonans Prètriz yo. Chak fwa ou gen yon opòtinite konsa, fè tout sa ou kapab pou prepare tèt ou, keseswa w ap akonpli òdonans ou-byen w ap resevwa li. Ou ka prepare ou kote w ap priye, jene, pran konsèy nan men dirijan Prètriz yo, epi etidye ekriti yo ak pawòl Pwofèt Dènnye Jou yo. Si ou se yon detantè Prètriz, ou dwe toujou espirityèlman prepare pou akonpli yon òdonans. Viv yon lavi ki pwòp, diy, epi efòse ou pou gen konpayi Sentespri a tout tan.

D&A 84:19–21; Atik Lafwa 1:3–5

Gade Alyans, Levanjil; Prètriz

Omoseksyalite (*Gade Chastete*)

Onètete

Trèzyèm Atik Lafwa a deklare: “Nou kwè nou dwe onèt”. Onèt vle di sensè, vrè, epi san twonpri tout tan.

Lè ou onèt nan tout bagay ou kapab jwi lapè lespri epi mentni respè tèt ou. Ou bati fòs karaktè, ki ap pèmèt ou rete nan sèvis Bondye ak lòt moun. Ou diy pou konfyans nan je Bondye ak je moun ki antoure w yo.

Men, si ou pa onèt nan pawòl epi nan aksyon, ou fè tèt ou mal epi ou souvan fè lòt moun mal tou. Si ou bay manti, vòlè, twonpe, oubyen neglije pou w bay tout kantite travay yo peye w pou li a, ou pèdi respè tèt ou. W ap pèdi gidans Sentespri a. Ou ka vin wè ke ou deranje relasyon ou avèk manm fanmi ou ak zanmi ou ak moun ki pa kwè nan ou ankò.

Rete onèt souvan mande kouraj ak sakrifis, espesyalman lè lòt moun ap eseye pèsyade ou pou w jistifye konpòtman malonèt ou. Si ou twouve ou nan yon sitiyasyon konsa, sonje ke lapè dirab onètete pote a gen plis valè pase yon soulajman pasaje oubyen pase fè menmjan avèk tout moun.

Referans adisyonèl: Exodus 20:16; 2 Nephi 9:34; D&A 97:8

Otorite Jeneral (Gade Administrasyon legliz la)

Padon

Ekriti yo fè referans avèk padon nan de fason. Senyè a kòmande nou pou nou repanti pou peche nou epi chèche jwenn padon li. Li kòmande nou pou nou padone moun ki ofanse nou oubyen ki blese nou tou. Nan priyè Senyè a, Jezi konseye nou pou nou mande Papa nou ki nan Syèl la pou l “padone nou peche nou yo, menmjan nou padone moun ki ofanse nou” (Matye 6:12).

Chèche Padon nan men Senyè a

Peche se yon fado ki lou. Li pote tansyon kilpablite ak angwas nan konnen ke nou aji kont volonte Papa nou ki nan Syèl la. Li pote remò san rete pandan n ap reyalize ke akòz aksyon nou yo, nou gen dwa blese lòt moun epi anpeche tèt nou resevwa benediksyon Papa nou prepare pou l banou yo.

Gras avèk Ekspyasyon Jezikri a, nou ka resevwa padon pou peche nou atravè repantans sensè epi total. Peche pote soufrans ak lapenn, men padon Senyè a pote soulajman, rekonfò, ak lajwa. Senyè a pwomèt:

“Moun ki repanti soti nan peche yo, yo padone, epi mwenn menm, Senyè a, mwenn pa sonje peche yo ankò” (D&A 58:42).

“Menmsi peche ou yo wouj tankou san, y ap vin blan tankou nèj; menmsi yo wouj tankou kramwazi, y ap vin tankou lenn” (Ezayi 1:18).

Ou ka fè eksperyans mirak sa a, keseswa ou bezwen repanti pou peche ki grav oubyen pou feblès chak jou yo. Menmjan Sovè a te sipliye moun ansyen tan yo, li sipliye nou jodi a tou:

“Vin jwenn mwen, nou tout k ap pote chay, epi m ap banou soulajman.

“Pran jouk mwen sou nou, epi aprann nan men mwen; paske mwen dou epi enb nan kè; epi n ap jwenn repo pou nanm nou.

“Paske jouk mwen fasil, epi fado mwen lejè” (Matye 11:28–30).

“Èske ou pap retounen vin jwenn mwen, epi repanti pou peche ou, konvèti pou m kapab geri ou?

“Wi, toutbon, m di ou, si ou vin jwenn mwen, w ap gen lavi etènèl. Ponyèt mizèrikòd mwen lonje ba ou, nenpòt moun ki vini m ap resewva l, epi moun ki vin jwenn mwen, y ap beni” (3 Nefi 9:13–14).

Pou yon eksplikasyon osijè repantans, gade “Repantans”, paj 00

Padone lòt moun

Anplis chèche padon pou peche nou yo, nou dwe gen volonte pou nou padone lòt moun. Senyè a te di: “Nou yonn bezwen padon lòt; paske moun ki pa padone frè li pou ofans li yo yo kondane devan Senyè a paske se nan yo menm pi gwo peche a rete. Mwen menm, Senyè a, mwen padone moun mwen vle, men ou menm, yo mande ou pou ou padone tout moun” (D&A 64:9–10).

Nan sikonstans lavi chak jou yo, se sèten gen moun k ap fè ou ditò—pafwa an tout inosans epi pafwa entansyonèlman. Li fasil pou vin egri oubyen fache oubyen chèche vanjans nan sityasyon sa yo, men se pa fason Senyè a aji. Sovè a te konseye: “Renmen enmi ou, beni moun ki modi ou, fè byen pou moun ki rayi ou, epi priye pou moun k ap maltrete ou epi ki ap pèsèkite ou” (Matye 5:44). Li te tabli egzanp pafè padon an lè li te sou kwa a. Apwopo sòlda women yo ki te krisifye l yo,

li te priye: “Papa, padone yo; paske yo pa konn sa y ap fè” (Lik 23:34; gade nòt c anba a).

Priye pou w gen fòs pou padone moun ki fè w ditò yo. Abandone santiman kòlè, amètim, oubyen revanch. Chèche sa ki bon nan lòt moun olye ou konsantre w sou fot yo epi egzajere feblès yo. Kite Bondye sèl jij move aksyon lòt moun. Li ka difisil pou w bliye santiman blesi yo, men ou ka fè sa avèk èd Senyè a. W ap vin wè ke padon ka geri blesi grav, ranplase pwazon kontansyon ak rayiman pa lapè ak lanmou ke sèlman Bondye ka bay.

Referans adisyonèl: Matye 6:14–15; 18:21–22; 1 Nefi 7:16–21

Gade Ekspyasyon Jezikri; Jijman lòt yo; Repantans tou

Papa nou ki nan Syèl la (*Gade Bondye Papa a*)

Paradi

Nan ekriti yo, mo *paradi* a itilize nan plizyè fason. Premyeman, li vle di yon kote ki gen lapè ak bonè nan mond lespri yo apre lanmò a, ki rezève pou moun ki te batize epi ki rete fidèl (gade Alma 40:12; Mowoni 10:34). Moun ki nan prizon lespri yo gen opòtinite pou yo tandè Levanjil Jezikri a, repanti pou peche yo, epi resevwa òdonans batèm yo ak konfimasyon gras avèk travay nou fè nan tanp yo (gade D&A 138:30–35). Lè yo fè sa, yo vin ka antre nan paradi.

Yon dezyèm fason yo itilize mo *paradi* a nan resi Lik la konsènan Krisifikasyon Sovè a. Lè Jezi te sou kwa a, yon vòlè ki te krisifye ansanm avèk li tou te di: “Senyè, tanpri sonje mwen lè w ap vini nan wayòm ou an” (Lik 23: 42). Selon Lik 23:43, Senyè a te reponn ni: “An verite, mwen di ou, jodi a menm w ap avèk mwen nan paradi. “Pwofèt Joseph Smith te eksplike ke sete yon erè nan tradiksyon; Senyè a an reyalyte te di ke vòlè a pral avèk li nan mond lespri yo.

Pawas (Gade Administrasyon legliz)

Nou jwenn mo *paradi* a nan 2 Korentyen 12:4 tou, kote siman li fè referans avèk wayòm selès la. Nan dizyèm atik lafwa yo, mo *paradizyak* la dekri glwa tè a nan Milenyòm nan.

Gade Lanmò, fizik; Plan Sali; Rezirèksyon tou

Pawas (*Gade Administrasyon legliz*)

Pawòl Sajès

Pawòl Sajès la se yon lwa sante ki revele pa Senyè a pou byennèt fizik ak esprityèl nou. Nan revelasyon sa a, ki ekri nan seksyon 89 Doktrin ak Alyans yo, Senyè a di nou ki manje ki bon pou nou manje ak ki sibstans ki pa bon pou kò nou. Li pwomèt benediksyon esprityèl ak fizik pou moun ki obeyi Pawòl Sajès la.

Nan Pawòl Sajès la, Senyè a kòmande nou pou nou pa mete sibstans sa yo nan kò nou:

- Bwason ki gen alkò (gade D&A 89:5–7).
- Tabak (gade D&A 89: 8).
- Te ak kafe (gade D&A 89: 9; pwofèt dènye jou yo anseye ke tèm “bwasyon cho” a fè referans ak te ak kafe).

Tout bagay nuizib ke moun mete volontèman nan kò yo pa ann amoni avèk Pawòl Sajès la. Sa patikilèman vrè pou dwòg, ki ka detwi moun ki vin depanndan l yo. Rete totalman lwen bagay sa yo. Pa eseye yo. Abize medikaman mennen nan depanndan ki kapab detwi tou.

Senyè a deklare ke manje sa yo bon pou kò nou:

- Legim ak fwi, ki dwe itilize “avèk pridans ak rekonesans” (gade D&A 89:10–11).
- Chè “bèt yo ak zwazo yo nan lè a” ki dwe “itilize avèk ekonomi” (gade D&A 89:12–13).
- Gren tankou ble, diri, ak avwàn, ki se “soutyen lavi” (gade D&A 89:14–17).

Benediksyon ki soti nan Pawòl Sajès la

Pou moun ki kenbe Pawòl Sajès la, Senyè a pwomèt:

“Tout sen ki sonje pou kenbe bagay sa yo ki di yo, an machan nan obeyisans anvè kòmandman yo, y ap resevwa sante nan lonbrik yo ak mwèl nan zo yo;

“Epi y ap jwenn sajès ak gwo trezò konesans, menm trezò ki kache yo;

“Epi y ap kouri men yo pap fatigue, epi y ap mache men yo pap febli.

“Epi, mwen menm, Senyè a, mwen fè yo pwomès sa a, ke zanj destriktè yo ap pase bò kote yo, menmjan avèk pitit Izrayèl yo, men yo pap frape yo” (gade D&A 89:18–21).

Simonte depandans

Li pi bon pou totalman evite sibstans Senyè a entèdi nan Pawòl Sajès yo. Men si ou vin depandan nan yonn nan sibstans sa yo, ou ka libere ou soti nan depandans lan. Ou ka simonte depandans pa mwayen efò pèsònèl, ak pouvwa gras Senyè a, èd manm fanmi ou ak zanmi ou, ak gidans dirijan legliz yo.

Priye pou w jwenn èd, epi fè tout sa ki nan pouvwa ou pou reziste anba tantasyon ki vini akòz depandans ou a. Papa nou ki nan Syèl la vle ou resevwa benediksyon ki soti nan kenbe Pawòl Sajès la, epi l ap fòtifye ou nan efò sensè ou pou fè sa.

Referans adisyonèl: D&A 49:19–21; 59:15–20; 88:124; 89:1–4

Gade tou Obeyisans; Tantasyon

Peche

Lè nou dezobeyi kòmandman Bondye yo volontèman, nou komèt peche. Nou komèt peche tou lè nou pa aji byen malgre konesans nou genyen sou laverite. (gade Jak 4:17).

Senyè a te di ke li “pa ka tolere peche nan okenn nivo” (D&A 1:31). Rezilta peche se retire Sentespri a, epi nan letènite,

Peche orijinèl

pa kapab abite nan prezans Papa nou ki nan Syèl la, paske “anyen sal pa kapab rete avèk Bondye” (1 Nefi 10:21).

Nou chak kraze kòmandman oubyen echwe nan aji selon konesans nou sou laverite. Apot Jan te anseye: “Si nou di nou pa gen peche, n ap bay tèt nou manti, epi laverite pa nan nou. Si nou konfese peche nou, [Jezikri] ase fidèl ak jis pou l pado-ne nou pou peche nou, epi pou pwòpte nou soti nan tout ini-kite” (1 Jan 1:8–9). Gras avèk Èkspyasyon Jezikri a, nou ka repanti epi jwenn padon pou peche nou.

Referans adisyonèl: Women 3:23; 6:23; Alma 5:41–42; 11:37; Elaman 5:10–11; D&A 82:1–3; 88:34–35

Gade Èkspyasyon Jezikri; Lanmò espiryèl; Padon; Jistis; Mizèrikòd; Obeyisans; Repantans; Tantasyon

Peche orijinèl

Akòz chit Adan ak Èv la, tout kreyen vivan viv nan yon eta dechi, separe avèk Bondye epi sijè anba lanmò fizik. Sepandan, nou pa kondane pa sa tout moun rele “peche orijinèl” la. Sa vle di, nou pa responsab transgresyon Adan an nan Jaden Edèn nan. Pwofèt Joseph Smith te di: “Nou kwè lèzòm ap rese-vwa pinisyon pou pwòp peche pa yo, men se pa pou transgre-syon Adan an.” (Atik Lafwa 1: 2).

Pa Èkspyasyon an, Sovè a te peye pou transgresyon nan Jaden Edèn nan (*gade* Moyiz 6:53). Li banou asirans rezirèk-syon ak pwomès ke, si nou fidèl, nou ka retounen abite nan prezans Papa nou ki nan Syèl la pou tout tan.

Gade Chit tou

Pèl Gran Pri (*Gade* Ekriti)

Pèse kò

Pwofèt dènye jou yo enèjikman di pou pa pèse kò sof pou bi medikal. Si jèn tifi yo oubyen medam yo vle pèse zòrèy yo, yo rekòmande yo pou yo mete sèlman yon pè zanno ki rezonab.

Moun ki chwazi pa koute konsèy sa a yo montre yon mank respè pou tèt yo epi pou Bondye. Yon jou y ap regrèt desizyon yo.

Apot Pòl te anseye siyifikasyon kò nou ak danje ki genyen nan pwofane li an tout konesans: “Èske nou pa konnen ke nou se tanp Bondye, epi Lespri Bondye a abite nan nou? Si yon moun detwi tanp Bondye a, Bondye ap detwi l tou; paske tanp Bondye a sen, epi se sa nou ye” (1 Korentyen 3:16–17).

Gade Modesti; Tatwaj tou

Pidè

Pidè se yon atitud imilite ak desans nan abiye, prezantasyon, langaj, ak konpòtman. Si ou gen pidè, ou pa pral fè ekspresyon atire atansyon sou ou. Men ou pral chèche “glorifye Bondye nan kò ou, ak nan lespri ou” (1 Korentyen 6:20; gade vèsè 19 tou).

Si ou pa si ke fason ou abiye oubyen prezantasyon ou gen pidè, poze tèt ou kesyon: “Èske m t ap santi m alèz avèk aparans mwen si m te nan prezans Senyè a?” Ou gen dwa poze tèt ou menm kesyon an osijè langaj ou ak konpòtman ou. “Èske m t ap di pawòl sa yo oubyen patisipe nan aktivite sa yo si Senyè a ta prezan?” Repons onèt ou pou kesyon sa yo ka mennen ou fè chanjman enpòtan nan lavi ou. Men kèk enfòmasyon ki ka ede ou nan efò ou pou ou gen pidè.

Abiye ak Aparans

Pwofèt yo toujou konseye nou pou nou abiye avèk pidè. Konsèy sa a fonde sou verite ke kò imen an se yon kreyasyon sakre Bondye. Respekte kò ou antanke yon kado Bondye ba ou. Pa teni ou ak aparans ou, ou ka montre Senyè a ke ou konnen kijan kò ou presye.

Fason ou abiye montre kiyès ou ye. Li voye mesaj osijè ou menm, epi li enfluyanse fason ou menm avèk lòt moun ap aji. Lè ou byen abiye epi ou byen prezante, ou ka envite Lespri a akonpaye ou epi ou egzèse yon bon enfluyans sou moun ki bò kote ou.

Nan fon kòmandman pou ou gen pidè a, gen yon konpreyansyon sou pouvwa sakre pwokreyasyon an, sou kapasite ou pou mennen timoun nan mond lan. Pouvwa sa a dwe itilize sèlman ant mari ak madanm. Rad san pidè yo epi ki revele tout bagay yo, ki gen ladan yo ti bout chòt ak ti bout jip, rad sere, chemizye ki pa kouvri lestomak, ka soulve dezi ak aksyon ki ap vyole lwa chastete Senyè a.

Anplis evite rad ki san pidè yo, ou dwe evite ekstravagans nan fason w ap abiye, nan aparans ou, nan cheve. Nan abiye, prezantasyon, ak kwafi, se pou ou toujou byen pwòp epi nèt epi evite debraye oubyen neglije. Pa defigire kò ou avèk tatwaj oubyen pèse kò. Si ou se yon fi epi ou anvi pèse zòrèy ou, mete sèlman yon zanno senp nan chak zòrèy.

Toujou kenbe prensip pidè ki elve nan tout okazyon. Pa bese prensip ou yo pou atire atansyon sou kò ou ni apwobasyon lòt moun. Vrè disip Jezikri yo kenbe prensip Senyè a kèlkeswa mòd la oubyen presyon nan men lòt moun yo.

Langaj ak konpòtman

Menmjan avèk fason w abiye ak aparans ou, langaj ou ak konpòtman ou montre pèsonalite ou. Pawòl ou ak konpòtman ou ka gen yon enfliyan pwofon sou ou menm epi sou lòt moun. Eksprime ou nan langaj ki klè, pozitif, elvan ak nan aksyon ki pote bonè bay moun ki bò kote ou. Efò ou pou ou gen pidè nan pawòl ak aksyon ap mennen plis gidans ak rekonfò Sentespri a.

Evite langaj ki sal ak move itilizasyon san reverans pou non Senyè a ki si kouran nan mond lan jodi a. Reziste anba tout tantasyon pou patisipe nan konpòtman ki ekstravagan oubyen inapwopriye. Nati san reverans kalite langaj ak konpòtman sa yo ap bloke kapasite ou pou resevwa chichotman diskre Sentespri yo.

Referans adisyonèl: D&A 42:40–41; Atik Lafwa 1:13

Gade Pèse kò; Chastete; Gwosyète; Tatwaj

Pèl Gran Pri (Gade Ekriti)

Plan Sali

Nan egzistans premòtèl la, Papa nou ki nan Syèl la te prepare yon plan pou pèmèt nou vin menmjan avèk li epi resevwa yon plenitid lajwa. Ekriti yo rele plan sa a “plan sali” (Alma 24:14; Moyiz 6:62), “gran plan bonè a” (Alma 42:8), “plan redanmsyon an” (Jakòb 6:8; Alma 12:30), ak “plan mizèrikòd la” (Alma 42:15).

Plan sali a se plenitid levanjil la. Li gen ladan Kreyasyon an, Chit la, Ekspyasyon Jezikri a, ak tout lwa, òdonans, ak doktrin levanjil yo. Libète moral, kapasite pou chwazi epi aji pa nou menm, esansyèl nan plan Papa a tou. Gras avèk plan sa a, nou ka vin pafè atravè Ekspyasyon an, resevwa yon plenitid lajwa, epi viv pou tout tan nan prezans Bondye. Relasyon familyal nou yo ka dire atravè etènite yo.

Nou se patisipan nan plan Papa nou ki nan Syèl la, epi eksperyans etènèl nou ka divize an twa pati esansyèl: lavi premòtèl, lavi mòtèl, ak lavi apre lanmò. Lè nou konprann plan an, n ap jwenn repons pou kesyon yo mande nou si souvan yo: ki kote nou sot? Poukisa nou isit la sou tè a? Ki kote nou prale apre lavi sa a?

Lavi premòtèl

Anvan nou te fèt sou tè a, nou te viv nan prezans Papa nou ki nan Syèl la antanke yonn nan pitit lespri l yo. Nan egzistans premòtèl sa a, nou te asiste nan yon konsèy avèk lòt pitit lespri yo. Nan konsèy sa a, Papa nou ki nan Syèl la te prezante gran plan bonè li a (gade Abraam 3:22–26).

Konfòm avèk plan bonè a, Jezikri premòtèl la, Premye Pitit Gason Papa a nan lespri a, te fè alyans pou l te vin Sovè a (gade Moyiz 4:2; Abraam 3:27). Espri ki te suiv Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri yo te jwenn pèmision pou yo vin sou tè a pou viv nan mòtalite a epi pwogrese ale nan lavi etènèl. Lisifè, yon lòt pitit gason Bondye, te antre an rebelyon kont

plan an epi li te “chèche pou detwi libabit lòm” (Moyiz 4:3). Li te vin Satan, epi li menm ansanm avèk disip li yo te chase soti nan syèl la epi yo te refize yo privilèj pou resevwa yon kò fizik epi viv nan mòtalite a (gade Moyiz 4:4; Abraam 3:27–28).

Pandan lavi premòtèl nou, nou devlope idantite nou epi nou ogmante kapasite espiyèl nou. Paske nou te gen don libabit la, nou te pran desizyon enpòtan, tankou desizyon pou suiv plan Papa nou ki nan Syèl la. Desizyon sa yo te afekte lavi nou lè sa a epi kounyeya. Nou te grandi ann entelijans epi nou te aprann renmen laverite, epi nou te prepare pou vin sou tè a, kote nou t ap ka kontinye pwogrese.

Lavi mòtèl

N ap viv nan kondisyon mòtèl la kounyeya. Lespri nou ak kò nou makònen ansanm, sa ki ba nou opòtinite pou nou grandi epi devlope nan fason ki pa t posib nan lavi premòtèl la. Pati sa a nan egzistans nou se yon moman aprantisaj kote nou ka amelyore tèt nou, chwazi pou vin jwenn Kris, epi prepare pou nou diy pou lavi etènèl. Se yon moman tou kote nou ka ede lòt moun jwenn verite a epi akeri temwayaj sou plan sali a.

Lavi apre lanmò

Lè nou mouri, lespri a prale nan mond lespri yo epi li pral tann rezirèksyon an. Nan moman rezirèksyon an, lespri nou ak kò nou pral reyini, epi nou pral jije epi resevwa yon wayòm glwa. Glwa n ap eritye a ap depann sou pwofondè konvèsyon nou ak obeyisans nou anvè kòmandman Senyè yo (gade “Wayòm glwa yo,” paj 00). L ap depann sou fason nou te “resevwa temwayaj Jezi a” (D&A 76:51; gade vèsè 74, 79, 101) tou.

Benediksyon ki soti nan konesans plan an

Yon temwayaj sou plan sali a ka ba ou esperans ak objektif lè w ap lite avèk pwoblèm lavi yo. Ou ka jwenn rekonfò nan konnen ke ou se yon pitit Bondye epi ou te viv

ou te nan prezans li anvan ou te vin sou tè a. Ou ka jwenn sans nan lavi ou kounyeya, konesan ke aksyon ou yo pandan mòtalite a ap enfliyanse destine etènèl. Avèk konesans sa a, ou ka baze desizyon enpòtan w yo sou verite etènèl yo olye sou sikonstans chanjan lavi yo. Ou ka kontinye amelyore relasyon ou avèk manm fanmi ou, pandan w ap rejwi nan pwomès ke fanmi ou ka etènèl la. Ou ka jwenn lajwa nan temwayaj ou konsènan Ekspyasyon an ak kòmandman, òdonans, alyans, ak doktrin Senyè yo, konesan ke “moun ki akonpli zèv jistis ap resevwa rekonpans yo, ki se lapè nan mond sa a ak lavi etènèl nan mond ki gen pou vini an” (D&A 59:23)

Referans adisyonèl: 2 Nefi 2:5–30; 10:23–25; Alma 12:24–37; 22:12–14; 42; Moyiz 6:47–62

Gade Libabit; Ekspyasyon Jezikri; Kreyasyon; Lanmò, fizik; espiritiyèl; Chit; Bondye Papa a; Levanjil; Syèl; Lanfè; Jezikri; Wayòm Glwa; Paradi; Rezireksyon

Pònografi

Pònografi gen ladan tout sa ki reprezante kò imen an ou-byen konpòtman seksyèl yon fason ki ka reveye sansasyon seksyèl. Yo distribye li atravè medya, ladan yo revyi, liv, televizyon, sinema, mizik, ak Entènèt. Li osi danjere pou lespri ke tabak, alkòl, ak dwòg ye pou kò a. Itilize bagay pònografik nan nenpòt fason se yon vyolasyon yon kòmandman Bondye: “Ou pa dwe . . . komèt adiltè . . . ni fè anyen ki sanble avèk sa” (D&A 59:6). Li ka mennen nan lòt peche grav. Manm legliz yo dwe evite pònografi sou tout fòm epi yo dwe opoze kont pwodiksyon, distribisyon, ak itilizasyon li.

Pònografi kreye depandans ki trajik. Menmjan avèk lòt depandans yo, li mennen moun yo al chèche plis estimilasyon puisan. Si nou touche li epi kite nou pran nan pyèj li, l ap detwi nou, degrade lespri nou, kè nou, ak panse nou. L ap retire respè pou tèt nou epi l ap pran sans nou pou bote lavi yo. L ap detwi nou epi mennen nou nan move panse epi petèt menm nan move aksyon. L ap lakòz domaj teri nan relasyon famiyal nou.

Akòz nati depandans pònografi a ak domaj li koze nan kò ak lespri, yo toujou avèti sèvitè Bondye yo pou yo kouri pou li. Si ou gen tan pran nan pyèj pònografi, sispann imedyatman epi chèche èd. Atravè repantans, ou ka resevwa padon epi jwenn esperans nan levanjil la. Ale jwenn evèk ou oswa prezidan branch ou pou l ede ou nan fason pou simonte pwoblèm ou an, epi chèche gerizon atravè Ekspyasyon Jezikri a. Mande Senyè a pou l ba ou fòs pou w simonte depandans terib sa a.

Referans adisyonèl: Matye 5:27–28; Women 6:12; Alma 39:9; D&A 42:23
Gade Chastete; Tantasyon tou

Premye Prezidans (Gade Administrasyon legliz; Pwofèt)

Preòdinasyon

Nan mond espri premòtèl yo, Bondye te konfye kèk espri kèk misyon presi pou yo akonpli pandan lavi mòtèl yo. Sa rele preòdinasyon.

Preòdinasyon pa garanti ke moun ap resevwa kèk apèl oubyen responsablite espesyal. Posiblite sa yo prezante nan lavi sa a kòm rezilta bon pratik libabit yon moun, menmjan preòdinasyon an sete rezilta ladwati nan egzistans premòtèl la.

Jezikri te preòdone pou l te fè Ekspyasyon an, li te vin “Ti mouton ki te prepare depi fondasyon mond lan (Revelasyon 13:8; gade tou 1 Pyè 1:19–21). Ekriti yo pale de lòt moun ki te preòdone tou. Pwofèt Abraam te aprann osijè preòdinasyon li lè l te fè vizyon kote li te wè “anpil espri nòb epi gran” nan pami espri yo nan mond espri premòtèl la. Li te di: “Bondye te wè nanm sa yo te bon, epi li te kanpe nan mitan yo, epi li te di: Moun sa yo m ap fè yo vin dirijan mwen. Paske li te kanpe nan pami moun ki te espri, epi li te wè yo te bon; epi li te di mwen: Abraam, ou se yonn nan yo; ou te chwazi anvan ou te fèt” (Abraam 3:22–23). Senyè a te di Jeremi: “Anvan mwen te fòme ou nan vant manman ou mwen te konnen ou; epi anvan ou te sòti nan vant li, mwen te konsakre ou, mwen te òdone ou pwo-

fèt pou nasyon yo” (Jeremi 1:5). Jan Batis te preòdone pou l te prepare moun yo pou ministè mòtèl Sovè a (gade Ezayi 40:3; Lik 1:13–17; 1 Nefi 10:7–10).

Doktrin preòdinasyon an aplike pou tout manm legliz la, pa sèlman pou Sovè a avèk pwofèt li yo. Anvan kreyasyon tè a, fanm fidèl yo te resevwa kèk responsablite epi gason fidèl yo te preòdone pou kèk devwa nan Prèttriz la. Menmsi ou pa sonje epòk sa a, ou siman te dakò pou akonpli tach siyifikan nan sèvis Papa w yo. Si ou pwouve ke w diy, w ap jwenn opòtinite pou w akonpli tach yo te ba ou yo.

Referans adisyonèl: Alma 13:1–9; D&A 138:53–56

Gade Libatit; Plan Sali tou

Prèt (*Gade Prèttriz Aawon; Administrasyon Legliz; Prèttriz*)

Prèttriz

Prèttriz la se pouvwa ak otorite etènèl Bondye. Atravè Prèttriz la Bondye kreye epi gouvène syèl yo ak tè a. Atravè pouvwa sa a Li rachte epi egzalte pitit li yo, konsa li reyalize “imòtalite ak lavi etènèl lòm” (Moyiz 1:39).

Yo bay gason yo sou tè a otorite Prèttriz la

Bondye bay jènjan ak gason ki diy yo nan legliz la otorite Prèttriz la pou yo ka aji nan non li pou sali pitit li yo. Detantè Prèttriz yo ka otorize pou preche levanjil la, administre òdo-nans sali yo, epi gouvène wayòm Bondye a sou tè a.

Gason ki manm nan legliz yo ka kòmanse sèvi nan Prèttriz la apati lè yo atenn laj 12 zan. Yo kòmanse detni Prèttriz Aawon an, epi apre sa yo ka vin kalifye pou gen Prèttriz Mèlkisedèk la. Nan diferant etap nan lavi yo epi lè yo prepare tèt yo pou resevwa diferant responsablite, yo detni diferant ofis nan Prèttriz la, tankou dyak, enstriktè, oubyen prèt nan Prèttriz Aawon an epi ansyen oswa gran prèt nan Prèttriz Mèlkisedèk la. Pou pi

Prètriz

plis enfòmasyon osijè Prètriz Aawon ak Prètriz Mèlkisedèk, gade paj 0–0 ak 00–00.)

Pou yon gason nan legliz la detni Prètriz la, yon dirijan Prètriz otorize dwe konfere l ba li epi òdone li nan yon ofis nan Prètriz sa a (gade Ebre 5:4; D&A 42:11; Atik Lafwa 1:5).

Menmsi otorite Prètriz la akòde a manm gason ki diy yo sèlman nan legliz la, benediksyon Prètriz yo disponib pou tout moun—gason, fi, ak timoun. Nou tout benefisyè enfluyans dirijan Prètriz ki jis yo, epi nou tout gen privilèj pou resevwa òdonans Prètriz yo.

Prètriz la ak fanmi

Egzèsis ki pi enpòtan nan Prètriz la fèt nan fanmi an. Chak mari ak papa nan legliz la dwe efòse yo pou yo diy pou detni Prètriz Mèlkisedèk la. Avèk madanm ni antanke yon patnè egal, li prezide nan lajistis ak lanmou, li sèvi antanke dirijan espirityèl fanmi an. Li dirije fanmi an nan lapriyè, etid ekriti, ak sware familyal regilye. Li travay avèk madanm ni pou anseye timoun yo epi ede yo prepare yo pou yo resevwa òdonans sali yo (gade D&A 68:25–28). Li bay benediksyon Prètriz la pou direksyon, gerizon, ak rekonfò.

Anpil manm legliz la pa gen detantè fidèl Prètriz Mèlkisedèk nan fwaye yo. Sepandan, atravè sèvis enstriktè nan fwaye yo ak dirijan Prètriz yo, tout manm legliz la ka jwi benediksyon pouvwa Prètriz la nan lavi yo.

Kolèj Prètriz yo

Yon kolèj Prètriz se yon gwoup òganize frè ki detni menm ofis nan Prètriz la. Bi prensipal kolèj yo se pou sèvi lòt moun, bati inite ak fratènite, epi yonn enstwi lòt nan doktrin, prensip, ak devwa.

Kolèj yo egziste nan tout nivo nan òganizasyon legliz la. Prezidan Legliz la ak konseye l yo fòm Kolèj Premye Prezidans lan. Douz Apot yo fòm yon kolèj tou. Swasanndis yo, ni Otorite Jeneral ni Otorite Zòn, òganize an kolèj. Chak Prezidan

Pye prezide sou yon kolèj Gran Prèt, ki fèt avèk gran prèt yo nan pye a. Chak pawas oubyen branch nòmalmman gen yon kowòm ansyen, yon kolèj prèt, yon kolèj enstriktè, ak dyak. Gran Prèt yo òganize tou nan pawas yo, yo sèvi nan gwoup Gran Prèt yo.

Ansèyman nan fwaye

Apati moman detantè Prèttriz yo òdone nan ofis enstriktè, yo gen opòtinite ak responsablite pou sèvi kòm enstriktè nan fwaye. Nan fason sa a, yo travay pou ranpli devwa yo pou “toujou veye sou manm yo nan legliz la, epi ansanm avèk yo epi fòtifeye yo” (D&A 20:53).

Enstriktè nan fwaye yo gen devwa sakre pou yo se premye sous èd legliz la pou moun ak fanmi. Yo vizite manm yo bayo yo omwen chak mwa. Nan sèvi ak vizite manm yo bayo yo, yo soutni paran yo nan responsalite yo, yo anseye chak manm fanmi levanjil la, yo nourri amitye, epi yo ede manm yo prepare yo pou yo resevwa òdonans tanp yo epi viv diy pou benediksyon levanjil yo.

Dirijan nan pawas yo ak branch yo asire yo ke gen enstriktè nan fwaye ki asiyen pou chak fanmi epi chak moun. Yo fè suivi avèk yo pou ede manm yo reponn ak bezwen espirityèl epi tanporèl yo.

Kle Prèttriz yo

Egzèsis otorite Prèttriz la nan legliz la gouvènè pa moun ki detni kle Prèttriz yo (gade D&A 65:2; 124:123). Moun ki detni kle Prèttriz yo gen dwa pou prezide sou legliz la epi dirije li andedan yon jiridiksyon. Pa egzanp, yon evèk detni kle Prèttriz ki pèmèt li prezide nan pawas li. Konsa, lè yon timoun nan pawas sa a prepare pou batize, moun k ap batize timoun nan dwe resevwa otorizasyon nan men evèk la.

Jezikri detni tout kle yo nan Prèttriz la. Li bay Apot li yo kle ki nesèsè tou pou gouvènè legliz li a. Se sèlman dwayen Apot yo, Prezidan Legliz la, (oubyen yon lòt moun ki otorize)

ki ka itilize kle sa yo pou gouvènè tout legliz la (gade D&A 43:1–4; 81:2; 132:7).

Prezidan legliz la delege kle Prètriz yo bay lòt dirijan Prètriz yo pou yo ka prezide nan zòn responsablite yo. Kle Prètriz yo konfere bay prezidan tanp, prezidan misyon, pye, ak distri yo; evèk; prezidan branch; ak prezidan kolèj yo. Yon moun k ap sèvi nan yonn nan pozisyon sa yo detni kle yo jis-kaske li relve. Konseye yo pa resevwa kle, men yo resevwa otorite ak responsablite pa apèl yo ak tach yo.

Egzèsè Prètriz la nan ladwati

Si ou se yon detantè Prètriz, sonje ke Prètriz la dwe fè pati ou menm tout tan epi nan tout sikonstans. Se pa tankou yon manto ou retire epi apre sa ou mete lè w vle. Tout òdinasyon nan yon ofis nan Prètriz la se yon apèl pou sèvis tout yon lavi, avèk pwomès ke Senyè a ap kalifye ou pou w fè travay li selon fidelite ou.

Ou dwe diy pou ou ka resevwa epi egzèsè pouvwa Prètriz la. Pawòl w ap pale chak jou ak konduit ou genyen chak jou gen efè sou aptitud ou pou sèvi. Konpòtman ou an piblik dwe san repwòch. Konpòtman ou an prive menm pi enpòtan. Atravè Pwofèt Joseph Smith, Senyè a te deklare ke “dwa Prètriz yo makònen avèk pouvwa syèl yo, epi pouvwa syèl yo pa ka kontwole ni itilize san se pa selon prensip ladwati” (D&A 121:36). Li avèti detantè Prètriz yo:

“Lè yon moun konprann l ap kouvri peche li, oubyen satisfè ògèy li, anbisyon inital li, oubyen egzèsè kontwòl oswa dominasyon oswa kontrent sou nanm pitit lèzòm yo, nan kèlkeswa degre enjistis la, lè sa a, syèl yo retire tèt yo; Lespri Senyè a atriste; epi lè li al fè wout li, se fen Prètriz oubyen otorite moun sa a. Lè sa a, anvan menm ke li reyalize sa, li rete poukont li” (D&A 121:37–38).

Ou pa ka kenbe okenn pouvwa ni enfluyans nan Prètriz la si se pa “pa pèsyasyon, pa andirans, pa jantiyès ak ladousè, epi pa lanmou sensè; pa bonte, ak konesans pi ki elve nanm nan san ipokrizi, epi san foste.” Si ou “pouse pa Sentespri a” pou

reprimande yon moun, apre sa se pou ou gen “yon lanmou ogmante anvè moun sa a ou reprimande a, pou li pa konsidere ou se enmi li; pou li ka konnen ke fidelite ou pi fò pase kòd lanmò” (D&A 121:41–43).

Pandan w ap egzèse Prètriz la nan ladwati ak lanmou, w ap vin gen lajwa pou sèvi kòm enstriman nan men Senyè a. Li te di:

“Se pou zantray ou ranpli charite anvè tout moun epi anvè frè nan lafwa w yo, epi se pou lavèti gain panse ou san rete; lè sa a, asirans ou ap vin pi gran nan prezans Bondye, epi doktrin Prètriz la ap vide sou nanm ou tankou lawouze ki sot nan syèl.

“Sentespri a ap konpayon konstan ou, ak baton otorite ou, yon baton konstan nan otorite lajistis ak verite; epi dominasyon ou ap yon dominasyon etènèl, epi san kontrent, l ap vide vin jwenn ou pou tout tan epi pou jamè” (D&A 121:45–46).

Referans adisyonèl: Jan 15:16; Travay 8:14–20; Jak 5:14–15; D&A 13; 20; 84; 107; Joseph Smith—Histoire 1:68–73

Gade Prètriz Aawon; Administrasyon Legliz; Prètriz Mèlkisedèk; Odonans; Retablisman levanjil

Prètriz Aawon

Pandan Pwofèt Joseph Smith t ap tradui Liv Mòmmon an, li te wè ke yo pale sou batèm pou remisyon peche. Jou 15 Me 1829 la, li menm avèk sekretè li Oliver Cowdery te ale nan forè pou yo te entèwoje Senyè a osijè batèm. Pandan yo t ap priye, “yon mesajè soti nan syèl la te desann nan yon nyaj limyè.” Mesajè sa a sete Jan Batis, pwofèt ki te batize Jezikri a sa gen plizyè syèk la. Jan Batis, kounyeya yon èt resisite, te poze men li sou tèt Joseph ak sou tèt Oliver epi li te konfere bay yo chak Prètriz Aawon an, ke yo te retire sou tè a pandan Gran Apostazi a. Pa otorite sa a, Joseph ak Oliver te kapab yonn batize lòt. (*Gade* Joseph Smith—Histoire 1:68–72.)

Nan legliz la jodi a, gason ki diy yo ka resevwa Prètriz Aawon an apati laj douzan. Yo resevwa plizyè opòtinite pou yo

patisipe nan òdonans sakre Prètriz yo epi pou yo rann sèvis. Pandan y ap ranpli devwa yo diyman, yo aji nan non Senyè a pou ede lòt moun resevwa benediksyon levanjil yo.

Ofis Prètriz Aawon yo se evèk, prèt, enstriktè, ak dyak. Avèk otorizasyon dirijan Prètriz k ap prezide reyinyon an (dabitid evèk la oswa Prezidan Branch lan), dyak yo distribye Sentsèn nan. Yo ede evèk la oswa Prezidan Branch lan veye sou manm legliz yo nan rann sèvis epi yo ede nan zafè tanporèl tankou ranmase ofrann jèn. Enstriktè yo ka ranpli tout devwa dyak yo, epi yo gen lòt opòtinite pou yo sèvi tou. Yo prepare pen an ak dlo a pou Sentsèn nan epi yo sèvi kòm enstriktè nan fwaye. Prèt yo ka ranpli tout devwa dyak yo ak enstriktè yo. Avèk otorizasyon dirijan Prètriz k ap prezide a, yo ka beni Sentsèn, batize epi òdone lòt frè nan ofis Prèt, enstriktè, ak dyak tou.

Prètriz Aawon an se “yon anèks Prètriz Siperyè a, ki se Prètriz Mèlkisedèk la”. (D&A 107:14). Yo souvan rele li Prètriz preparatwa a. Lè yon detantè Prètriz ap sèvi nan Prètriz Aawon an, li ap prepare pou l resevwa Prètriz Mèlkisedèk la, pou l resevwa benediksyon tanp yo, pou l sèvi yon misyon apentan, pou l yon mari epi yon papa ki eman, epi pou l kontinye mennen yon lavi nan sèvis pou Senyè a.

Gade Prètriz Mèlkisedèk; Prètriz tou

Prètriz Mèlkisedèk

“Nan legliz la gen de Prètriz, ki rele, Mèlkisedèk ak Aawon” (D&A 107:1). Prètriz Mèlkisedèk la, ki “dapre Lòd Pitit Gason Bondye a” (D&A 107:3), se pi gran an. Li “detni dwa prezidans ak pouvwa ak otorite sou tout lòt ofis yo nan legliz la” (D&A 107:8). Li detni “kle tout benediksyon espiryèl yo nan legliz la” tou (D&A 107:18). Li pote non yon gran prèt ki te viv pandan epòk pwofèt Abraam (gade (D&A 107:2, 4; gade Alma 13:14–19 tou).

Atravè otorite Prètriz Mèlkisedèk la, dirijan legliz yo gi-de legliz la epi yo dirije preche levanjil la nan tout mond lan.

Nan òdonans Prètriz Mèlkisedèk yo “pouvwa divinite a manifeste” (D&A 84:20).

Prètriz siperyè sa a yo te bay Adan li epi li toujou sou tè a kèlkeswa lè Senyè a revele levanjil la. Yo te retire l sou tè a pandan Gran Apostazi a, men li te retabli an Me 1829, lè Apot Pyè, Jan, ak Jak te konfere li sou Joseph Smith ak Oliver Cowdery.

Ofis Prètriz Mèlkisedèk yo se Apot, Swasanndis, Patriyach, Gran Prèt, ak Ansyen. Prezidan (Haute) Prètriz la se Prezidan legliz la. (gade D&A 107:64–66).

Gason nan legliz yo dwe se detantè ki diy nan Prètriz Mèlkisedèk la pou yo ka resevwa dotasyon tanp epi sele avèk fanmi yo pou letènite. Yo gen otorite pou administre malad yo epi bay manm fanmi yo ak lòt moun benediksyon espesyal. Avèk otorizasyon dirijan Prètriz k ap prezide yo, yo ka bay don Sentespri a epi òdone lòt gason ki diy nan ofis nan Prètriz Aawon an ak Mèlkisedèk la.

Lè yon gason resevwa Prètriz Mèlkisedèk la, li antre nan sèman ak alyans Prètriz la. Li fè alyans pou l fidèl, pou l mayifye apèl li, “pou l pote atansyon dilijan nan pawòl lavi etènèl yo”, epi “viv pa tout pawòl ki soti nan bouch Bondye.” Moun ki kenbe alyans sa a ap sanktifye pa Lespri a epi y ap resevwa “tout sa Papa a genyen” (Gade D&A 84:33–44).

Gade Prètriz Aawon; Prètriz

Priyè (Lapriyè)

Ou se yon pitit Bondye. Papa ou ki nan Syèl la renmen ou epi li konnen bezwen ou, epi li vle ou kominike avèk li atravè lapriyè. Priyè li epi pèsonn lòt. Senyè Jezikri te kòmande nou: “Se poutèt sa ou dwe toujou priye Papa a nan non m” (3 Nefi 18:19).

Si ou pran abitid pwoche bò kote Bondye nan lapriyè, w ap vin konnen li epi w ap rapwoche de li plis an plis. Dezi w yo ap vin plis sanble avèk pa li. W ap vin kapab jwenn pou

Priyè (Lapriye)

ou menm ak pou lòt moun, benediksyon li pare pou l bay yo si ou sèlman mande li nan lafwa.

Prensip lapriyè

Papa nou ki nan Syèl la toujou pare pou tande priyè w yo epi reponn yo. Puisans lapriyè yo depann de ou. Pandan w ap efòse ou pou fè lapriyè vin yon pati lavi ou, sonje konsèy sa a:

Bay priyè w yo yon sans. Pwofèt Mòmmon te avèti nou ke nenpòt moun “k ap priye epi ki pa fè l avèk senserite kè . . . sa pa sèvi l anyen, paske Bondye pa aksepte moun konsa” (Mowoni 7:9). Pou bay priyè ou sans, ou dwe priye “avèk tout enèji kè ou” (Mowoni 7:48). Veye pou w evite “pawòl inital” lè w ap priye (gade Matye 6:7). Panse seryezman sou atitud ou ak pawòl w ap itilize yo.

Itilize langaj ki montre amou, respè, reverans, ak devouman. Aplikasyon prensip sa a ap varye selon lang ou pale. Kèlkeswa lang nan, prensip la rete menm nan: Lè w ap priye, ou dwe itilize pawòl ki konvnan pou eksprime yon relasyon eman plen adorasyon avèk Bondye. Li gen dwa ka difisil pou ou aprann langaj lapriyè a, men, w ap vin abitye avèk li ti kal pa ti kal pandan w ap priye epi li ekriti yo.

Toujou remèsye Papa nou ki nan Syèl la. Ou dwe “viv nan remèsiman chak jou, pou tout mizèrikòd ak benediksyon li vide sou ou yo” (Alma 34:38). Pandan w ap pran tan pou ou sonje benediksyon w yo, w ap vin rann ou kont tout sa Papa nou ki nan Syèl la fè pou ou. Di l mèsì.

Chèche gidans Papa nou ki nan Syèl la avèk fòs li nan tou sa w ap fè. Alma te konseye pitit gason li Elaman: “Kriye nan pye Bondye pou tout sa ou bezwen; wi, fè tout sa ou ap fè nan Lesenyè, epi nenpòt sa ou ap fè, fè l nan Lesenyè; wi, dirije panse ou nan Lesenyè, mete afeksyon kè ou nan Lesenyè pou tout tan. Mande Lesenyè konsèy nan tout sa ou ap fè, epi l ap dirije ou nan sa ki bon; wi, lè ou kouche nan nwit, kouche nan Lesenyè, pou l kapab pwoteje ou nan dòmi; epi lè ou leve nan

maten, chaje kè ou avèk remèsiman pou Bondye; epi si ou fè bagay sa yo, ou ap leve nan dènye jou a” (Alma 37:36–37; gade Alma 34:17–26 tou).

Sonje bezwen lòt moun lè w ap priye. Priye “pou byen ou ak byen moun ki bò kote ou yo” (Alma 34:27). Mande Papa nou ki nan Syèl la pou l beni epi rekonfòte moun ki nan bezwen yo. Mande li pou l enspire epi fòtifye Prezidan Legliz la, lòt Otorite Jeneral yo, ak dirijan lokal legliz yo. Priye pou byennèt manm fanmi ou ak zanmi ou. Priye pou dirijan gouvènman yo. Mande Senyè a pou l enspire epi pwoteje misyonè yo ak moun y ap anseye yo.

Chèche gidans Sentespri a pou ou kapab konnen kisa pou w di nan priyè w yo. Sentespri a ka anseye ou priye epi li ka gide ou nan sa w ap di yo (gade Women 8:26; 2 Nefi 32:8). Li ka ede ou priye “dapre volonte Bondye” D&A46:30.

Lè w ap mande nan lapriyè, fè tout posib ou pou kontriye nan fè demann ou an jwenn repons. Papa nou ki nan Syèl la atann ke ou fè plis pase senpleman mande li benediksyon. Lè ou gen yon desizyon enpòtan pou w pran, li souvan mande pou ou “etidye li nan lespri ou” anvan li ba ou yon repons (gade D&A 9:7–8). Priyè ou pou jwenn gidans ap sèlman osi efikas ke efò ou pou reseptif anba chichotman Sentespri yo. Priyè ou pou byennèt ou ak byennèt lòt moun ap anven si ou “repouse moun ki nan bezwen, moun ki toutouni, epi si ou pa vizite malad ak moun ki aflije, si ou pa pataje byen ou, lè ou genyen, avèk moun ki nan bezwen” (Alma 34:28).

Si ou gen yon tach difisil devan ou, Papa nou ki nan Syèl la kontan lè ou ajenou epi ou mande li pou l ede ou epi apre sa ou leve epi w al travay. L ap ede ou nan tout bagay ki jis ou vle, men se raman l ap fè pou ou yon bagay ke w ka fè ou menm poukont ou.

Priyè (Lapriye)

Lapriyè pèsònèl

Nan Diskou sou Mòn nan, Jezikri te konseye: “Antre nan chanm ou, fèmèn pòt ou, epi priye Papa a ki la an sekrè; epi Papa ou, ki wè nan sekrè a, ap remèt ou sa” (Matye 6:6). Priyè prive, pèsònèl esansyèl pou devlopman espiritiyèl ou.

Omwen chak maten epi chak swa, chèche yon plas kote anyen pap vin distrè ou. Mete ajenou nan imilite epi pale avèk Papa ou ki nan Syèl la. Menmsi pafwa ou ka bezwen priye an silans, fè yon efò anplis pou w louvri bouch pou pou w priye pafwa (gade D&A 19:28; 20:51).

Sonje ke lapriyè se yon kominikasyon ki gen de sans. Lè ou fin priye, pran tan pou w tann epi koute. Pafwa, Papa nou ki nan Syèl la ap konseye ou, gide ou, oubyen rekonfòte ou pandan ou ajenou an.

Pa janm tonbe nan lide ke ou pa diy pou w priye a. Ide sa a soti nan Satan, ki vle konvenk ou ke ou pa dwe priye (gade 2 Nephi 32:8). Si ou pa santi ou anvi priye, priye jiskaske anvi an vini.

Sovè a kòmande nou “Toujou priye, pou nou ka soti venkè; wi, pou nou ka venk Satan epi chape anba men sèvitè Satan yo ki ap soutni travay li a” (D&A 10:5). Menmsi nou pa ka toujou ajenou, toujou fè yon priyè prive, pèsònèl, nou ka fè pou kè nou toujou “panche nan priyè tout tan devan Bondye” (Alma 34:27; gade 3 Nephi 20:1 tou). Toutolon jounen an, nou ka kenbe yon santiman amou konstan pou Papa nou ki nan Syèl la ak Pitit Gason Byenneme l la. An silans, nou ka eksprime gratitid nou pou Papa nou epi mande li pou l ba nou fòs pou responsablite nou yo. Nan moman tantasyon oswa danje fizik yo, nou ka priye li an silans pou l banou èd li.

Priyè familyal

Anplis kòmande nou pou nou priye an prive, Sovè a egzòte nou pou nou priye avèk fanmi nou tou. Li di: “Priye Papa a nan fanmi ou, tout tan nan non m, pou madanm ou ak pitit ou yo kapab beni” (3 Nephi 18:21).

Si ou marye, fè lapriyè familyal vin yon eleman konstan nan lavi fanmi ou. Chak maten ak chak swa, ajenou ansanm nan imilite. Bay chak manm fanmi an posiblite pou priye tout tan. Ini nou an gratitud pou benediksyon Papa nou ki nan Syèl la banou yo. Ini nou nan lafwa pou mande benediksyon nou bezwen yo epi priye pou lòt moun.

Atravè priyè familyal regilye, ou menm ak manm fanmi ou ap pwoche vin pi pre Bondye epi yonn pi pre lòt. Pitit ou yo ap aprann kominike avèk Papa yo ki nan Syèl la. Nou tout ap vin pi byen prepare pou sèvi lòt moun epi reziste devan tantasyon yo. Fwaye ou ap vin yon kote ki gen fòs espiritiyèl, yon refij kont move enfluyans mond lan.

Lapriyè an piblik

Pafwa yo ka mande ou pou w priye an piblik, petèt nan yon reyinyon legliz la oubyen nan yon klas. Lè ou jwenn opòtinite sa a, sonje ke w ap kominike avèk Papa nou ki nan Syèl la, se pa yon diskou an piblik w ap bay. Pa sousye de sa lòt moun ka panse sou sa w ap di yo. Olye sa, ofri yon senp priyè ki soti nan kè.

Resevwa repons pou priyè yo

Sovè a te anseye, “Mande, epi y ap ba ou; chèche, epi w ap jwenn; frape, epi y ap louvri pou ou. Paske tout moun ki mande, y ap jwenn; epi tout moun ki chèche y ap twouve; epi tout moun ki frape, y ap louvri pou yo” (Matye 7:7–8). Pou Nefit yo li te di, “Nenpòt bagay ki jis ou mande Papa a nan non m, si ou kwè ou ap resevwa l, reyèlman ou ap resevwa l.” (3 Nefi 18:20).

Papa nou ki nan Syèl la tande priyè w yo. Li gen dwa pa toujou reponn ou jan w ap tann nan, men li toujou reponn—nan moman pa li epi selon volonte li. Paske li konnen sa ki pi bon pou ou, li ka reponn *non* pafwa, menmlè demann ou yo sensè.

Priyè familyal (Gade priyè)

Repons priyè yo vini nan plizyè fason. Yo souvan vini atravè ti vwa dous piti Sentespri a (gade “Revelasyon,” pages 00–00). Yo ka vini nan sikonstans lavi ou oubyen atravè aksyon jantiyès moun ki bò kote ou. Plis w ap kontinye pwoche pi pre Papa nou ki nan Syèl la atravè lapriyè, se plis w ap rekonèt repons saj epi plen mizèrikòd li yo pou siplikasyon w yo. W ap vin wè ke li se “refij ou ak fòs ou, yon sekou ki toujou prezan nan moman detès” (Som 46:1).

Referans adisyonèl: Matye 6:5–15; Jak 1:5–6; Enòs 1:1–17; Mozya 4:11–12; 3 Nefi 13:6–7; 14:7–8; D&A 19:38; 88:63–65; Joseph Smith—Histoire 1:9–19

Gade Lafwa; Jèn ak Ofrann jèn; Adorasyon tou

Priyè familyal (*Gade priyè*)

Prizon espri (*Gade Lanmò fizik; Lanfè; Paradi*)

Pwofesi (*Gade Revelasyon; Don espiryèl*)

Pwofèt

Antanke manm Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, nou gen benediksyon dirije pa pwofèt vivan—gason enspire ki apale pou pale nan non Senyè a, menmjan avèk Moyiz, Ezayi, Pòl, Nefi, Mòmou, ak lòt pwofèt nan ekriti yo. Nou soutni Prezidan Legliz la kòm pwofèt, vwayan, epi revelatè—sèl moun sou tè a ki resevwa revelasyon pou gide tout legliz la. Nou soutni konseye yo nan Premye Prezidans lan ak manm Kolèj Douz Apot yo tou kòm pwofèt, vwayan, epi revelatè tou.

Menmjan avèk pwofèt nan tan lontan yo, pwofèt jodia yo temwaye konsènan Jezikri epi yo anseye levanjil li a. Yo fè konnen volonte ak veritab pèsonalite Bondye. Yo pale avèk fòs epi klèman, yo denonse peche epi yo mete angad kont konsekans peche. Pafwa, yo ka enspire pou pwofetize sou evènman ki gen pou vini, pou benefis nou.

Nou ka toujou fè pwofèt vivan yo konfyans. Ansèyman yo eksprime volonte Bondye, ki te deklare: “Sa mwen menm, Senyè a, mwen deklare, mwen deklare li, epi mwen pa ekski-ze mwen pou sa; epi menm si syèl yo ak tè a pase, pawòl mwen pap pase, men l ap akonpli totalman, keseswa pa vwa pa mwen oubyen pa vwa sèvitè m yo, se menm bagay la” (D&A 1:38).

Pi gran sekirite nou chita nan suiv alalèt pawòl Senyè a bay pa lantremiz pwofèt li yo, patikilyèman Prezidan aktyèl legliz la. Senyè a avèti nou ke moun ki meprize pawòl pwofèt vivan yo ap tonbe (gade D&A 1:14–16). Li pwomèt gwo benediksyon pou moun ki suiv Prezidan Legliz la.

“Koute tout pawòl ak tout kòmandman l ap ba ou amezi l ap resevwa yo, pandan l ap mache nan sentete devan mwen;

“Paske w ap resevwa pawòl li, kòm si li te sòti nan pwòp bouch pa mwen, an tout pasyans epi avèk yon lafwa total.

“Paske si ou fè bagay sa yo, pòt lanfè yo pap louvri pou ou; wi, epi Senyè a Bondye ou ap dispèse pouvwa tenèb yo devan ou, epi l ap fè syèl yo sekwe pou byen pa ou, epi pou glwa non li” (D&A 21:4–6).

Referans adisyonèl: 2 Kwonik 20:20; Amòs 3:7; Efezyen 2:19–20; 1 Nefi 22:1–2; Mozya 13:33–35; D&A 107:91–92; Atik Lafwa 1:6

Pye (Gade Administrasyon legliz la)

Repantans

Repantans se yonn nan premye prensip levanjil la (gade Atik Lafwa 1:4). Li esansyèl pou bonè ou nan lavi sa a epi pandan tout letènite. Repantans pi senp anpil pase senpleman rekonèt move aksyon ou. Se yon chanjman nan lespri ak nan kè ki ba ou yon nouvo pèspektiv sou Bondye, sou tè ou, epi sou mond lan. Li gen ladan vire do bay peche epi tounen vè Bondye pou jwenn padon. Li motive pa lanmou pou Bondye ak dezi sensè pou obeyi kòmandman l yo.

Nesesite repantans

Senyè a te deklare ke “okenn bagay sal pa kapab eritye wayòm syèl la” (Alma 11:37). Peche nou yo rann nou sal—endiy pou retounen al abite nan prezans Papa nou ki nan Syèl la. Yo pote angwas nan nanm nou tou nan lavi sa a.

Atravè Ekspyasyon Jezikri a, Papa nou ki nan Syèl la banou sèl mwayen pou nou jwenn padon pou peche nou yo (gade “Padon,” paj 00–00). Jezikri te sibi chatiman pou peche nou yo, pou nou ka jwenn padon si nou repanti sensèman. Si nou repanti epi nou apiye sou gras sovè li, n ap vin pirifye soti nan peche. Li te di:

“Mwen kòmande ou pou w repanti! Repanti, pou m pa frape ou pa pawòl mwen, pa kòlè mwen, epi pou soufrans ou pa atwòs—epi pou pa konnen konbyen soufrans yo ekstrèm, wi, ou pa konnen kijan yo difisil pou sipòte

“Paske mwen menm, Bondye, mwen te soufri tout bagay sa yo pou tout moun, pou yo pa soufri si yo repanti;

“Men, si yo pa repanti, yo dwe soufri menmjan avèk mwen;

“Epi soufrans sa yo te lakòz menm menm, Bondye, pi gran nan tout la, mwen te tranble avèk doulè, epi mwen te senyen nan chak twou nan kò mwen, epi mwen te soufri nan kò ak nan lespri—epi mwen te anvi pa t bwè koup anmè a, men, mwen pa t vle kouri pou li—

“Men, glwa pou Papa a, mwen te bwè epi mwen te fini tout sa m te prepare pou pitit lèzòm yo” (D&A 19:15–19).

Danje nan ranvwaye repantans pou pita

Pa chèche eskiz pou peche w yo ni ranvwaye repantans ou pou pita. Amilèk te avèti: “Paske, reyèlman, lavi sa se lè pou lèzòm prepare yo pou rankontre Bondye; wi, reyèlman jou lavi sa se jou pou lèzòm fè travay yo. . . . M priye ou pou ou pa ranvwaye jou repantans ou jiska lafen; paske apre jou lavi sa nou genyen pou nou prepare nou pou letènite a, reyèlman si

nou pa pwofite tan nou nan lavi sa, lè lannwit tenèb la pral rive epi okenn travay pap kapab fèt (Alma 34:32–33).

Prensip repantans yo

Repantans se yon pwosesis ki doulere, men li mennen nan padon ak lapè dirab. Pa lantremiz pwofèt Ezayi, Senyè a te di: “Si peche ou tankou kramwazi, y ap vin blan tankou nèj; si yo wouj tankou san, y ap vin tankou lenn” (Ezayi 1:18). Nan dispansasyon sa a, Senyè a pwomèt: “Moun ki repanti yo pou peche yo padone, epi mwen menm, Senyè a, mwen pa sonje yo ankò” (D&A 58:42). Repantans gen prensip sa yo ladan:

Lafwa nan Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezikri. Pouvw a peche gran. Pou nou libere nou anba li, nou dwe adrese nou ak Papa nou ki nan Syèl la epi priye ak lafwa. Satan ka eseye konvenk ou ke ou pa diy pou w priye—ke Papa nou ki nan Syèl la sitèlman pa kontan avèk ou ke li pap janm koute priye ou. Se manti. Papa nou ki nan Syèl la toujou prè pou ede ou si ou vini jwenn ni avèk yon kè repantan. Li gen pouvw pou geri ou epi ede ou gen viktwa sou peche.

Repantans se yon zak lafwa nan Jezikri—yon fason pou rekonèt pouvw Ekspyasyon li a. Sonje ke ou ka jwenn padon sèlman selon kondisyon pa li. Si ou rekonèt Ekspyasyon an avèk gratitud ak pouvw li genyen pou pwòpte ou soti nan peche, w ap kapab “egzès lafwa ou pou repantans” (Alma 34:17).

Chagren pou peche. Pou ou ka jwenn padon, ou dwe premyeman rekonèt nan ou menm ke ou peche. Si w ap eseye viv levanjil la, rekonèt peche a ap mennen “tristès selon Bondye,” ki “pwodui repantans pou sali” (2 Korentyen 7:10). Tristès selon Bondye a pa vini kòm konsekans natirèl peche ni akòz ou pè pinisyon; men, li soti nan konesans ke ou fè Papa nou ki nan Syèl la avèk Sovè w la fache. Lè ou santi tristès selon Bondye, ou gen yon dezi sensè pou chanje ak yon volonte pou soumèt ou anba tout kondisyon yo mande pou jwenn padon yo.

Konfesyon. “Moun ki kache transgresyon yo pap pwospere, men moun ki konfese yo epi ki kite yo ap jwenn mizèrikòd” (Pwovèb 28:13). Yon volonte pou devwale totalman bay Papa nou ki nan Syèl la tout sa ou fè esansyèl pou padon. Mete ajenou devan li nan lapriyè enb, rekonèt peche w yo. Konfese lawont ou ak kilpablite ou, epi apre sa sipliye l pou ede ou.

Transgresyon grav, tankou kraze lwa chastete, ka konpwomèt apatnans ou nan legliz la. Se poutèt sa, ou bezwen konfese peche sa yo bay Senyè a epi bay reprezantan l yo nan legliz la. Sa fèt sou responsablite evèk la oubyen prezidan branch lan epi evantyèlman, Prezidan pye oubyen prezidan misyon ou, ki sèvi kòm santinèl epi jij nan legliz la. Pandan ke sèl Senyè a ka padone peche, dirijan Prètriz sa yo jwe yon wòl enpòtan nan pwosesis repantans lan. Y ap kenbe konfesyon w la konfidansyèl epi y ap ede ou nan pwosesis repantans lan. Se pou ou totalman onèt avèk yo. Si ou konfese an pati, ou di sèlman ti erè piti yo, ou pap kapab rezoud yon transgresyon ki pi grav, ki pa revele. Pi vit ou kòmanse pwosesis la, se pi vit w ap jwenn lapè ak lajwa ki vini nan mirak padon an.

Abandone peche a. Menmsi konfesyon an se yon etap esansyèl nan repantans lan, li pa ase. Senyè a te di: “Se pa sa w ap konnen si yon moun repanti pou peche li: reyèlman, l ap konfese yo epi l ap vire do bayo” (D&A 58:43).

Pran yon rezolisyon fèm pou ou pa janm refè peche a ankò epi kenbe li. Si ou kenbe angajman sa a, ou pap janm santi doulè peche sa a ankò.

Kouri imedyatman pou tout sitiyasyon ki danjere. Si yon sitiyasyon ap mennen ou peche oubyen ka vin lakòz ou peche, kouri. Ou pa ka kontinye rete nan prezans tantasyon an epi espere w ap simonte peche a.

Reparasyon. Ou dwe repare tout sa ki deranje pa aksyon ou yo otan sa posib, keseswa byen yon moun oswa repitasyon li. Repare volontèman montre Senyè a ke w ap fè tout sa w kapab pou repanti.

Viv nan ladwati. Li pa ase pou ou senpleman eseye reziste anba mal oubyen retire tout peche nan lavi ou. Ou dwe ranpli lavi ou avèk ladwati epi angaje ou nan aktivite ki ap pote pouwva espiyèl. Plonje w nan ekriti yo. Priye chak jou pou Senyè a ba ou fòs ki depase pa ou. Pafwa, jene pou w jwenn benediksyon espesyal.

Obeyisans total pote tout pouvwa levanjil la nan lavi ou, ladan fòs anplis pou w simonte feblès ou yo. Obeyisans sa a gen ladan aksyon ou gen dwa toudabò pa konsidere ki fè pati repantans lan, tankou ale nan reyinyon yo, peye dim, rann sèvis, epi padone lòt moun. Senyè a pwomèt, “Moun ki repanti epi ki obeyi kòmandman Senyè yo ap jwenn padon” (D&A 1:32).

Referans adisyonèl: Lik 15:11–32; 2 Nefi 9:19–24; Mozya 4:1–3, 10–13; 26:30–31; D&A 18:10–16

Gade Ekspyasyon Jezikri; Batèm; Konsèy discipline legliz la; Lafwa; Padon; Plan sali; Peche; Tantasyon tou

Retablisman levanjil la

Retablisman Levanjil la

Lè Jezikri te sou tè a, li te etabli legliz li a pami disip li yo. Apre krisifiksyon li ak lanmò Apot li yo, plenitid levanjil la te anlve sou tè a akòz yon apostazi jeneral (gade “Apostazi”, paj 00). Anpil gason ak fi te chèche plenitid verite levanjil yo pandan plizyè syèk Gran Apostazi yo, men yo pa t kapab jwenn ni. Malgre anpil te preche avèk senserite osijè Sovè a ak an-sèyman l yo, okenn nan yo pa t gen plenitid verite a oubyen otorite Prètriz Bondye a.

Gran Apostazi a sete yon peryòd tenèb espiyèl, men n ap viv kounyeya nan yon epòk kote nou ka pataje “limyè levanjil gloriye Kris la” (2 Korentyen 4:4; gade D&A 45:28 tou). Plenitid levanjil la te retabli, epi vrè legliz Jezikri a sou tè a ankò. Okenn lòt òganizasyon pa ka konpare avèk li. Se pa rezilta yon refòm, òganize pa gason ak fi byen entansyone ki

Retablisman levanjil la

ap fè tout sa ki nan pouvwa yo pou yo pote chanjman. Se yon retablisman legliz ki te fonde pa Jezikri a. Se travay Papa nou ki nan Syèl la ak Pitit Gason Byenneme l la.

Antanke yon manm Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo, ou ka resevwa benediksyon ki pa t sou tè a pandan prèske 2 mil ane. Gras avèk òdonans batèm ak konfimasyon yo, ou ka resevwa padon pou peche ou epi jwi konpayi konstan Sentespri a. Ou ka viv levanjil la nan plenitud li ak senplisite li. Ou ka akeri yon konpreyansyon sou nati Divinite a, sou Ekspyasyon Jezikri a, sou bi lavi a sou tè a, epi sou reyalyte lavi apre lanmò. Ou gen privilèj pou w gide pa pwofèt vivan, ki anseye volonte Bondye nan epòk pa nou an. Odonans tanp yo pèmèt ou resevwa gidans ak lapè, prepare ou pou lavi etènèl, sele avèk fanmi ou pou letènite, epi fè òdonans sali yo pou zansèt ou ki mouri yo.

Evènman Retablisman an

Sa nou pral di la yo rezime kèk nan evènman enpòtan yo nan retablisman levanjil la ak etablisman Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo, ke Senyè a deklare ki se “sèl vrè legliz vivan sou tout fas tè a” (D&A 1:30).

Kòmansman prentan 1820. Pandan l t ap chèche vrè Legliz Jezikri a, Joseph Smith ki te gen 14 tan te priye nan yon boskè tou pre lakay li nan Palmira, nan Nouyòk. Kòm repons enb priyè li, Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezikri te vizite li epi yo te di li pou l pa antre nan okenn nan legliz yo ki te sou tè a nan moman sa a. (Gade Joseph Smith—Histoire 1:11–19.) Nan legliz la nou rele eksperyans sa a Premye Vizyon Joseph Smith la.

21 – 22 Septanm 1823. Joseph Smith te vizite pa yon zanj ki te rele Mowoni. Mowoni te pwofetize sou ki gen pou vini yo epi li te pale Joseph sou anal Liv Mòmmon yo, ki te ekri sou plak lò. Zanj lan te pèmèt

Joseph wè plak yo, ki te antere tou pre Kolin Kimora a. (Gade Joseph Smith—Histoire 1:27–53.)

22 Septanm 1827. Joseph Smith te resevwa plak lò yo nan men Mowoni nan Kolin Kimora a apre li te fin rankontre Mowoni jou 22 Septanm chak mwa pandan katran. (Gade Joseph Smith—Histoire 1:53, 59.)

15 Me 1829. Apre li te fin li osijè batèm pou remisyon peche pandan l t ap travay nan tradiksyon plak lò yo, Joseph Smith avèk sekretè li, Oliver Cowdery te ale nan yon kote poukont yo pou yo te ka poze Senyè a kesyon sou sijè a. Nan kote sa a, bò Rivyè Susquehanna a nan Amoni, Pennsilvanya, yo te resevwa repons pou priyè yo a. Jan Batis, yon èt resisite, te vini antanke “yon mesajè soti nan syèl . . . nan yon nyaj limè.” Li te konfere Prètriz Aawon an bayo. Apre sa, pou yo te obeyi ens-triksyon li te bayo, Joseph ak Oliver yonn te batize lòt epi yonn te òdone lòt nan Prètriz Aawon an. (Gade Joseph Smith—Histoire 1:68–72; gade D&A 13 tou.)

Me 1829. Ansyen Apot yo Pyè, Jak, ak Jan te konfere Prètriz Mèlkisedèk la sou Joseph Smith ak Oliver Cowdery. (Gade D&A 128:20.)

Jen 1829. Gide “pa don ak pouvwa Bondye” (D&A 135:3), Pwofèt Joseph Smith te fini tradiksyon Liv Mòmou an.

26 Mas 1830. Premye Liv Mòmou yo te vin disponib nan Palmira, Nouyòk.

6 Avril 1830. Legliz la te òganize nan Eta Fayèt; nan Nouyòk, li te kòmanse avèk sis manm.

27 Mas 1836. Tanp Kirtland nan, premye tanp ki te bati nan dispansasyon sa a, te dedikase. Pwofèt Joseph

Smith te ofri priyè dedikas la, ke yo te bali pa revelasyon. (Gade D&A 109.)

3 *Avril 1836*. Sovè a te parèt devan Joseph Smith ak Oliver Cowdery nan Tanp Kirtland nan. Moyiz, Elyas, ak Eli te parèt tou epi yo te bay Joseph ak Oliver kle Prètriz yo. Eli te pote kle pouvwa sèlman yo, ki rann posib pou fanmi yo sele ansanm pou tout tan. (Gade D&A 110.)

Destine legliz la

Pwofèt Danyèl nan Ansyen Testaman an te pwofetize ke Bondye t ap “tabli yon wayòm” ki pa t ap “janm detwi” epi ki t ap “kanpe pou tout tan” (Danyèl 2:44). Lè l te bay pwofesi sa a, li te pale osijè Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo, wayòm Bondye a sou tè a jodi a. Soti nan jou sa a legliz la te òganize avèk sis manm, li te grandi epi pwospere, epi l ap kontinye pwogrese jiskaske li “ranpli tout tè a” (Danyèl 2:35; gade D&A 65:2 tou). Dè santèn milye moun batize chak ane. Liv Mòmmon an ap tradui nan plizyè lang. Tanp ap bati nan tout mond lan. Avèk Jezikri nan tèt legliz la, pwofèt vivan yo ap gide pwogresyon legliz la jiskaske tè a prepare pou Dezyèm Vini Sovè a.

Pwofèt Joseph Smith te pale sou benediksyon Retablisman yo: “Kounyeya, kisa nou tande nan levanjil nou resevwa a? Yon vwa alegès! Yon vwa mizèrikòd soti nan syèl la; yon vwa verite soti nan tè a; bòn nouvèl pou mò yo; yon vwa alegès pou vivan yo ak mò yo; bòn nouvèl yon gran lajwa” (D&A 128:19).

Referans adisyonèl: Ezayi 2:1–3; 29:13–14; Travay 3:19–21; Revelasyon 14:6–7; 2 Nefi 3:3–15; D&A 128:19–21; 133:36–39, 57–58; Joseph Smith—Histoire

Gade Apostazi; Joseph Smithp; Revelasyon; Dezyèm Vini Jezikri tou

Revelasyon

Revelasyon se yon kominikasyon Bondye voye bay pitit li yo. Direksyon sa a yo bay li nan plizyè fason diferan selon bezwen ak sikonstans chak moun, fanmi yo ak legliz la ann antye.

Lè Senyè a revele volonte li bay legliz la, li pale atravè pwofèt li yo. Ekriti yo gen anpil kalite revelasyon konsa—pawòl Senyè a ki anonse pa ansyen pwofèt yo ak pwofèt dènnye jou yo. Jodi a Senyè a kontinye ap gide legliz la pa revelasyon volonte li bay sèvitè li chwazi.

Pwofèt yo pa sèl moun ki ka resevwa revelasyon. Selon fidelite nou, nou ka resevwa revelasyon pou ede nou nan bezwen, responsablite ak kesyon pèsònèl nou pou ede nou fòtifye temwayaj nou.

Prepare pou resevwa revelasyon atravè Sentespri a

Ekri fi yo pale nou sou plizyè kalite revelasyon, tankou vizyon, rèv, ak vizit zanj. Pa mwayen sa yo, Senyè a retabli levanjil li nan dènnye jou yo epi li revele verite konsènan kèk doktrin tankou egzistans premòtèl, redanmsyon mò yo, ak twa wayòm glwa yo. Sepandan, pi fò revelasyon li bay dirijan yo ak manm legliz yo vini atravè chichotman Sentespri a.

Chichotman espiryèl diskret yo pa parèt osi espektakilè tankou vizyon oswa vizit zanj, men yo pi pisan epi dirab epi yo chanje lavi. Temwayaj Sentespri a fè yon enpresyon sou nanm nan ki pi siyifikan pase tout sa ou ka wè oubyen tande. Atravè kalite revelasyon sa yo, w ap resevwa fòs san rete pou rete fidèl anè levanjil la epi pou ede lòt moun fè menm bagay la.

Konsèy sa yo ap ede ou prepare pou w resevwa enspirasyon nan men Sentespri a:

Priye pou gidans. Senyè a di: “Mande, y ap ba ou; chèche, w ap jwenn; frape, epi y ap louvri pou ou: paske moun ki mande resevwa; moun ki chèche yo jwenn; epi moun ki frape, yo louvri pou yo” (Matye 7:7–8). Pou nou ka jwenn epi resevwa, nou dwe chèche epi mande. Si nou pa frape—priye Papa nou ki nan Syèl la pou jwenn gidans—pòt revelasyon an pap

louvri pou nou. Men si nou pwoche bò kot Papa nou nan la-priyè enb, nou ka sètènman “resevwa revelasyon sou revelasyon, konesans sou konesans, pou nou ka konnen mistè yo ak bagay pezig yo—ki pote lajwa, ki pote lavi etènèl” (D&A 42:61).

Se pou ou gen reverans. Reverans se respè ak lanmou pwofon. Lè ou gen reverans epi ou pezig, ou envite revelasyon. menmlè tout bagay bò kote ou ajite, ou ka toujou gen yon atitud reveran epi prepare ou pou resevwa gidans nan men Senyè a.

Se pou ou enb. Imilite mache kole avèk reverans. Lè ou enb, ou rekonèt ou depann sou Senyè a. Pwofèt Mòmou te anseye: “Epi, poutèt dousè ak imilite nan kè moun vizit Sentespri a fèt, konsolatè sa chaje avèk esperans epi avèk amou pafè” (Mowoni 8:26).

Respekte kòmandman yo. Lè ou respekte kòmandman yo, ou prepare pou resevwa, rekonèt, epi suiv chichotman Sentespri a. Senyè a pwomèt: “Moun ki respekte kòmandman m yo, m ap bayo mistè wayòm yo, epi yo ap tounen yon sous dlo vivan, k ap jayi rive jis nan lavi etènèl” (D&A 63:23).

Pran Sentsèn diyman. Priyè Sentsèn yo anseye kijan pou resevwa konpayi konstan Sentespri a. Lè ou pran Sentsèn, ou temwaye bay Bondye ke ou dispoze pou pran non Pitit Gason l la sou tèt ou epi ke w ap toujou sonje li epi respekte kòmandman l yo. Papa nou ki nan Syèl la pwomèt lè ou kenbe alyans sa yo, w ap toujou gen Lespri a avèk ou. (Gade D&A 20:77, 79.)

Etidye ekriti yo chak jou. Lè ou etidye ekriti yo avèk dilijans, ou aprann nan egzanp gason ak fi ki gen lavi yo beni paske yo suiv volonte revele Senyè a. Ou vin pi reseptif tou a Sentespri a nan lavi ou. Pandan w ap li epi medite, ou ka resevwa revelasyon sou fason yon pasaj ekriti aplike pou ou oubyen sou nenpòt lòt bagay Senyè a vle kominike ou. Paske li ekriti yo ka ede ou resevwa revelasyon pèsònèl, ou dwe li ekriti yo chak jou.

Pran tan pou medite. Lè ou pran tan pou medite sou verite levanjil yo, ou louvri lespri ou ak kè ou pou enfluyans Sentespri a gen pou gide a (gade 1 Nefi 11:1; D&A 76:19; 138:1–11).

Meditasyon pran panse ou soti nan bagay pa enpòtan mond lan yo epi mennen ou pi pre Lespri a.

Lè w ap chèche enspirasyon sou yon bagay byen presi, etidye li nan lespri ou. Pafwa kominikasyon Senyè a vini sèlman apre ou fin etidye yon bagay nan lespri ou. Senyè a eksplike pwosesis sa a bay Oliver Cowdery, ki te sèvi kòm sekretè Joseph Smith pou pifò nan tradiksyon Liv Mòmmon an. Atravè Pwofèt Joseph Smith, Senyè a te pale avèk Oliver Cowdery, li te eksplike poukisa Oliver pa t reyisi tradui Liv Mòmmon an alòske li te gen don pou tradui: “Paske, ou pa t konprann; ou te sipoze ke m t ap ba ou li, alòske sèl sousi ou sete pou w mande mwen. Men, m ap di ou, ou dwe etidye li nan lespri ou; epi apre, ou dwe mande mwen si li bon, epi si li bon m ap fè pwatrin ou vin cho andedan ou; se konsa, w ap santi ke li bon” (D&A 9:7–8).

Chèche volonte Bondye avèk pasyans. Bondye revele tèt li “nan moman pa li, epi nan fason pa li, epi selon volonte li” (gade D&A 88:63–68). Revelasyon ap sètènman vini pou ou “liy sou liy, presèp pa presèp, yon ti kal isit, yon ti kal lòtbò” (2 Nefi 28:30; gade Ezayi 28:10; D&A 98:12 tou). Pa eseye fòse bagay espiyityèl yo. Revelasyon pa vini nan fason sa a. Se pou ou gen pasyans epi gen konfyans nan planifikasyon tan Senyè a.

Rekonèt chichotman Sentespri yo

Nan mitan pil bri ak mesaj yo nan mond lan jodi a, ou dwe aprann rekonèt chichotman Sentespri yo. Men kèk fason prensipal Sentespri a itilize pou kominike avèk nou:

Li pale nan lespri epi nan kè nan yon ti vwa dous pezib. Senyè a te anseye: “M ap di w li nan lespri ou epi nan kè ou, pa Sentespri a, ki ap vini sou ou epi ki ap abite nan kè ou. Se sa ki lespri revelasyon an” (D&A 8:2–3). Pafwa Sentespri a ap ede ou konprann yon verite levanjil la oubyen l ap ba ou yon enspirasyon ki “sanble l okipe lespri ou, epi enpoze l sou santiman [ou]” (D&A 128:1). Malgre ke revelasyon sa a ka gen yon efè puisan sou ou, li prèske toujou vini dousman, tankou

Revelasyon pèsonèl (Gade Revelasyon)

“yon ti vwa dous piti” (Gade 1 pwosesis sa a Wa 19:9–12; Elaman 5:30; D&A 85:6).

Li inspire nou atravè santiman nou. Menmsi nou souvan dekri kominikasyon ki soti nan Lespri a kòm yon vwa, vwa sa a se yon vwa nou santi plis pase nou tande li. Epi pandan ke n ap pale de “koutè” chichotman Sentespri yo, nou souvan dekri yon enspirasyon espirityèl konsa, “Mwen te gen yon santiman . . .” Konsèy Senyè a pou Oliver Cowdery a nan seksyon 9 Doktrin ak Alyans yo, ke yo diskite nan paj 00 a, anseye prensip sa a. Men, konsèy sa a yo pa konprann ni pafwa. Apre yo fin li pasaj sa a, gen kèk manm legliz la ki konn vin gen konfizyon, yo pè pou yo pa janm resevwa yon chichotman nan men Sentespri a paske yo pa janm santi yon brile andedan yo. Note ke mo final Senyè a nan Doktrin ak Alyans 9:8 yo se: “Se konsa, w ap santi ke li bon.” Brile yo dekri nan pasaj ekriti sa a vle di yon sansasyon rekonfò ak serenite, pa nesèyman yon sansasyon chalè. Si nou kontinye chèche epi suiv volonte Senyè a nan lavi ou, w ap vin rekonèt kijan Sentespri a enfliyans ou pèsonèlman.

Li pote lapè. Yo souvan rele Sentespri a Rekonfòtè a (gade Jan 14:26; D&A 39:6). Jan li revele volonte Senyè a ba ou a, l ap “pote lapè nan lespri ou” (D&A 6:23). Lapè li bay la pa ka fose pa enfliyans mond lan yo ni fo ansèyman yo. Se lapè Sovè a te pwomèt la lè l te asire disip li yo ke li t ap voye Rekonfòtè a: “Mwen kite lapè avèk nou, mwen banou lapè mwen; mwen pa banou li jan mond lan bay li a. Se pou kè nou pa twouble, ni efreye” (Jan 14:27).

Referans adisyonèl: Amòs 3:7; Matye 16:13–18; 1 Korentyen 2:9–14; 12:3; Revelasyon 19:10; Alma 5:43–48; 17:2–3; D&A 76:5–10; 121:26–33; Atik Lafwa 1:7, 9

Gade Lafwa; Sentespri; Lapriyè; Reverans; Ekriti; Don espirityèl

Revelasyon pèsonèl (Gade Revelasyon)

Reverans

Reverans se yon respè ak amou pwofon. Lè ou gen yon atitud reverans anvè Bondye, ou onore li, ou eksprime rekonnesans ou pou li, epi ou obeyi kòmandman l yo.

Ou dwe gen reverans nan kòpòtman ou osi byen nan atitud ou. Konpòtman reverans gen ladan lapriyè, etid ekriti, ak peman dim ak ofrann. Li gen ladan abiye avèk pidè epi itilize langaj ki pi epi ki sen. Pwofondè reverans ou evidan nan chwa mizik ou ak chwa lòt divètisman ou, nan fason ou pale konsènan bagay sakre yo, epi nan fason ou abiye epi aji lè ou ale legliz ak nan tanp. Ou montre reverans ou pou Senyè a lè ou sèvi lòt moun epi trete yo avèk bonte ak respè.

Amezi w ap vin gen plis reverans, w ap vin remake yon transfòmasyon nan lavi ou tou dousman. Senyè a ap devèse Lespri li sou ou avèk plis abondans. W ap vin mwens twouble epi gen mwens konfizyon. W ap vin kapab resevwa revelasyon pou ede ou rezoud pwoblèm pèsone ak famiyal ou.

Menmjan reverans mennen ou pi pre Bondye, mank reverans sèvi bi advèsè a. Satan ap tante ou pou w suiv tandans mond lan ki pote plis bri, eksitasyon, ak kontansyon epi ki pote mwens retni ak diyite. Menmjan avèk yon kòmandan ki ap prepare yon envazyon militè, l ap eseye bwouye kanal komunikasyon ant ou menm avèk Senyè a. Se pou ou veye kalite taktik sa yo, epi efòse ou pou w reveran nan tout sa w ap fè.

Referans adisyonèl: Levitik 26:2; Som 89:5-7; Ebre 12:28; D&A 59:21; 63:61-62, 64; 109:21

Gade Lafwa; Gratitud; Modesti (pidè); Priyè; Revelasyon; Adorasyon

Reyinyon Sentsèn (*Gade Saba; Sentsèn; Sakrifis*)

Rezireksyon

Akòz Chit Adan ak Èv la, nou sijè anba lanmò fizik, ki se separasyon lespri a ak kò a. Gras avèk Ekspyasyon Jezikri a,

tout moun ap resisite—sove anba lanmò fizik (gade 1 Korentyen 15:22). Rezirèksyon se reyinyon lespri a ak kò a nan yon eta pafè, imòtèl, ki pap janm soufri maladi ni lanmò (gade Alma 11:42–45).

Sovè a sete premye moun sou tè a ki te resisite. Nouvo Testaman an gen plizyè resi ki temwaye ke Li te leve soti nan tonm nan (gade Matye 28:1–8; Mak 16:1–14; Lik 24:1–48; Jan 20:1–29; 1 Korentyen 15:1–8; 2 Pyè 1:16–17).

Lè l te resisite Senyè a te parèt devan Apot li yo, li te ede yo konprann ke li te gen yon kò lachè ak zo. Li te di: “Gade men mwen ak pye mwen, se mwen menm menm; touche mwen epi gade; paske yon espri pa gen ni chè ni zo, jan nou wè m genyen an (Lik 24:39). Li te parèt devan Nefit yo tou apre rezirèksyon li (gade 3 Nefi 11:10–17).

Lè rezirèksyon an, nou pral “jije dapre zèv [nou]. . . . Nou pral prezante devan Bondye, avèk menm konsepsyon nou genyen kounyeya, epi nou pral raple nou tout fot nou byen klè” (Alma 11:41, 43). Glwa etènèl n ap gen pou resevwa a ap depann sou fidelite nou. Menmsi tout moun ap resisite, se sèlman moun ki vin jwenn Kris yo epi ki pran pa nan plenitid levanjil la ki ap eritye egzaltasyon nan wayòm selès la.

Konprann rezirèksyon an epi gen temwayaj sou li ka ba ou esperans ak pèspektiv pandan ke w ap fè fas avèk pwoblèm, eprèv, ak viktwa lavi yo. Ou ka jwenn rekonfò nan asirans ke Sovè a vivan epi ke gras avèk Ekspyasyon l la, “li te kraze chenn lanmò yo, pou fè tonm nan pa gen viktwa ankò, epi pou zegiyon lanmò a ka anglouti nan esperans laglwa” (Alma 22:14).

Referans adisyonèl: Ezayi 25:8; 26:19; Jan 5:25–29; 11:25–26; 1 Korentyen 15; Enòs 1:27; Alma 40:23–26; 41; Mòmmon 9:12–14; D&A 88:15–16; 93:33–34; Moyiz 1:39

Gade Ekspyasyon Jezikri; Lanmò Fizik; Wayòm glwa yo; Plan Sali; Sali; Nanm

Saba

Jou Saba a se jou Senyè a, li mete apa chak semèn pou re-po ak adorasyon. Nan epòk Ansyen Testaman an, pèp alyans Bondye a te obsève Saba a nan setyèm jou chak semèn paske Bondye te repoze setyèm jou apre li te fin kreye tè a. Senyè a mete aksan sou enpòtans respekte Saba a nan Dis Kòmandman yo:

“Sonje jou Saba a, pou w ka sanktifye li.

“Wa travay pandan sis jou, epi wa va fè tout travay ou.

“Men, setyèm jou a se Saba Senyè a Bondye ou: nan jou sa a ou pa dwe fè okenn travay, ni ou menm, ni pitit gason ou, ni pitit fi ou, ni sèvant ou, ni sèvitè ou, ni bèt ou, ni etranje ki lakay ou a

“Paske nan sis jou Senyè a te kreye syèl la ak tè a, lanmè a, ak tout sa ki ladan li, epi li te repoze setyèm jou a. Se pou-tèt sa, Senyè a beni jou Saba a epi li sanktifye li” (Egzòd 20:8–11).

Apre rezirèksyon Jezikri a, ki te rive premye jou semèn nan, disip Senyè a yo te kòmanse obsève Saba a premye jou semèn nan, Dimanch (gade Travay 20:7).

Nan dènye jou yo, Senyè a kòmande nou pou nou kontinye obsève Saba a. Li pwomèt ke si nou obeyi kòmandman sa a, n ap resevwa “plenitid tè a” (gade D&A 59:16–20).

Paske Saba a se yon jou ki sen, li dwe rezève pou aktivite ki diy epi ki sen. Sispann travay ak divètisman pa ase. Anfèt, si nou senpleman rete san fè anyen jou Saba a, nou echwe nan sanktifye jou sa a. Nan yon revelasyon li te bay Joseph Smith an 1831, Senyè a te kòmande: “Pou ou ka prezève ou pi konplètman soti nan salte mond lan, se pou ou ale nan kay priyè m nan epi ofri sakreman ou nan jou sen m nan; paske, an verite, se jou sa a mwen ba ou pou w repoze nan travay ou, epi pou prezante devosyon ou bay Moun ki pi Wo a” (D&A 59:9–10). Ann akò avèk revelasyon sa a, nou ale nan Reyinyon Sentsèn chak semèn. Lòt aktivite Jou Saba yo ka gen ladan yo priye, medite, li ekriti yo ak ansèyman pwofèt dènye jou yo,

ekri lèt pou fanmi ak zanmi, li liv ki edifyan, vizite moun ma-lad epi an detrès, epi ale nan lòt reyinyon legliz yo.

Referans adisyonèl: Egzòd 31:16–17; Mozya 18:23; D&A 59:11–14; 68:29

Gade Reverans; Sentsèn; Adorasyon

Sakrifis

Sakrifye se renonse ak yon bagay nou bay valè pou chèche yon bagay ki gen pi gran valè. Antanke Sen Dènye Jou, nou gen opòtinite pou sakrifye bagay mond lan yo pou Senyè a ak wayòm ni an. Manm Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo dwe dispoze pou fè tout sakrifis Senyè a mande. Si yo pa ta mande nou pou fè sakrifis, nou pa t ap janm kapab devlope lafwa ki nesèsè pou Sali etènèl la.

Ekspyasyon Jezikri a se gran sakrifis etènèl ki nan nanan levanjil la (gade Alma 34:8–16). Anvan Sovè a te akonpli Ekspyasyon an, pèp alyans li a te konn sakrifye bèt kòm senbòl sakrifis li a. Pratik sa a te ede yo tann Ekspyasyon an (gade Moyiz 5:4–8). Kòmandman pou te ofri sakrifis bèt la te fini avèk lanmò Jezikri. Nan legliz la jodi a, nou pran Sentsèn an souvni Sakrifis Ekspyatwa Sovè a.

Anplis sonje Sakrifis Ekspyatwa Jezikri a, nou bezwen ofri pwòp sakrifis pa nou: Yon kè brize ak yon lespri kontri. Sovè a te di: “Ou pa bezwen ofri mwen vèsman san ankò; wi, sakrifis ou yo ak ofrann sou dife w yo dwe sispann. . . . Epi ou pral ofri mwen kòm sakrifis yon kè brize ak yon lespri kontri. Epi moun ki vini jwenn mwen avèk yon kè brize ak yon lespri kontri, m ap batize li avèk dife epi avèk Sentespri a” (3 Nefi 9:19–20).

Gen yon kè brize ak yon lespri kontri se gen imilite epi respektif pou volonte Bondye ak rekòmandasyon moun li aple yo pou dirije legliz li. Sa vle di santi pwofon regrè pou peche ak yon dezi repantans ki sensè tou. Pwofèt Leyi te mete aksan sou enpòtans ofri sakrifis sa a: “Reyèlman, li [Kris] ofri tèt li kòm sakrifis pou peche, pou satisfè obligasyon lwa a, pou tout moun ki gen kè brize ak lespri kontri; epi obligasyon lwa

a pa kapab satisfè pou okenn lòt moun.” (2 Nefi 2:7). Si nou pa ofri sakrifis yon kè brize ak yon lespri kontri, nou pa ka konplètman resevwa benediksyon ki soti nan Ekspyasyon an.

Si nou dispoze pou fè sakrifis jan Senyè a kòmande a, l ap aksepte nou. Li te anseye: “Tout moun . . . ki konnen ke kè yo onèt epi brize, epi lespri yo kontri, epi ki dispoze obsève alyans yo pa sakrifis—wi, tout sakrifis ke mwen menm, Senyè a, mwen ap kòmande—m ap aksepte yo” (D&A 97:8). Avèk yon pèspektiv etènèl, ou ka vin wè ke renonse avèk bagay mond lan yo se pa yon sakrifis ditou. Benediksyon w ap resevwa yo pi gran pase tout sa ou renonse avèk yo yo.

Referans adisyonèl: Matye 19:16–22; D&A 59:8

Gade Ekspyasyon Jezikri; Lanmou; Obeyisans; Repantans; Sentsèn; Sèvis

Sali

Nan konvèsasyon ou avèk lòt kretyen, yo gen dwa mande ou pafwa: “Èske w sove?” Moun ki poze kesyon sa a ap pale jeneralman apwopo konfese sensèman, oubyen deklare ke ou aksepte Jezikri kòm Senyè ak Sovè pèsonèl. Lè yo poze kesyon sa a, yo montre lafwa yo nan pawòl sa yo ki te ekri pa Apot Pòl yo:

“Si ou konfese Senyè Jezi avèk bouch ou, epi si ou kwè nan kè ou ke Bondye te resisite li anba lanmò, w ap sove. Paske se nan kwè avèk kè ke yon moun rive nan lajistis; epi se nan konfese avèk bouch li ke li rive nan sali” (Women 10:9–10).

Reponn kesyon “Èske w sove?” a

Nan Women 10:9–10, mo *sove* a ak mo *sali* a vle di gen yon relasyon alyans avèk Jezikri. Atravè relasyon alyans sa a, nou asire Sali nou soti anba konsekans etènèl peche si nou obeyisan. Chak Sen Dènnye Jou fidèl sove selon siyifikasyon sa a. Nou konvèti nan levanjil retabli a. Pa òdonans batèm, nou antre nan yon relasyon alyans avèk Sovè a, nou pran non li sou tèt nou. Nou renouvle alyans batèm nou nan pran Sentsèn.

Plizyè kalite siyifikasyon pou mo *Sali* a

Nan doktrin Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo, tèm *sove* ak *sali* a gen plizyè kalite siyifikasyon. Selon siyifikasyon sa yo, repons ou pou kesyon “Èske w sove?” a ap oubyen “Wi” oubyen “Wi, men avèk kondisyon.” Men kèk eksplikasyon ki souliyen diferant siyifikasyon mo *Sali* a.

Sali soti nan lanmò fizik. Tout moun gen pou mouri yon jou. Men gras avèk Ekspyasyon ak Rezirèksyon Jezikri a, tout moun gen pou resisite—sove anba lanmò fizik. Pòl temwaye, “Menmjan nan Adan tout moun mouri, se menmjan tou nan Kris tout moun ap vin vivan ankò” (1 Korentyen 15:22).

Sali soti nan peche. Pou ou pirifye soti nan peche atravè Ekspyasyon Sovè a, ou dwe egzèse lafwa nan Jezikri, repanti, batize, epi resevwa don Sentespri a (gade Travay 2:37–38). Si ou deja batize epi ou te resevwa Sentespri a atravè bon orotire Prètriz la, ou deja sove soti nan peche sou kondisyon. Ou pap sove konplètman soti nan peche anvan ou fini lavi ou sou tè a, ap fidèlman persevere jiskalafen.

Note ke ou pa ka sove *nan peche w yo*; ou pa kapab resevwa Sali senpleman nan deklare ke ou kwè nan Kris, konesan ke ou pral inevitabman komèt peche pandan tout rès lavi ou (gade Alma 11:36–37). Pa gras Bondye, ou ka sove *soti nan peche w yo* (gade Elaman 5:10–11). Pou w resevwa benediksyon sa a, ou dwe egzèse lafwa nan Jezikri, efòse pou w kenbe kòmandman yo, abandone peche, epi renouvle repantans ou ak pirifikasyon ou pa òdonans Sentsèn nan.

Fèt ankò. Yo gen dwa mande ou pafwa si ou fèt ankò. Prensip renesans espiritiyèl la parèt souvan nan ekriti yo. Nouvo Testaman an gen ansèyman Jezi ki di ke nou dwe “fèt ankò” e si nou pa “fèt nan dlo ak nan Lespri, [nou] pa ka antre nan wayòm Bondye a” (Jan 3:3, 5). Ansèyman sa a reyafime nan Liv Mòmònan an: “Tout moun, wi, gason ak fi, tout nasyon, fanmi, lang ak pèp, dwe fèt ankò; wi, fèt nan Bondye, chanje nan eta chanèl ak eta tonbe, pou yo vin nan yon eta jistis, pou Bondye rachte yo, pou

yo kapab vin tounen pitit gason ak pitit fi Bondye; Se konsa yo vin tounen nouvo kreyati; epi si yo pa fè sa, yo pa kapab eritye wayòm Bondye a nan okenn fason” (Mozya 27:25–26).

Renesans sa a se yon pwosesis ki rive apre nou fin bati-ze epi resevwa don Sentespri a. Li vini kòm rezilta dispozi- syon nou pou n “fè alyans avèk Bondye nou an pou nou fè volonte l, epi pou nou obeyisan nan kòmandman l yo nan tout bagay li pral kòmande nou, tout rès lavi nou” (Mozya 5:5). Lè sa a “kè nou chanje atravè fwa nan non l; se poutèt sa, li ba [nou] nesans” (Mozya 5:7). Si ou te batize epi ou te resevwa don Sentespri a, avèk alyans pou ou pran non Jezikri sou tèt ou, ou ka di ke ou fèt ankò. Ou ka renouvle renesans sa a chak jou Saba lè ou pran Sentsèn.

Sali soti nan inyorans. Anpil moun ap viv nan yon eta tenèb, yo pa konnen limyè levanjil retabli a. Yo “rete lwen laverite paske yo pa konn ki kote pou yo jwenn ni” (D&A 123:12). Antanke manm legliz Senyè a, ou sove soti nan kon- disyon sa a. Ou gen yon konesans sou Bondye Papa a, sou Jezikri, sou bi lavi a, sou plan Sali a, epi sou potansyalite etè- nèl ou. Ou ka viv antanke disip Sovè a, ki te deklare: “Mwen se limyè mond lan. Moun ki suiv mwen yo pap mache nan tenèb, men y ap gen limyè lavi a” (Jan 8:12).

Sali soti nan Dezyèm mò a. Ekriti yo pale pafwa osijè Sali soti anba dezyèm mò a. Dezyèm mò sa a se lanmò espirityèl final—sa vle di ou retranche soti nan lajistis epi yo refize w yon plas nan yonn nan wayòm glwa yo (gade Alma 12:32; D&A 88:24). Dezyèm lanmò sa a pap pwodui anvan Dènye Jijman an, epi pa gen anpil moun k ap sibi li (gade D&A 76:31–37). Prèske tout moun ki viv sou tè a gen asirans y ap sove anba dezyèm mò a (gade D&A 76:40–45).

Lavi etènèl, oubyen Egzaltasyon. Nan ekriti yo, mo *sove* a ak mo *Sali* a souvan fè referans ak lavi etènèl, oubyen egzalta- syon (gade Abraam 2:11). Lavi etènèl se konnen Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri epi abite avèk yo pou tout tan—eritye yon plas nan pi wo degre nan wayòm selès la (gade Jan 17:3;

Satan

D&A 131:1–4; 132:21–24). Pou nou resevwa gran don sa a, nou bezwen fè plis pase repanti pou peche nou epi batize epi konfime pa otorite Prètriz apwopriye a. Gason yo dwe resevwa Prètriz Mèlkisedèk la, epi tout manm legliz yo dwe fè epi kenbe alyans sakre nan tanp, ladan yo maryaj etènèl.

Si nou itilize mo *sali* a nan sans lavi etènèl, okenn nan nou pa ka di li sove nan mòtalite a. Don gloriye sa a nou ka jwenn ni sèlman apre Dènye Jijman an.

Referans adisyonèl: Matye 10:22; Mak 16:16; Efezyen 2:8–10; Jak 2:14–18; 2 Nefi 25:23, 26; Mozya 5:8–15; 3 Nefi 9:21–22; Mowoni 10:32–33; Atik Lafwa 1:3

Gade Ekspyasyon Jezikri; Batèm; Lavi etènèl; Gras; Wayòm glwa; Plan Sali

Satan

Satan, ki rele advèsè a oubyen dyab la tou, se lenmi ladwati epi lenmi moun k ap chèche suiv Bondye. Li se yon pitit lespri Bondye ki te yon anj yon fwa ki te gen “otorite nan prezans Bondye” (D&A 76:25; gade tou Ezayi 14:12; D&A 76:26–27). Men, nan Konsèy premòtèl la nan Syèl la, Lisifè, jan yo te rele Satan lè sa a, te rebele kont Papa nou ki nan Syèl la ak Plan Sali a. Nan rebelyon kont Bondye sa a, Satan te “chèche detwi libabit lòm” (Moyiz 4:3). Li te di: “M ap rachte tout limanite, pa yon nanm pap pèdi, epi m ap fè sa sètènman; Se poutèt sa, ban m onè w la” (Moyiz 4:1).

Satan te pèsyade “yon tyè nan lame syèl yo” pou yo detounen yo de Papa a (D&A 29:36). Kòm rezilta rebelyon sa a, Satan ak disip li yo te rejte soti nan prezans Bondye epi yo te refize yo benediksyon resevwa yon kò fizik la (gade Revelasyon 12:9). Yo te refize yo posiblite pou yo resevwa yon eritaj nan yonn nan wayòm glwa yo tou.

Papa nou ki nan Syèl la pèmèt Satan ak disip li yo tante nou, sa fè pati eksperyans nou nan mòtalite a (gade 2 Nefi 2:11–14; D&A 29:39). Paske Satan ap “chèche pou l fè tout moun mizerab tankou tèt pa l” (2 Nephi 2:27), li menm ak disip li yo

eseye elwaye nou nan chemen ladwati a. Li dirije lopoziyon ki pi rèd kont aspè ki pi enpòtan yo nan plan bonè Papa nou ki nan Syèl la. Pa egzanp, li chèche diskredite Sovè a ak Prètriz la, jete dout sou pouvwa Ekspyasyon an, defòme revelasyon, detounen nou sou laverite, epi kontredi responsablite endividyèl nou. Li eseye detwi la fanmi nan mete konfizyon sou idantite seksyèl, nan ankouraje relasyon seksyèl andeyò maryaj, nan pase maryaj nan rizib, epi nan dekouraje moun marye yo pou yo fè timoun, konesan ke y ap elve yo nan ladwati.

Ou pa oblije tonbe nan tantasyon Satan yo. Ou gen pouvwa nan ou pou w chwazi byen olye mal, epi ou ka toujou chèche èd Senyè a atravè lapriyè. (Gade "Tantasyon," paj 00–00.)

Referans adisyonèl: Ezayi 14:12–17; 1 Nefi 15:23–24; 2 Nefi 2:16–18; Mowoni 7:12; D&A 10:5; 29:36–40, 46–47; 76:25–29

Gade Libabit; Peche; Tantasyon tou

Sèmante (Gade Gwosyète)

Sentespri

Sentespri a se twazyèm manm Divinite a. Li se yon pèsonaj lespri, ki pa gen yon kò lachè ak zo (gade D&A 130:22). Yo souvan fè referans avèk li kòm Lespri a, Sentespri a, Lespri Bondye a, Lespri Senyè a, oubyen Rekonfòtè a.

Wòl Sentespri a

Sentespri a travay nan inite pafè avèk Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezikri, ap ranpli plizyè wòl pou ede nou viv nan lajistis epi resevwa benediksyon levanjil yo.

Li "bay temwayaj Papa a ak Pitit Gason an" (2 Nefi 31:18) epi li revele epi anseye "verite tout bagay" (Mowoni 10:5). Ou ka resevwa yon temwayaj asire konsènan Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri sèlman pa pouvwa Sentespri a. Kominikasyon li

avèk lespri ou pote plis sètitud pase tout kominikasyon ou ka resevwa atravè sans natirèl ou yo.

Pandan w ap eseye rete sou chemen ki mennen nan lavi etènèl la, Sentespri a “pral di ou tout bagay ou dwe fè” (gade 2 Nefi 32:1–5). Li ka gide ou nan desizyon w yo epi pwoteje ou kont danje fizik ak espiritiyèl.

Atravè li menm, ou ka resevwa don Sentespri yo pou benefis pa ou epi pou benefis moun ou renmen epi sèvi yo (gade D&A 46:9–11).

Li se Rekonfòtè a (Jan 14:26). Menmjan bri vwa yon paran eman ka apeze yon timoun k ap kriye, chichotman Lespri yo ka kalme laperèz ou, kalme enkyetid pèsistan lavi w yo, epi rekonfòtè ou lè w ap kriye. Sentespri a ka ranpli ou “avèk esperans ak amou pafè” epi li ka “anseye ou bagay pezib wayòm yo” ((Mowoni 8:26; D&A 36:2).

Atravè pouvwa li, ou sanktifye pandan w ap repanti, resevwa òdonans batèm ak konfimasyon yo, epi rete fidèl anvè alyans ou yo (gade Mozya 5:1–6; 3 Nefi 27:20; Moyiz 6:64–68).

Li se Sentespri Pwomès la (gade Efezyen 1:13; D&A 132:7, 18–19, 26). Nan kapasite pa li, li konfime ke òdonans Prètriz ou resevwa yo ak alyans ou fè yo akseptab devan Bondye. Apwobasyon li depann sou fidelite san rete ou.

Don Sentespri a

Tout moun k ap chèche laverite onètman ka santi enfliyans Sentespri a, ap gide yo nan Jezikri ak levanjil li a. Sepandan, plenitud benediksyon yo bay atravè Sentespri a disponib sèlman pou moun ki resevwa don Sentespri a epi ki rete diy.

Lè ou fin batize antre nan Legliz Jezikri pou Sen Dènèy Jou yo, yonn oubyen plizyè detantè Prètriz Mèlkisedèk poze men sou tèt ou epi, nan yon òdonans sakre Prètriz la, yo konfime ou manm legliz la. Kòm pati òdonans sa a, ki rele konfimasyon, yo ba ou don Sentespri a.

Don Sentespri a diferan avèk enfliyans Sentespri a. Anvan batèm ou, ou ka santi enfliyans Sentespri a tanzantan, epi atravè enfliyans sa a ou ka resevwa yon temwayaj sou verite a.

kounyeya ke ou gen don Sentespri a, ou gen dwa avèk konpayi konstan manm Divinite sa a si ou respekte kòmandman yo.

Jwi don Sentespri a totalman gen ladan resevwa revelasyon ak rekonfò, sèvi epi beni lòt moun atravè don espiyèl, epi sanktifye soti nan peche epi vin rann diy pou egzaltasyon nan wayòm selès la. Benediksyon sa yo depann sou diyite ou; yo vini yon ti kal alafwa pandan w ap pare pou yo. Pandan w ap mete lavi ou ann amoni avèk volonte Bondye, w ap resevwa Sentespri a pou pi fò gradyèlman. Pwofèt Joseph Smith te deklare ke mistè wayòm Bondye yo “ka wè epi konprann sèlman pa pouvwa Sentespri a, ke Bondye konfere bay moun ki renmen li epi ki pirifye tèt yo devan li” (Gade D&A 76:114–116).

Sonje ke “Lespri Senyè a pa rete nan tanp ki pa sen” (Elaman 4:24). Menmsi ou resevwa don Sentespri a, Lespri a ap rete avèk ou sèlman si ou kenbe kòmandman yo. La prale si ou ofanse li pa langaj gwosye, enpite, dezobeyisans, rebelyon, oubyen lòt peche. Kenbe tèt ou pwòp. Plen lavi ou avèk bon bagay pou ou ka diy pou w gen konpayi konstan Sentespri a.

Referans adisyonèl: Matye 3:11; Jan 15:26; 16:13; Travay 2:38; 8:12–17; 19:1–6; 1 Korentyen 2:9–14; 12:3; Galat 5:22–23; 1 Nefi 10:17–19; 2 Nefi 31:17; D&A 8:2–3; 39:20–24; 68:25–28; 121:46; Atik Lafwa 1:4.

Gade Batèm; Divinite; Enpozisyon dèmen; Revelasyon; Don Espiryèl

Sentsèn

Jou swa anvan Krisifiksyon l lan, Jezikri te reyini avèk Apot li yo epi li te ensititye Sentsèn nan. “Li te pran pen an, epi li te beni li, epi li te kase li, epi li te bayo li, li te di, Sa se kò mwen ki bay pou nou; fè sa an souvni mwen. Menmjan tou li te pran koup la, apre dine a, li te di, Koup sa se nouvel alyans nan san mwen, ki vèse pou nou” (Lik 22:19–20). Apre rezirèksyon li, li te ensititye Sentèn nan pami Nefit yo (gade 3 Nefi 18:1–11).

Jodi a nou pran pen an ak dlo a an souvni Sakrifis Ekspyatwa Jezikri a. Odonans sa a se yon pati esansyèl nan

adorasyon nou ak devlopman esprityèl nou. Plis nou medite sou siyifikasyon li, se plis li vin sakre pou nou.

Sonje Sovè a ak Ekspyasyon l la

Sentsèn nan banou yon opòtinite pou nou sonje lavi, ministè, ak Ekspyasyon Pitit Gason Bondye a avèk gratitud.

Avèk pen an, nou sonje kò li. Nou ka raple nou soufrans fizik li yo tou—espesyalman soufrans li sou kwa a. Nou ka raple nou ke, pa mizèrikòd li ak gras li, tout moun ap resisite epi ap jwenn opòtinite lavi etènèl avèk Bondye.

Avèk ti koup dlo a, nou ka sonje ke Sovè a te vèsè san li nan yon soufrans ak angwas esprityèl entans, ki te kòmanse nan Jaden Jetsemame a. Nan kote sa a li te di, “Nanm mwen tris jiska lanmò” (Matye 26:38). Li te soumèt li anba volonte Papa a, li te soufri plis pase sa nou ka konprann: “San [te soti] nan chak two kò li, tèlman angwas li pou mechanste ak abominasyon pèp li a te fò” (Mozya 3:7). Nou ka sonje ke, pa san li l te vèsè a, Jezikri sove ou ak tout lòt moun, desa ekriti yo rele “peche orijinèl” oubyen transgresyon Adan an (Moyiz 6:54). Ou ka sonje ke li te soufri tou pou peche, chagren, ak soufrans tout pitit Papa nou ki nan Syèl yo, li pote remisyon peche pou tout moun ki repanti epi viv levanjil la. (gade 2 Nefi 9:21–23).

Renouvle alyans ak benediksyon ki pwomèt yo

Lè nou pran Sentsèn, nou temwaye Bondye ke n ap sonje Pitit Gason l lan menm apre ti bout tan òdonans sakre sa a. Nou pwomèt pou nou toujou sonje li. Nou temwaye ke nou dispoze pou pran non Jezikri sou tèt nou epi n ap respekte kòmandman l yo. Lè nou pran Sentsèn epi nou pran angajman sa yo, nou renouvle alyans batèm nou. (gade Mozya 18:8–10; D&A 20:37).

Nou resevwa gwo benediksyon lè nou kenbe alyans batèm nou. Lè nou renouvle li, Senyè a renouvle pwomès remisyon pou peche nou yo. Lè nou pwòpte soti nan peche, n ap kapab “toujou gen Lespri li avèk nou” (D&A 20:77). Konpayi konstan

Lespri a se yonn nan pi gwo don nou ka resevwa nan mòtalite a. Lespri a ap gide nou nan chemen ladwati ak lapè, mennen nou nan lavi etènèl avèk Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri.

Pran Sentsèn diyman

Nan preparasyon pou Sentsèn nan chak semèn, pran tan pou egzamine lavi ou epi repanti w pou peche w yo. Ou pa bezwen pafè pou ou pran Sentsèn nan, men ou dwe gen yon lespri imilite ak repantans nan kè ou. Chak semèn ou dwe prepare w pou òdonans sakre sa a avèk yon kè brize ak yon lespri kontri (gade 3 Nefi 9:20).

Si ou pwoche bò Sentsèn nan avèk reverans ak solanite li merite a, sa ap vin yon opòtinite pou ou pou w fè yon retou sou ou menm, repanti, epi rekonsakre ou—yon sous fòs ak yon rapèl konstan sou Ekspyasyon Sovè a.

Referans adisyonèl: 1 Korentyen 11:23–29; Mowoni 4–5; D&A 20:75–79; 27:2

Gade Ekspyasyon Jezikri; Alyans *tou*

Sèvis

Vrè disip Jezikri yo vle sèvi moun ki bò kote yo. Sovè a te di, “Pa sa tout moun va konnen nou se disip mwèn, si nou gen lanmou yonn pou lòt” (Jan 13:35).

Lè nou batize, nou fè alyans pou nou pran non Jezikri sou tèt nou. Pwofèt Alma te eksplike alyans sa a pou yon gwoup nouvo konvèti ki te vle batize. Li te di yo ke dezi yo pou yo “nan twoupo Bondye a” te gen ladan yon volonte pou rann sèvis siyifikan—pou yonn pote chay lòt, pou yo kapab vin lejè” pou “kriye avèk moun k ap kriye yo” epi pou “konfòte moun ki bezwen rekonfò” (Mozya 18:8–9).

Pandan n ap efòse nou pou sèvi lòt moun, pran Sovè a kòm egzannp nou. Menmsi li te vin sou tè a kòm Pitit Gason Bondye, li te sèvi moun ki te bò kote li enbleman. Li te deklare: “Mwen nan mitan nou kòm moun k ap sèvi nou” (Lik 22:27).

Siyon

Sovè a te itilize yon parabol pou l te anseye enpòtans sèvis. Nan parabol la, li retounen sou tè a nan glwa li pou separe jis yo ak mechan yo. Pou jis yo li di: “Vini, nou menm ki beni pa Papa m nan, vin eritye wayòm ki prepare pou nou depi fondasyon mond lan. Paske mwen te grangou, epi nou te banm manje. Mwen te swaf, epi nou te ban m bwè; mwen te etranje, epi nou te akeyi mwen; mwen te toutouni, epi nou te abiye mwen. Mwen te malad, epi nou te vizite mwen. Mwen te nan prison, epi nou te vin wè mwen” (Matye 25:34–36).

Jis yo, ki te etone pa deklarasyon sa a te mande: “Senyè, kilè nou te wè ou grangou epi nou te ba w manje? Ou te swaf, epi nou te ba w bwè? ou te etranje, epi nou te akeyi ou? ou te toutouni, epi nou te abiye ou? Ou te malad, epi nou te vizite ou? Ou te nan prizon, epi nou te vin wè ou?” (Matye 25:37–39).

Lè sa a Senyè a te reponn, “Chak fwa ou te fè sa pou yonn nan pi piti nan frè m yo, se pou mwen ou te fè li” (Matye 25:40).

Sovè a envite ou pou w dedye tèt ou nan sèvis lòt moun. Okazyon ou genyen pou fè sa yo san limit. Chak jou, chèche mwayen pou w fè moun kontan, pou w di pawòl ki janti, pou w akonpli tach lòt moun yo pa ka fè pou tèt yo, pou pataje levanjil la. Se pou ou reseptif ak chichotman Lespri yo, ki ap pouse w pou w sèvi yo. W ap vin wè ke veritab kle bonè se travay pou bonè lòt moun.

Referans adisyonèl: Matye 22:35–40; 25:41–46; Lik 10:25–37; Galat 5:13–14; Mozya 2:17

Gade Charite; Amou tou

Siyon

Doktrin ak Alyans yo gen plizyè pasaj kote Senyè a kòmande Sen yo pou yo “chèche fè parèt epi etabli kòz Siyon” (D&A 6:6; gade tou D&A 11:6; 12:6; 14:6).

Mo *Siyon* an gen plizyè kalite siyifikasyon nan ekriti yo. Definasyon ki pi jeneral pou mo sa a se “pi nan kè” (D&A 97:21). *Siyon* souvan itilize nan fason sa a pou fè referans ak

pèp Senyè a oubyen legliz li a ak pye l yo (gade (gade D&A D&A 82:14).

Nan kòmansman dispansasyon sa a, dirijan legliz yo te konseye manm yo pou yo te bati Siyon kote yo te imigre ale nan yon zòn santral. Jodi a dirijan nou yo konseye nou pou nou bati Siyon kèlkeswa kote n ap viv. Yo mande manm legliz yo pou yo rete nan peyi natif natal yo epi ede etabli legliz la ladan. Anpil tanp ap bati pou Sen Dènnye Jou toupatou nan mond lan ka resevwa benediksyon tanp yo.

Mo *Siyon* an fè referans avèk lokasyon jeyografik presi tou, tankou:

- Vil Enòk la (gade Moyiz 7:18–21).
- Ansyen vil Jerizalèm nan (gade 2 Samyèl 5:6–7; 1 Wa 8:1; 2 Wa 9:28).
- Nouvèl Jerizalèm nan, ki gen pou bati nan Konte Jackson, nan Missouri (gade D&A 45:66–67; 57:1–3; Atik Lafwa 1:10).

Referans adisyonèl: Ezayi 2:2–3; 1 Nefi 13:37; D&A 35:24; 39:13; 45:68–71; 59:3–4; 64:41–43; 90:36–37; 97:18–28; 101:16–18; 105:5; 115:5–6; 136:31

Sosyete Sekou

Sosyete Sekou a te fonde pa Pwofèt Joseph Smith jou 17 Mas 1842 nan Novou, nan Ilinwa. Nan epòk li te fond a, Sosyete Sekou te gen de objektif prensipal: pote pòv yo ak moun ki nan nesosite yo sekou epi sove nanm. Òganizasyon an toujou egziste jodi a, li rete fidèl anvè premye prensip pou dirije l sa yo. Nan tout mond lan, sè yo nan Sosyete Sekou a ap travay avèk detantè Prètriz yo pou akonpli misyon legliz la. Yo yonn sipòte lòt pandan y ap:

- Grandi temwayaj yo konsènan Jezikri atravè lapriyé ak etid ekriti yo.
- Chèche fòs esprityèl pandan y ap suiv enspirasyon Sentespri yo.

Sove (Gade Sali)

- Devwe tèt yo pou fòtifye maryaj, fanmi, ak fwaye.
- Jwenn noblès nan fè pitit ak lajwa nan feminite.
- Rejwi nan sèvis ak bon zèv.
- Renmen viv epi aprann.
- Kanpe pou defann laverite ak lajistis.
- Soutni Prètriz la antanke otorite Bondye sou tè a.
- Rejwi nan benediksyon tanp yo.
- Konprann destine divin yo epi efòse yo pou atenn egzaltasyon.

Si ou nan Sosyete Sekou, yon fason ou ka kontribye nan misyon òganizasyon sa a se aksepte tach pou ou sèvi kòm enstriktis nan fwaye. Lè w ap vizite epi sèvi sè yo ba ou yo, pran tan pou w anseye levanjil la epi fòje lyen amitye. Anplis sèvi moun endividyèlman, ou ka jwe yon wòl enpòtan nan fòtifye fanmi yo.

Dirijan pawas yo oubyen branch yo veye pou yo bay chak sè ki gen 18 tan oswa plis yon enstriktis nan fwaye. Dirijan Pètriz yo ak dirijan Sosyete Sekou yo fè suivi avèk enstriktis nan fwaye yo pou ede yo reponn bezwen espartyèl ak tanporèl chak sè.

Antanke yon sè nan Sosyete Sekou, ou se manm yon òganizasyon mondyal fanm, ki ini nan devosyon pou Jezikri. Ou ini avèk lòt pitit fi Bondye antanke yon fanm lafwa, ki gen vèti, vizyon, ak charite, avèk konesans sèten ke lavi ou gen sans, objektif, ak direksyon. Gras avèk patisipasyon ou nan Sosyete Sekou, ou gen opòtinite pou w jwi konpayi sè yo, pou rann sèvis siyifikan, pataje temwayaj ou ak talan ou, epi grandi espartyèlman.

Sove (*Gade Sali*)

Swasanndis (*Gade Administrasyon Legliz la*)

Swasanndis Otorite Zòn (*Gade Administrasyon legliz*)

Syèl

Nan ekriti yo, mo syèl la itilize nan de fason debaz diferan. Premyeman, li fè referans avèk kote Bondye ap viv la, ki se fwaye final moun ki fidèl yo (gade Mozya 2:41). Dezyèmman, li fè referans avèk etandi tout tè a (gade Jenèz 1:1).

Referans adisyonèl: Som 11:4; Matye 6:9; 1 Nefi 1:8; Mozya 3:8; D&A 20:17

Gade Wayòm glwa yo

Tabak (*Gade Pawòl Sajès*)

Wayòm telès (*Gade Wayòm Glwa yo*)

Tanp

Tanp yo se literalman kay Senyè a. Se lye adorasyon ki sen kote Senyè a ka manifeste. Se sèlman fwaye a ki ka konpare avèk tanp nan karaktè sakre li.

Atravè tout listwa, Senyè a te toujou kòmande pèp li pou yo bati tanp. Jodi a legliz la reponn apèl Senyè a pou bati tanp nan tout mond lan, kote li rann benediksyon tanp yo disponib pou yon gran kantite pitit Papa nou ki nan Syèl la.

Òdonans pou vivan yo

Bi prensipal tanp yo se pou banou òdonans ki nesèsè pou egzaltasyon nou yo nan wayòm selès la. Òdonans tanp yo menen nan pi gran benediksyon ki disponib yo gras avèk Ekspyasyon Jezikri a. Tout sa nou fè nan legliz la—reyinyon nou yo ak aktivite nou yo, travay misyonè yo, leson nou anseye yo ak kantik nou chante yo—dwe kondi nou nan Sovè a ak travay nou fè nan tanp sen yo.

Yonn nan òdonans nou resevwa nan tanp lan se dotasyon. Mo *dotasyon* an vle di “*don*” epi dotasyon tanp lan se reyèlman yon don Bondye. Òdonans sa a genyen yon seri enstriksyon epi li gen alyans nou fè pou nou viv nan ladwati epi konfòme nou avèk kondisyon levanjil yo. Dotasyon an ede nou konsantre nou sou Sovè a, sou wòl li nan plan Papa nou ki nan Syèl la, epi sou angajman nou pou suiv li.

Yon lòt òdonans tanp ankò se maryaj selès, kote mari ak madanm sele yonn ak lòt pou letènite. Yon sèlman akonpli nan tanp kontinye pou jamè si mari a ak madanm nan fidèl nan alyans yo te fè yo.

Timoun ki fèt nan paran ki deja sele nan tanp yo fèt nan alyans. Timoun sa yo otomatikman vin fè pati yon fanmi etènèl. Timoun ki pa fèt nan alyans yo ka vin fè pati yon fanmi etèl tou lè paran natirèl yo oubyen paran adoptif yo sele yonn ak lòt. Òdonans sèlman timoun avèk paran yo fèt nan tanp.

Si ou deja resevwa òdonans tanp yo, toujou sonje alyans ou te fè yo. Retounen nan tanp osi souvan ou kapab. Si ou se yon papa oubyen yon manman, anseye pitit ou siyifikasyon tanp lan. Ede yo prepare tèt yo pou yo ka diy pou antre nan tanp.

Si ou pa ko resevwa òdonans tanp yo, kòmanse prepare tèt ou kounyeya. Lè sikonstans yo pèmèt ou, ale nan tanp pou patisipe nan batèm ak konfimasyon pou moun ki mouri yo.

Òdonans pou moun ki mouri yo

Moun ki mouri san òdonans levanjil ki esansyèl yo ka resevwa òdonans sa yo atravè travay ki fèt nan tanp. Ou gen dwa fè travay sa a nan non zansèt ou yo ak lòt moun ki deja mouri. Pandan w ap ajì pou yo, ou ka batize epi konfime, resevwa dotasyon an, epi patisipe nan sèlman mari ak madanm epi pitit ak paran.

Ou dwe chèche ransèyman sou zansèt ou ki mouri yo aktifman pou travay tanp yo ka fèt pou yo.

Pou plis enfòmasyon sou travay tanp pou moun ki mouri ak travay istwa familyal, gade “Travay Istwa Familyal ak Jeneyaloji,” paj 00-00.

Diyite pou antre nan tanp

Pou ou antre nan tanp, ou dwe diy. Ou montre diyite ou nan de entèvyou—yonn avèk yon manm nan episkopa ou oswa prezidan branch epi yon lòt avèk yon manm nan prezidans pye a oswa Prezidan misyon an. Dirijan Prètriz yo ap kenbe entèvyou sa yo prive epi konfidansyèl. Nan chak entèvyou, dirijan Prètriz la ap poze ou kesyon sou konduit ak diyite pèsònèl ou. Y ap poze ou kesyon sou temwayaj ou konsènan Papa nou ki nan Syèl la ak Ekspyasyon Jezikri a, epi y ap mande ou si w sipòte dirijan jeneral ak lokal legliz yo. Y ap mande ou pou w konfime ke ou moralman pi epi ou respekte Pawòl Sajès la, si w peye yon dim konplè, viv ann amoni avèk ansèyman legliz yo, epi si pa gen okenn afilyasyon oswa okenn lyen avèk gwoup apostata.

Si repons yo pou kesyon yo nan entèvyou a akseptab epi si ou menm ak dirijan Prètriz la konvenki ke ou diy pou antre nan tanp, w ap resevwa yon rekòmandasyon pou tanp. Ou menm avèk dirijan Prètriz la ap siyen rekòmandasyon an, sa ki ap pèmèt ou antre nan tanp pandan de pwochèn ane yo, a kondisyon ke ou rete diy.

Entèvyou pou rekòmandasyon pou tanp yo founi yon gran opòtinite pou ou pou w egzamine diyite ou ak fason w ap viv. Si gen yon bagay ki pa dwat nan lavi ou, aranje w pou w pale avèk evèk ou oswa prezidan branch ou anvan entèvyou pou rekòmandasyon pou tanp lan. L ap kapab ede ou prepare ou pou w diy pou resevwa yon rekòmandasyon pou tanp.

Rad tanp

Lè w pral nan tanp, ou dwe mete pi bon rad ou, kòm si ou ta prale legliz. Lè ou rive andedan tanp lan, w ap chanje rad ou pou w mete rad blan tanp lan. Chanjman rad sa a fèt nan yon sal pou abiye, kote ou itilize yon kazye ki fèmèn akle ak yon kabin prive. Nan tanp lan, yo respekte pidè anpil.

Lè w ap mete rad ou nan kazye a, se pou ou kite tout pre-yokipasyon mond lan yo dèyè. Abiye an blan, ou ka santi yon

Tanp

inite ak yon santiman egalite avèk lòt moun yo ki nan tanp lan, paske tout moun ki bò kote ou abiye menm jan.

Mete gaman

Lè ou fin dote, ou gen benediksyon pote sou vètman (gaman) tanp pandan tout lavi ou. Ou gen obligasyon pou w mete li selon enstriksyon yo ba ou nan dotasyon an. Sonje ke benediksyon ki liye ak privilèj sakre sa a depann sou diyite ou ak fidelite ou nan kenbe alyans tanp yo.

Gaman an se yon rapèl konstan sou alyans ou te fè nan tanp yo. Ou dwe trete li avèk respè tout tan. Ou pa dwe ekspoze li pou moun ki pa konprann siyifikasyon li wè, ni tou ou pa dwe ajiste li pou adapte l avèk mòd rad w ap mete. Lè ou pòte li kòm sa dwa, li ba ou pwoteksyon kont tantasyon ak mal. Pote gaman an se ekspresyon eksteryè yon angajman enteryè pou suiv Sovè a.

Benediksyon nan ale nan tanp

Anplis ke l se yon lye sen kote òdonans sakre Prèttriz yo akonpli, tanp lan se yon lye lapè ak revelasyon. Lè ou santi w twouble oubyen lè yon gwo desizyon kapital ap peze lou sou lespri ou, ou dwe pote preyokipasyon ou nan tanp. Nan lye sa a ou ka resevwa gidans espiyityèl.

Pafwa ou ka gen enpresyon ke ou pa panse klè sitèlman lespri ou chaje avèk pwoblèm ak anpil bagay ki mande atansyon ou. Nan tanp lan, efè distraksyon sa yo efase, bwouya ak labrim yo ka fonn, epi ou ka vin konprann bagay you pa t ka konprann anvan yo. Ou ka jwenn nouvo fason pou w rezoud pwoblèm w ap fè fas yo.

Senyè a ap beni ou lè ou akonpli òdonans sakre nan tanp yo. Epi benediksyon l ap ba ou yo pap limite ak moman ou nan tanp lan. L ap beni ou nan tout aspè lavi ou. Travay ou nan tanp lan ap fòtifye ou epi l ap rafine ou espiyityèlman.

Referans adisyonèl: Ezayi 2:1–3; D&A 88:119; 109–110; 124:39–41

Gade tou Alyans; Travay Istwa Familyal ak Jeneyaloji; Maryaj; Ôdonans; Plan Sali

Tantasyon

Jan Apot Pòl te pwofetize, dènye jou yo se “tan difisil” (2 Timote 3:1). Enfliyans advèsè a etann epi yo atiran. Men ou ka venk Satan epi simonte tantasyon yo. Papa nou ki nan Syèl la baou don libabit—pouvwa pou w chwazi ant byen ak mal. Ou ka “imilye [ou] devan Senyè a, pou ou rele non li, pou ou veye epi pou ou priye tout tan, pou [ou] kapab pa tante plis pase sa [ou] kapab sipòte” (Alma 13:28). Si ou dispoze pou obeyi kòmandman yo, Papa nou ki nan Syèl la ap ba ou fòs pou reziste anba tantasyon yo.

Konsèy nou pral bay la yo ap ede ou reziste anba tantasyon:

Santre lavi ou sou Sovè a. Pwofèt Elaman te konseye pitit gason l yo: “Sonje, sonje se sou wòch Redanmtè nou an, ki se Kris la, Pitit Gason Bondye a, ou dwe bati fondasyon ou; konsa, lè dyab la voye gwo van li yo, wi, pik li yo nan toubiyon an, wi, lè tout grèl li yo ak gwo siklòn li yo vin bat ou, li pap gen pouvwa sou ou pou l trennen ou desann nan gouf mizè ak male etènèl la, poutèt sou wòch ou bati a, ki se yon bon fondasyon, lèzòm pa kapab tonbe si yo bati sou fondasyon sa a.” (Elaman 5:12).

Priye pou w jwenn fòs. Lè Sovè resisite a te parèt devan Nefit yo, li te anseye foul moun yo: “Ou dwe veye, priye tout tan pou ou pa tonbe nan tantasyon; paske Satan vle pran ou, pou l kapab vannen ou tankou ble. Se poutèt sa, ou dwe toujou priye Papa a nan non m” (3 Nefi 18:18–19). Nan dènye jou yo li bay menm konsèy la tou: “Toujou priye, pou ou ka sòti venkè; wi, pou ou ka venk Satan epi chape anba men sèvitè Satan yo ki ap soutni travay li a” (D&A 10:5).

Etidye ekriti yo chak jou. Si ou etidye verite levanjil yo epi ou aplike yo nan lavi ou, Senyè a ap beni ou avèk pouvwa pou w reziste anba tantasyon. Nefi te anseye: “Nenpòt moun

ki koute pawòl Bondye, epi ki kenbe l fèm, yo pap janm peri; ni tout tantasyon ak bwa dife advèsè a pa kapab avegle je yo pou mennen yo nan destriksyon" (1 Nefi 15:24; gade tou Elaman 3:29–30).

Ranpli lavi ou avèk bon bagay. Ou gen sitèlman bon bagay pou w chwazi ke ou pa bezwen pran pa nan mal. Lè ou ranpli lavi ou avèk bon bagay, ou pa kite plas pou okenn lòt bagay.

Evite kote ak sitiyaasyon ki gen tantasyon. Ou pa ka evite tantasyon konplètman, men ou ka evite kote ak sitiyaasyon ou riske tante yo. Ou ka evite tout sa ki pa bon nan revè yo, liv yo, mizik ak Entènèt.

Efòse ou pou w gen bon enfliyan sou lòt moun. Prèske anvan li te soufri nan Jaden Jetsemane a, Sovè a te priye pou disip li yo: "Yo pa pou mond lan, menmjan mwen menm mwen pa pou mond lan. Mwen pa priye ou pou w retire yo nan mond lan, men pou ou prezève yo anba mal. Yo pa pou mond lan, menmjan mwen menm mwen pa pou mond lan. Sanktifye yo pa verite w la: pawòl ou se verite. Menmjan ou te voye m nan mond lan, mwen menm tou mwen voye yo nan mond lan." (Jan 17:14–18). Antanke yon disip Jezikri, ou ka nan mond lan men ou "pa pou mond lan." Anplis evite tantasyon pou tèt pa ou, ou ka enfliyanse lòt moun pou yo mennen lavi ki jis epi sen. Ou ka yon egzanp ladwati, yon bon zanmi, patisipe nan sèvis kominote ou, epi, si sa apwopriye, fè yo tande vwa ou nan defann valè moral yo.

Pa janm febli nan desizyon ou pou reziste kont tantasyon. Efòse w pou w swiv egzanp Sovè a, ki "te sibi tantasyon men ki pa t janm tonbe ladan yo" (D&A 20:22). Lè Satan te tante Jezi nan dezè a, Senyè a pa ezite ditou. Repons li te rapid epi fèm: "Retire kò w devan m, Satan!" (Lik 4:8). Avèk panse, pawòl ak aksyon ki jis, ou ka reponn ak tantasyon advèsè yo avèk menm konviksyon an. "Reziste anba dyab la, epi l ap kouri ale lwen ou. Pwoche vin pre Bondye, epi l ap pwoche pi pre ou" (Jak 4:7–8).

Referans adisyonèl: Women 12:21; Efezyen 6:11–17; Jak 1:12, nòt anba b; D&A 23:1; 31:12; Moyiz 1:12–22

Gade tou Libatit; Konsyans; Jèn ak Ofrann Jèn; Sentespri; Limyè Kris la; Repantans; Satan

Tatwaj

Pwofèt Dènye jou yo grandman dekonseye tatwaj. Moun ki decide pa suiv konsèy sa a montre yon mank respè pou tèt yo epi pou Bondye. Apot Pòl te anseye siyifikasyon kò nou ak danje ki genyen nan pwofane li volontèman: “Èske nou pa konnen se tanp Bondye nou ye, epi ke Lespri Bondye abite nan nou? Si yon moun detwi tanp Bondye a, Bondye ap detwi l tou; paske tanp Bondye a sen, epi se sa nou ye” (1 Korentyen 3:16–17).

Si ou gen yon tatwaj, ou pote yon rapèl konstan yon erè ou te fè. Ou ka petèt anvizaje fè retire li.

Gade tou Pèse kò

Te (*Gade* Pawòl Sajès)

Temwayaj

Yon temwayaj se yon atestasyon esprityèl ki bay pa Sentespri a. Fondasyon yon temwayaj se konesans ke Papa nou ki nan Syèl la vivan epi li renmen nou; ke Jezikri vivan, ke Li se Pitit Gason Bondye, epi li te akonpli Ekspyasyon enfini a; ke Joseph Smith se pwofèt Bondye ki te aple pou retabli levanjil la; ke nou dirije pa yon pwofèt vivan jodi a; epi ke Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo se vrè legliz Sovè a sou tè a. Avèk fondasyon sa a, yon temwayaj grandi jiskaske l vin enkli tout prensip levanjil yo.

Akeri yon temwayaj epi fòtifye li

Antanke manm Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, ou gen opòtinite ak responsablite sakre pou akéri pwòp temwayaj ou. Lè ou fin jwenn yon temwayaj, ou gen yon devwa pou nourri li pandan tout lavi ou. Bonè ou nan lavi sa a epi pan-

dan tout letènite depann grandman sou jan ou “vanyan nan temwayaj ou konsènan Jezi” (D&A 76:79; gade tou vèsè 51, 74, 101). Pandan w ap travay pou atenn objektif sa a, sonje prensip sa yo:

Rechèch yon temwayaj kòmanse avèk yon dezi ki jis epi sensè. Papa nou ki nan Syèl la ap beni ou selon dezi kè ou ak efò ou pou fè volonte li. Pandan l t ap pale avèk yon gwoup moun ki pa t ko gen temwayaj konsènan levanjil la, Alma te anseye: “Si ou reveye ou epi si ou aktive kapasite ou yo, menm pou ou teste pawòl mwen yo, epi si ou egzèse yon ti kras fwa, wi, menm si ou sèlman vle kwè, kite santiman sa travay nan ou, jistan ou vin kwè nan yon fason ou kapab fè plas pou yon pòsyon nan pawòl mwen yo” (Alma 32:27).

Temwayaj vini atravè enfliyans pezib Sentespri a. Rezilta yon temwayaj ka mirakile epi chanje lavi, men don abityèlman vini tankou yon asirans pezib, san manifestasyon espektakilè sou pouvwa Bondye. Menm Alma, ki te vizite pa yon zanj epi ki te wè Bondye chita sou twòn ni, te oblije jene epi priye pou l te ka resevwa yon temwayaj atravè pouvwa Sentespri a (gade Alma 5:45–46; 36:8, 22).

Temwayaj ou ap grandi gradyèlman atravè eksperyans ou. Okenn moun pa resevwa yon temwayaj konplè yon sèl kou. Temwayaj ou ap grandi vin pi solid atravè eksperyans ou. L ap etann amezi ou montre dispozisyon pou sèvi nan legliz la, kèlkeswa kote yo aple ou. L ap grandi amezi w ap pran desizyon pou respekte kòmandman yo. Pandan w ap elve epi fòtifeye lòt moun, w ap vin wè ke temwayaj ou ap kontinye devlope. Lè ou priye epi jene, etidye ekriti yo, ale nan reyinyon legliz yo, epi tande lòt moun k ap pataje temwayaj yo, w ap jwenn benediksyon gen moman enspirasyon ki ap ranfòse temwayaj ou. Kalite moman sa yo ap vini pandan tout lavi ou amezi w ap efòse ou pou viv levanjil la.

Temwayaj ou ap grandi amezi w ap pataje li. Pa tann pou temwayaj ou devlope konplètman pou w pataje li. Yon pati nan devlopman yon temwayaj se pataje li. Anfèt, w ap vin wè ke lè

ou bay sa ou genyen kòm temwayaj, l ap retounen vin jwenn ou—avèk ogmantasyon

Rann temwayaj

Nan reyinyon jèn ak temwayaj ou ak nan konvèsasyon ou genyen avèk manm fanmi ou ak zanmi ou, ou gen dwa santi ou pouse pou pataje temwayaj ou. Nan moman sa yo, sonje ke ou pa dwe pataje yon diskou long pou enpresyone moun. Temwayaj ou ap pi puisan si ou eksprime li kòm yon konviksyon brèf, ki soti nan kè ou, konsènan Sovè a, ansèyman l yo, ak Retablisman an. Priye pou w jwenn gidans, epi Lespri a ap ede ou konnen kijan pou eksprime santiman ki nan kè w yo. W ap jwenn gwo lajwa pandan w ap ede lòt moun pran pa nan esperans ak asirans Senyè a ba ou.

Referans adisyonèl: Jan 7:17; 1 Korentyen 2:9–14; Jak 1:5–6; Mowoni 10:3–5; D&A 6:22–23; 62:3; 88:81

Gade tou Ekspyasyon Jezikri a; Jèn ak Ofrann Jèn; Bondye Papa a; Sentespri; Priyè; Revelasyon; Don espiyite

Travay misyonè

Lè nou fè eksperyans benediksyon viv levanjil la, nou natirèlman anvi pataje benediksyon sa yo avèk lòt moun. Senyè a pale de lajwa ki vini nan lavi nou lè nou pataje levanjil li a:

“Epi si ou travay tout lavi ou pou w kriye repantans bay pèp sa a epi ou mennen menm sèlman yon nanm ban mwen, ala gran jwa ou ap gran avèk li nan wayòm Papa a!

“Epi si jwa ou ap gran avèk sèl nanm sa a ou pote ban mwen an nan wayòm Papa m nan, ala l ap pi gran si ou mennen anpil ban mwen!” (D&A 18:15–16)

Devwa misyonè chak manm

Senyè a deklare ke travay misyonè se responsablite tout Sen Dènye Jou (gade D&A 88:81). Antanke manm legliz

Senyè a, pa bonte lavi ou ak fòs temwayaj ou, ede prepare manm fanmi ou, zanmi, ak lòt relasyon ou pou yo rankontre misyonè aplentan yo.

Mesaj misyonè ki pi puisan ou ka bay se pwòp egzanp lavi pa ou nan viv yon lavi Sen Dènye Jou. Sonje ke moun pa antre legliz la sèlman pou prensip levanjil yo aprann yo. Yo antre paske yo santi yon bagay ki kòmanse satisfè bezwen esprityèl yo. Si ou sensè nan amitye ou avèk yo, y ap kapab santi lespri temwayaj ou ak bonè ou.

Anplis tabli yon bon egzanp, ou ka “toujou pare pou bay yon repons pou tout moun ki mande ou rezon lesperans ki nan ou a” (1 Pyè) Ou ka priye pou jwenn opòtinite pou pale avèk lòt moun osijè levanjil retabli a. Apre sa ou ka vijilan, paske anpil moun ap chèche laverite.

Sèvi misyon aplentan

Apre Rezirèksyon li, Senyè a te kòmande disip li yo pou yo “ale, . . . epi ansye tout nasyon, batize yon an non Papa a, ak Pitit Gason an, ak Sentespri a” (Matye 28:19). Nan akonplisman kòmandman sa a, Jènan kapab nan legliz yo gen yon devwa pou yo prepare yo esprityèlman, fizikman, epi psiko-lijikman pou yo sèvi kòm misyonè aplentan. Fi selibatè ak koup aje yo gen opòtinite pou yo sèvi misyon aplentan tou. Si ou anvi sèvi yon misyon aplentan, pale avèk evèk ou oubyen prezidan branch ou.

Pran swen nouvo manm yo nan legliz la

Travay misyonè gen ladan ede epi soutni moun ki antre nan legliz yo. Pandan w ap reflechi sou responsablite sa a, sonje ke nouvo manm yo konn rankontre eprèw lè yo antre nan legliz la. Nouvo angajman yo souvan mande ke yo abandone ansyen abitud yo epi kite ansyen zanmi. Anplis, legliz la prezante yon nouvo fason lavi ki ka parèt diferan epi ki mande anpil.

Chak nouvo manm legliz la bezwen twa bagay: yon zanmi, yon responsablite, epi nourri avèk “bon pawòl Bondye a”

(Mowoni 6:4). Ou ka patisipe nan pote èd sa a. Ou ka toujou yon zanmi. Menm si ou pa detni pozisyon pou ou bay apèl ou-byen responsablite ofisyèl nan legliz la, ou ka travay bò kote manm yo pou rann sèvis. Epi ou ka chèche okazyon pou pataje pawòl Bondye a avèk nouvo manm yo.

Referans adisyonèl: Mak 16:15; Alma 26:1–16; D&A 4; 60:2; 84:88; 123:12

Vizit ansèyman (*Gade* Sosyete Sekou)

Wayòm glwa yo

Gras avèk Ekspyasyon Jezikri a, tout moun ap resisite (*gade* Alma 11:42–45). Apre nou fin resisite, n ap konparèt devan Senyè a pou nou jije (*Gade* Revelasyon 20:12; 3 Nefi 27:14). Nou chak aprale nan yon kote pou nou rete etènèlman nan yon wayòm glwa espesifik. Senyè a te anseye prensip sa a lè l te di, “Gen plizyè lojman nan kay papa m nan” (Jan 14:2).

Gen twa wayòm glwa: wayòm selès la, wayòm terès la, ak wayòm telès la. Glwa w ap eritye a depann sou pwofondè konvèsyon ou, eksprime pa obeyisans ou anvè kòmandman Senyè a yo. L ap depann sou fason ou “te resevwa temwayaj Jezi a” (D&A 76:51; *gade* vèsè 74, 79, 101 tou).

Wayòm selès

Wayòm selès la se wayòm ki pi wo nan twa wayòm glwa yo. Moun ki nan wayòm sa yo ap abite pou tout tan nen prezans Bondye Papa a ansanm avk Pitit Gason l lan Jezikri. Sa dwe bi pa ou: eritye glwa selès la epi ede lòt moun resevwa gwo benediksyon sa a tou. Kalite bi sa a pa atenn yon sèl kou; li se rezilta tout yon lavi nan ladwati ak yon detèminasyon fèm.

Wayòm selès la se kote ki prepare pou moun ki gen “temwayaj konsènan Jezi” epi ki “reve nan pèfeksyon yo atravè Jezi, Medyatè nouvèl alyans lan, ki te akonpli Ekspyasyon pafèt sa a pa san li li te vèsè” (D&A 76:51, 69). Pou eritye kado sa a, nou dwe resevwa òdonans Sali yo,

kenbe kòmandman yo, epi repanti pou peche nou. Pou yon eksplikasyon pi detaye sou moun ki ap eritye glwa selès la, gade Doktrin ak Alyans 76:50–70, 92–96).

An Janvyè 1836 Pwofèt Joseph Smith te resevwa yon revelasyon ki te elaji konpreyansyon li sou kondisyon pou eritye glwa selès la. Syèl yo te louvri pou li, epi li te wè wayòm selès la. Li te etone lè li te wè gran frè li, Alvin te la, malgre ke Alvin te mouri anvan li te resevwa òdonans batèm nan. (Gade D&A 137:1–6). Apre sa Pwofèt Joseph te tandè vwa Senyè a:

“Tout moun ki mouri san yo pa konnen levanjil la, ki t ap resevwa li si yo te pèmèt yo rete, y ap eritye wayòm selès Bondye a;

Epi, tout moun ki mouri kounyeya san yo pa konnen li, ki t ap resevwa li avèk tout kè yo, yo ap eritye wayòm sa a;

Paske mwen menm, Senyè a, m ap jije tout moun selon zèv yo, selon dezi kè yo” (D&A 137:7–9).

Pwofèt Joseph Smith, ki t ap kòmanse sou revelasyon sa a, te di, “Mwen te wè tou ke tout timoun ki mouri anvan yo rive nan laj responsablite yo sove nan wayòm selès Bondye a” (D&A 137:10).

Nan yon lòt revelasyon yo te bay Pwofèt Joseph, nou aprann ke gen twa degre andedan wayòm selès la. Pou yon moun egzalte nan degre ki pi wo a epi kontinye etènèlman nan relasyon famiyal, nou dwe antre nan “nouvèl alyans etènèl maryaj la” epi rete vrè anvè alyans sa a. Nan lòt mo, maryaj tanp se yon kondisyon pou jwenn degre ki pi wo nan wayòm selès la. Gade (D&A 131:1–4). Tout moun ki diy pou antre nan nouvèl alyans etènèl maryaj la ap gen opòtinite sa a, keseswa nan lavi sa a oubyen nan lavi apre a.

Wayòm terès

Moun ki eritye glwa terès yo ap “resevwa prezans Pitit Gason an, men non pa plenitid Papa a. Se poutèt sa, yo se kò terès, e non pa kò selès, epi yo diferan nan glwa menmjan lalin nan diferan avèk solèy la.” (D&A 76:77–78). Jeneralman,

moun nan wayòm terès yo se ap moun onorab “ki avegle pa riz lèzòm). Gwoup sa a ap gen ladan manm legliz ki” pa vanyan nan temwayaj yo konsènan Jezi” (D&A 76:79). L ap gen ladan moun ki te rejte opòtinite pou yo te resevwa levanjil la nan mòtalite a men ki nan apre te resevwa li nan mond lespri posmòtèl la (gade D&A 76:73–74). Pou aprann plis sou moun ki ap eritye glwa terès yo, gade Doktrin ak Alyans 76:71–80, 91, 97.

Wayòm telès la

Glwa telès la ap rezève pou moun ki “pa t resevwa levanjil Kris la, ni temwayaj konsènan Jezi” (D&A 76:82). Moun sa yo ap resevwa glwa apre yo fin rachte soti nan prizon lespri a, ke yo rele pafwa lanfè (gade D&A 76:84, 106). Gen yon eksplikasyon detaye sou moun ki ap eritye glwa telès la nan Doktrin ak Alyans 76:81–90, 98–106, 109–112.

Pèdisyon

Gen kèk moun ki pa diy pou demere nan yonn nan wayòm glwa yo. Yo ap rele yo “pitiit pèdisyon” epi yo ap oblije “abite nan yon wayòm ki se pa yon wayòm gwla” (D&A 76:32; 88:24). Se ap eta “moun ki konnen puisans [Bondye], epi ki te jwenn okazyon pou yo pran pa ladan, ki kite yo venk pa puisans dyab la epi ki renye laverite epi defye puisans [Bondye]” (D&A 76:31; gade vèsè 30, 32–49 tou).

Referans adisyonèl: 1 Korentyen 15:40–42, nòt anba paj 40a *enkli*; D&A 8:20–39; 130:18–19

Gade Ekspyasyon Jezikri; Lavi etènèl; Syèl; Lanfè; Plan Sali

Wayòm selès (*Gade Wayòm Glwa yo*)

Wayòm Terès (*Gade Wayòm Glwa yo*)

Sware Familyal

Fwaye a se kote ki pi enpòtan pou aprann levanjil la. Pa gen okenn lòt òganizasyon ki ka pran plas fanmi an. Pwofèt dènye jou yo toujou ap egzòte paran yo pou yo elve pitit yo avèk lanmou epi pou anseye yo levanjil la.

Nan lane 1915 Joseph F. Smith ak konseye l yo nan Premye Prezidans lan te kòmanse yon travay atravè tout legliz la pou fòtifye fanmi yo. Yo te mande paran yo nan legliz la pou yo te rasanble pitit yo yon fwa pa semèn pou “Sware Familyal”. Yo te di fanmi yo pou yo te pran tan pou priye epi chante ansanm, li ekriti yo, yonn anseye lòt levanjil la, epi patisipe nan lòt aktivite pou bati inite familyal la.

An 1970 Prezidan Joseph Fielding Smith te mete ansanm avèk konseye l yo nan Premye Prezidans lan pou te deziyen jou Lendi swa pou sware familyal. Depi anons sa a, legliz la toujou kite jou Lendi swa lib san aktivite pou fanmi yo ka reyini lakay yo.

Pwofèt dènye jou yo toujou kontinye ap egzòte manm legliz yo pou yo bay sware familyal priyorite absoli. Yo pwomèt ke si nou swiv pwogram sa a, l ap ede pwoteje fanmi nou kont mal epòk nou yo epi ap pote gwo lajwa abondan pou nou kounyeya epi pandan tout letènite.

Tout manm legliz dwe fè Lendi swa yon moman sakre pou yo, ki rezève pou sware familyal. Si ou marye, fè sware familyal chak semèn avèk konjwen ou. Si ou gen pitit, fè yo vini nan sware familyal la. Adapte pwogram nan avèk bezwen yo ak enterè yo, epi fè yo patisipe. Lè timoun yo fin grandi epi ale lakay pa yo, kontinye fè sware familyal avèk konjwen ou.

Si ou selibatè, panse mande evèk ou oswa prezidan branch ou pou òganize yon gwoup pou sware familyal pou ou menm avèk lòt manm selibatè ki nan pawas ou oswa branch ou yo. Li ka aple yon dirijan sware familyal, ki ap responsab pou òganize pwogram nan epi veye pou sware familyal fèt regilyèman.

Men yon pwogram yo sigjere pou sware familyal:

- Chan ouvèti
- Priyè ouvèti
- Li ekriti
- Leson
- Aktivite
- Chan pou fini
- Priyè pou fini
- Rafrechisman

Lè w ap prepare leson pou sware familyal, sonje pou ba-ze yo sou ekriti yo, sou ansèyman pwofèt dènnye jou yo, ak sou eksperyans ak temwayaj pèsònèl ou. Liv sa a ka ede ou chwazi sijè pou w anseye yo. Anplis, ou ka jwenn referans nan lòt piblikasyon legliz la tou, tankou *Manuel pour la soirée familiale* (liv nimewo), *Prensip Levanjil yo* (31110), *Family Guidebook* (31180), ak magazine legliz yo.

Gade fanmi tou

*Aprann nan men mwen,
epi koute pawòl mwen yo;
mache nan imilite Lespri mwen,
epi w ap gen lapè
nan mwen.*

Doktrin ak Alyans 19:23

LEGLIZ
JEZIKRI
POU SEN
DÈNYE JOU YO

HAITIAN

